



Supados Panjenengan Sami Tresna-tinresnanana

Yohanes 13:34

WULAN BRAYAT 2024

LEMBAGA PEMBINAAN DAN PENGADERAN

SINODE GEREJA-GEREJA KRISTEN JAWA DAN GEREJA KRISTEN INDONESIA SINODE WILAYAH JAWA TENGAH

Samironobaru 77 kompleks LPPS

Yogyakarta 55281

Wulan Brayat 2024:

“Supados Panjenengan Sami Tresna-tinresnanana”

Hak Cipta © 2024, LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng

Kawedalaken déning:

LPP SINODE GKJ & GKI SW JATENG

Komplek LPPS, Jl. Samirono Baru No. 77, Samirono, Caturtunggal,
Kec. Depok, Kabupaten Sleman, Daerah Istimewa Yogyakarta 55281

Telp.: (0274) 514721; Hp/WA: 089652520386

E-mail: sekretariatlppsinode@gmail.com; info@lpps.or.id,

Website: lpps.or.id

Kanggé nggantos cap-capan (dèrèng kalebet ongkos ngintun) saben buku Rp.
--

Atur Cecala

Wilujeng pepanggihan malih para mitranipun LPP Sinode,

Puji sokur konjuk ing ngarsanipun Gusti Allah, Lembaga Pembinaan dan Pengaderan Sinode GKJ dan GKI SW Jateng (LPP Sinode) sampun ngedalaken bahan Wulan Brayat 2024. Ing taun menika jejer ingkang dipun-gilut inggih menika: “Supados Panjenengan Sami Tresna-tinresnanana”. Jejer menika kadhasaraken wonten ing kanyatan wekdal samangké ingkang kasunaran déning sabdanipun Gusti Allah. Kanyatan samangké nedahaken bilih brayat-brayat Kristen tinimbalan mujudaken brayat *inklusi* (brayat ingkang ngrengkuh dhateng sadaya warganing brayat ingkang mawarni-warni kawontenanipun), mirungganipun gegayutan kaliyan *penyandang disabilitas* (tiyang ingkang nandhang kawontenan winates). Injil Yohanes 13:34 dados pepadhang tumrap kita kanggé mujudaken brayat *inklusi*. Sinaosa waosan saking Yohanes 13:34 mboten kadadosaken waosan mirunggan wonten ing pangibadah Minggu, Panyuraos Kitab Suci menapadéné Pakempalan Pandonga, mugi-mugi sabda menika dados sumbering tumindak nyantosakaken minangka brayat *inklusi*. Kanggé manggihaken andharan saking waosan menika saha gayutanipun kaliyan jejer, para mitranipun LPP Sinode saged maos ing *Bahan Dasar Bulan Keluarga 2024* ingkang kawrat ing Buku Bulan Keluarga 2024 basa Indonesia.

Sadèrèngipun LPP Sinode nginggahaken jejer menika dados bahan Wulan Brayat, Yayasan Kristen Untuk Kesehatan Umum (YAKKUM) ingkang nyambutdamel sesarengan kaliyan LPP Sinode sampun ngawontenaken gladhèn kanggé para tiyang ingkang nyawisaken pasamuwan dados Gréja *Inklusi*. Gladhèn menika dipun-wontenaken ing Salatiga, Ngayogyakarta, saha Métro-Lampung. Ingkang sami ndhèrèk gladhèn inggih menika utusan saking gréja-gréja ingkang wonten ing sakiwa-tengenipun Rumah Sakit YAKKUM. Amargi

Wulan Brayat 2024
Supados Panjenengan Sami Tresna-tinresnanana

menapa kémawon ingkang karembag wonten ing gladhèn menika wigatos, mila LPP Sinode ngrowakaken menapa kémawon ingkang karembag menika dados bahan Wulan Brayat.

Kula ngrumaosi bilih jejer bahan Wulan Brayat taun menika bènten kaliyan taun-taun sadèrèngipun. Awit saking menika, bahan menika prelu dipun sinau sacara bebles. Kula ngaturi pamrayogi supados panitya ingkang kajibah mratikelaken lampahing wulan brayat nyangkutaken marupirupi kalangan ingkang kagungan kapredulèn kanggé mujudaken brayat *inklusi*, kadosta tiyang ingkang mèmèng ing babagan *Hak Asasi Manusia*, psikolog (ahli ngelmu kajiwan), jururawat, dhokter, brayat tuwin tiyang ingkang mèmèng ngladosi *penyandang disabilitas*, saha *penyandang disabilitas* ing pasamuwan (gréja) menapadéné ing masarakat.

Bahan menika saged kaladosaken awit saking pambiyantunipun para mitranipun LPP Sinode ingkang sampun paring pasumbang saking pangangen-angen wiwitan bahan ngantos cumawisipun bahan menika. Kula ngaturaken panuwun dhumateng:

1. Pdt. Sih El Mirmaningrum – PWG GKJ
2. Pdt. Yudi Rumpoko - DPG GKI SW Jateng
3. Pdt. Tabita Kartika Christiani – PTKSW GKI SW Jateng
4. Pdt. Helen Aramada – GKI Peterongan Semarang
5. Pdt. Waskito/Ibu Fera – GKI Nusukan Solo
6. Pdt. Yahya Tirta Prewita – GKJ Purwantoro
7. Pdt. Oktavianus Heri P – GKJ Bekasi
8. Pdt. Danny Purnama – GKI Gading Serpong
9. Pdt. Andri Purnawan – GKI Darmo Satelit Surabaya
10. Pdt. Rudi Aryanto - GKJ Pasar Minggu
11. Ibu Arshinta - YAKKUM - Warga GKJ Ambarukmo
12. Sdri. Anggiasari – GKJ Sawokembar
13. Ibu Evalina Chrisna Damanik – GKJ Eben Haezer

Atur panuwun ugi kaunjukaken dhateng para juru pertal, inggih menika: Bp. Pdt. Em. Yusak Tri Darmanto (Fakultas Teologi UKDW), Bp. Pdt. Em. Tanto Kristiyono (GKJ

Wulan Brayat 2024
Supados Panjenengan Sami Tresna-tinresnanana

Margoyudan Sala), Bp. Pdt. Uri Christian Sakti Labeti (GKJ Danukusuman), Bp. Pdt. Indar Prasetyotomo (GKJ Wonosari Klaten), Bp. Pdt. Hery Windarto (GKJ Gantiwarno), Bp. Pdt. Mardita G. Kusuma (GKJ Ngempon), Ibu Pdt. Em. Widdwissoeli M. Saleh (LPP Sinode), Bp. Pdt. Em. Darsono Eko Noegroho (LPP Sinode).

Ngèneti saben gréja/pasamuwan kagungan kawontenan mligi piyambak-piyambak, kula nyumanggakaken saben gréja/pasamuwan ingkang ngginakaken bahan menika, ngginakaken bahan kanthi kaolah langkung rumiyin. Marupirupi daya tuwin daya cipta saged katindakaken supados bahan menika dados sarana ingkang nuwuhaken panggegilut tuwin patrap mujudaken brayat *inklusi*.

Saking kompleks Samironobaru nomor 77 Yogyakarta, kula ngaturaken panuwun dhumateng para mitra awit saking marupirupi panyengkuyung, pasumbang kanggé bebadan menika. Lumantar saben pandonga, panyengkuyung redana, daya, saha marupirupi pasumbang saking para mitra, bebadan menika kasagedaken nindakaken pigunanipun. Kanthi kairing pandonga saking kawula sadaya ing LPP Sinode, kawula ngajeng-ajeng lampahing Wulan Brayat 2024 saged kelampahan kanthi saé. Gusti mberkahi kita sadaya.

Kompleks LPP Sinode, Ngayogyakarta Juli 2024
Salam Kula,
Pdt. Wisnu Sapto Nugroho



Wulan Brayat 2024
Supados Panjenengan Sami Tresna-tinresnanana

Isinipun Buku

ATUR CECALA	i
ISINIPUN BUKU	v

BAHAN KOTBAH

Kotbah Minggu Kapisan	1
Kotbah Minggu Kaping Kalih	5
Kotbah Minggu Kaping Tiga	13
Kotbah Minggu Kaping Sekawan.....	21

BAHAN TATA PANGIBADAH

Tata Pangibadah Minggu Kapisan.....	27
Tata Pangibadah Minggu Kaping Kalih.....	39
Tata Pangibadah Kaping Tiga.....	49
Tata Pangibadah Kaping Sekawan	59

BAHAN PANYURAOS KITAB SUCI

Bahan Panyuraos Kitab Suci Kaping-1	69
Bahan Panyuraos Kitab Suci Kaping-2	77
Bahan Panyuraos Kitab Suci Kaping-3.....	83
Bahan Panyuraos Kitab Suci Kaping-4.....	91

BAHAN PAKEMPALAN PANDONGA

Bahan Pakempalan Pandonga Kaping-1.....	99
Bahan Pakempalan Pandonga Kaping-2	105
Bahan Pakempalan Pandonga Kaping-3	111
Bahan Pakempalan Pandonga Kaping-4	117
Bahan Pakempalan Pandonga Kaping-5	123
Bahan Pakempalan Pandonga Kaping-6	127

Wulan Brayat 2024
Supados Panjenengan Sami Tresna-tinresnanana

“BAHAN KOTBAH”

**Bahan ingkang kaladosaken ing buku menika
saged kaolah kajumbuhaken kaliyan kawontenan
saha kabetahanipun gréja utawi pasamuwan
sapanggénan.**

Kotbah Minggu Kapisan

Brayat Tinimbangan nDhèrèk Nélakaken Pakaryanipun Gusti Allah

Waosan: Yohanes 9:1-11

Minggu, 6 Oktober 2024

KOTBAH JANGKEP

“Brayat Tinimbangan nDhèrèk Nélakaken Pakaryanipun Gusti Allah”

Saben dinten Minggu kapisan wulan Oktober, kita mèngeti Dinten Bujana Suci Sajagat (*Hari Perjamuan Kudus Sedunia*), saha kanggé pasamuwan ing laladan Sinode GKI dalah GKI, pisan damel minangka pambuka saking Mangsa Panggegilut Gesang Bebrayatan (*Masa Penghayatan Hidup Berkeluarga*), utawi Wulan Brayat (*Bulan Keluarga*) ingkang katindakaken ing wulan Oktober saben taun. Wonten ing paladosan bujana suci, pasamuwan ngrumaosi bilih wonten sapérangan warga ingkang mbetahaken paladosan mirunggan dhateng griya-griyanipun warga pasamuwan ingkang gerah, utawi ingkang kawontenanipun winates. Paladosan mirunggan menika katindakaken kanthi kainsapan, bilih gréja/pasamuwan minangka Brayatipun Gusti Allah, tinimbangan kanggé mujudaken patunggilan sesarengan ingkang sami nresnani lan ngladosi.

Kanyatan wonten ing gesang sesarengan ngadhepaken kita kaliyan sadhèrèk-sadhèrèk ingkang nggadha kabetahan mligi karana kawontenanipun. Waosan Injil Yohanes 9 ngajak kita nyetitèkaken kadospundi sikep ngadili saha pangertosan ingkang katampi sacara limrah lumantar pitakènanipun para

sakabat, nalika sumerep tiyang wuta wiwit lair mila lungguh ngemis, **"Rabbi, sinten ingkang damel dosa, tiyang punika piyambak punapa tiyang-sepuhipun, déné ngantos lairipun wuta makaten?" (ayat 2).** Para sakabat nggegesang pangertosan bilih kawontenan wuta menika paukuman tumrap dosa. Ananging wangsulaniipun Gusti Yésus nyuwak pangertosan bilih tiyang ingkang wuta wiwit lair mila menika amargi dosanipun, utawi dosanipun tiyang sepuhipun. **Paring wangsulaniipun Gusti Yésus: "Dudu wong iki, lan iya dudu wong-tuwané, nanging iku supaya pakaryan-pakaryané Allah kababara ana ing wong iku."** Gusti Yésus milih mangsuli pitakènan menika kanthi ngrawuhi sacara pribadi, saha ndamel tiyang wuta wau saged ningali. Pakaryanipun Allah ingkang kedah kababar wonten ing tiyang wuta wiwit lair mila menika, inggih menika sih-rahmat ingkang nyarasaken, mulihaken, saha milujengaken.

Pangertosan bilih sesakit, kawontenan cacad, utawi karingkihan menika paukuman tumrap dosa njalari patrap ngèndelaken menggahing sesami ingkang dados *penyandang disabilitas* (ingkang nandhang kawontenan winates). Gusti Yésus nglawan pangertosan téologi ingkang nganggep sesakit tuwin karingkihaning sesami kita ingkang nandhang kawontenan winates menika kawusananipun dosa. Gréja tinimbangan kanggé ndhèrèk ngayahi pakaryan-pakaryanipun Gusti Allah ing dhirinipun tiyang wuta, budheg, bisu, lumpuh, ugi dhateng sesami ingkang sacara kapinteran (*intelektual*) saha kawontenaning jiwa (*mental*) nggadhahi kabetahan mligi, kadosdéne paladosan dhumateng para tiyang sepuh ingkang amargi yuswanipun sepuh, saya kirang kasagedaning badan/jasmani, kapinteran, kawontenaning jiwa menapadéné pancadriyanipun.

Nggantos tetembungan *penyandang cacat* - ingkang nandhang cacad – (UU no.4 tahun 1997: *Penyandang Cacat*), Negari kita ngedalaken UU no. 8 tahun 2016: *PENYANDANG DISABILITAS* (ingkang nandhang kawontenan winates). Sampun dipun-rumaosi bilih sadhèrèk-sadhèrèk kita ingkang nandhang kawontenan winates (*penyandang disabilitas*)

menika gesang ing salebeding kawontenan ringkih, taksih ngadhepi tumindak dipunwatesi, pepalang, kangèlan, tumindak ngirangi hak malah ngicali hakipun amargi kawontenanipun. Tiyang wuta wiwit lair mila dipunadili kanthi kaanggep bilih menika kawusananing dosa. Mangka tiyang wuta temtu gadhah kaunggulan ing driya sanèsipun salebetipun mirengaken, ngincipi, nggrayang, utawi ngganda. Kanthi panggulawenthah ingkang saé tiyang-tiyang wuta tetep saged mandhiri saha mboten prelu dipun-asoraken karana dados pepriman. Dosa ingkang wonten tumrapping tiyang wuta menika dosa tumindak ngèndelaken, malah ngadili bilih anggènipun wuta menika wujuding paukuman. Nasibipun tiyang wuta wiwit lair mila temtu badhé bènten, menawi tiyang sepuh dalah brayatipun kacekapan saha saged nggulawenthah tiyang wuta wau saged nyambut damel saha gesang mandhiri, mboten malah ndadosaken anggènipun wuta dados dhedhasar kanggé pepriman saha njejaluk.

Ing Wulan Brayat 2024 menika, Gréja/Pasamuwan kasuwun kanggé langkung nggatosaken paladosan dhateng para *penyandang disabilitas* (tiyang ingkang nandhang kawontenan winates). Nglawan patrap ngèndelaken amargi pangertosan ingkang klèntu tumrapping tiyang-tiyang ingkang nandhang kawontenan winates menika. mBoten namung dados gineman, menapamalih namung dados bebantahan kémawon, ananging kita dipunsuwun supados sesarengan:

1. mBucal pangertosan ingkang ngadili, bilih kawontenan ingkang winates menika amargi paukumaning dosa, ingkang dipuntindakaken tiyang ingkang nandhang kawontenan winates menapadéné tiyang sepuhipun.
2. Marsudi kadospundi pakaryan-pakaryanipun Gusti Allah saged kawedharaken wonten ing saben kawontenan, langkung-langkung adhep-adhepan kaliyan sesakit tuwin karingkahan.
3. nDadosaken tumindak katresnan tuwin paladosan ingkang nyata nglawan patrap ngèndelaken menapadéné pirembagan ingkang ngrembaka ananging tanpa émpati

Wulan Brayat 2024
Supados Panjenengan Sami Tresna-tinresnanana

(pangraos ingkang ndarbèni) saha anggènipun méhak dhateng tiyang ingkang nandhang kawontenan winates.

Wilujeng lumebet ing Mangsa Panggegilot Gesang Bebrayatan wulan Oktober 2024 menika, sesarengan kaliyan sawetahing pasamuwan ing Sinode GKJ tuwin GKI, sacara mirungan kita kasuwun nyatitèkaken paladosan kanggé sadhèrèk-sadhèrèk ingkang nandhang kawontenan winates (*penyandang disabilitas*). Sadhèrèk-sadhèrèk ingkang nandhang kawontenan winates wonten ing tengah-tengah kita, saha sesarengan sadhèrèk-sadhèrèk menika kita tinimbangan kanggé ndhèrèk ngayahi pakaryan-pakaryanipun Gusti Allah, nresnani, dalah ngladosi, kawiwitan saking brayat kita.

Amin.

[YTP-DEN]



Kotbah Minggu Kaping Kalih

Perang ing Satengahing Momotan lan Kasedhihaning Gesang

Waosan: Jabur 42

Minggu, 13 Oktober 2024

KOTBAH JANGKEP

“Perang ing Satengahing Momotan lan Kasedhihaning Gesang”

Pasamuwan, sumangga kita raos-raosaken kalih kawontenan menika:

- (1) Panjenengan nembé sedhih lan ngraosaken bilih gesang panjenengan awrat sanget. Menika karana wontenipun prekawis-prekawis ingkang teras-terasan kemawon ngadhang ing sangajenging gesang panjenengan. Panjenengan rumaos bingung, malah wiwit semplah ngadhepi menika sedaya. Panjenengan sampun nyobi nglampahi perang ngadhepi prekawis menika, nanging tansah gagal lan gagal kémawon. Ing kawontenan kados mekaten, salah setunggaling kanca raket panjenengan niti pasuryan panjenengan ingkang mboten sumringah kados padatanipun. Kanca menika nyuwun pirsapunapa ingkang nembé kelampahan. Ing salajengipun panjenengan nyariosaken prekawis-prekawis ingkang nembé panjenengan adhepi. Dumadakan, kanca panjenengan paring tanggapan, “Kowé kurang precaya! Uripmu kudu tansah bungah lan aja lesu kaya mangkéné, awit kowé lhak duwé Gusti to?”

- (2) Ing kawontenan panjenengan kados mekaten, wonten kanca ingkang midhanget kanthi premati, lajeng ngendika, “Aku bisa ngerti kok kahananmu sing pancèn ora gampang kokadhepi. Apa sing bisa daktindakaké kanggo mèlu ngènthèngaké kahananmu?”

Saking kalih tanggapanipun kanca wau, kinten-kinten ingkang pundi ingkang saged damel leganing manah kita? Tanggapan sepisan punapa ingkang angka kalih? (Temtu kémawon tanggapan ingkang angka kalih ingkang langkung damel ayem. Tanggapanipun kinanthènan katresnan ingkang nyata, wonten *émpati* lan panyengkuyung. Kanca menika purun ndhèrèk nyobi mangertosi kahanan kita lan mboten njeksani kita).

Para sedhèrèk ingkang kinasih, mbok bilih ing antawising kita samangké ingkang sami mangibadah wekdal menika ugi wonten ingkang nembé sedhih, lan naté ngalami dipun jeksani déning sesami kados cariyos ingkang sepisanan wau. Nanging mbok bilih kita piyambak ugi malah naté ngancani kanca utawi sedhèrèk kanthi sikep ingkang nglepataken punapa déné njeksani kados ing cariyos sepisanan. Dinten menika, sinarengan kaliyan pèngetan Hari Keséhatan Méntal Sedunia ingkang dipun pèngeti saben tanggal 10 Oktober, kita badhé ngraos-ngraosaken timbalanipun Gusti dhateng kita sedaya minangka pasamuwanipun. Kita katimbalan nyarengi gesanging sesami kanthi katresnan ing saben momotan krana prekawis-prekawis ingkang nembé kasandhang.

Salah setunggaling kawontenan ingkang asring pinanggih ing wekdal-wekdal menika kados déné tiyang-tiyang ingkang ngalami *déprèsi* karana momotaning gesang ingkang awrat lan rumaos sampun mboten kiyat malih ngadhepi menika sedaya. Punapa panjenengan sami rumaos *risih* utawi kirang nyaman kaliyan tembung “*déprèsi*”? Karana sejatosipun mboten mangertos bab *déprèsi*, mila kathah tiyang ingkang nyepèlèkaken lajeng kanggé damel gegojègan. Kamangka *déprèsi* menika salah satunggaling kawontenan gangguan

keséhatanipun manungsa. Kados déné gangguan keséhatan fisik ingkang mboten pas menawi kanggé bahan gumujengan, mekatena ugi gangguan keséhatan méntal mboten pas menawi kadadosaken gumujengan. Menawi selami menika langkung biasa ngrembag bab keséhatan saking pérangan fisik kémawon, samangké kita prelu nyadhari bilih wonten pérangan méntal ugi ingkang mboten saged kapisahaken saking keséhatan fisik. *Deprèsi*, salah setunggalipun gangguan keséhatan méntal lan sejatosipun kathah ingkang ngalami, kalebet tiyang-tiyang ing Indonésia.

Ing Indonésia, data saking *World Population Réview* tahun 2019 mratélakaken wonten 3,4% kasus ngendhat (*bunuh diri*) saking antawisipun 100.000 tiyang ing Indonésia. Sangang yuta tiyang, utawi wetawis 3,7% saking penduduk Indonésia ngalami gangguan keséhatan méntal awujud *deprèsi*. 16 yuta tiyang utawi wetawis 6% ingkang umuripun 15 tahun minggah, ngetingalaken *gejala kecemasan* utawi *deprèsi*. Wetawis 400.000 tiyang, utawi wetawis 1,72% saking penduduk Indonésia gesangipun kinanthènan gangguan méntal ingkang langkung sèrius kados *psikosis*. Wetawis 19% remaja Indonésia naté gadhah niat kanggé ngendhat (*bunuh diri*), lan 45% ing antawisipun naté nyobi nyakiti dhirinipun piyambak. (*Perlu dados cathetan kita, bilih sedaya angka-angka menika nembé ingkang kacakup lan kadata. Kamangka taksih wonten kemungkinan, bilih gunggunging tiyang ingkang deprèsi ing Indonésia ingkang mboten cinathet langkung kathah. Sumber: Mental Health in Asia: The Numbers. Tautan: https://www.ourbetterworld.org/series/mental-health/support-toolkit/mental-health-asia-numbers?gad_source=1&gclid=CjwKCAjw8diwBhAbEiwA7i_sJcU9.*)

Dados, punapa to *deprèsi* menika? Miturut *Kamus Besar Bahasa Indonesia*, *deprèsi* adalah gangguan jiwa pada seseorang yang ditandai dengan perasaan yang merosot, seperti: muram, sedih, tertekan. Raos-pangraos kados mekaten menika lhak èstunipun caket to kaliyan kita? Tiyang-tiyang ingkang ngalami *deprèsi* padatan ngraosaken kasedhihan

ingkang sanget, gampil mangkel lan nesu-nesu piyambak, semplah, ngraosaken lesu sanget, mboten gadhah daya lan semangat kanggé tumindak punapa kémawon, rumaos mboten wonten ginanipun, mboten purun caket kaliyan tiyang-tiyang ingkang sewanipun caket, lan taksih kathah tandha-tandha sanèsipun. *Deprèsi* asring kawiwitan saking kedadosan-kedadosan ingkang karaosaken awrat lan kados-kados dangu sanget mboten saged kaudharan prekawisipun, temah dados momotan ing gesang. Kawontenan-kawontenan ingkang awrat menika kados déné awit tilar donyanipun sedhèrèk ingkang dipun tresnani, jugaring neningkahan, kécalan padamelan, utawi ugi prekawis-prekawis *psikologis* kados déné katandukan tumindak kasar, pangruda paripeksa, *pelècèhan* lan sanès-sanèsipun.

Deprèsi menika sanès dosa. Mekaten ugi gangguan keséhatan méntal sanèsipun, sanes dosa. Saèmper kados tiyang ingkang ngalami gangguan keséhatan fisik, tiyang-tiyang menika ugi mbetahaken kanca ingkang saged mangertosi lan paring panyengkuyung, sanès ingkang malah njeksani lan nglepataken. Kanthi mekaten nalika kita tinimbalan nyarengi gesangipun sedhèrèk-sedhèrèk ingkang nembé ngalami *deprèsi* utawi gangguan keséhatan méntal inggih prelu ngatos-atos. Kathah tiyang ingkang ngalami gangguan keséhatan méntal ingkang sangsaya rumaos awrat momotanipun nalika pinanggih kaliyan tiyang kristen ingkang maosaken ayat saking Kitab Suci, ngémutaken supados énggal mretobat karana gangguan keséhatan méntalipun menika kaanggep minangka dosa awit kirang pitados dhateng panguwaosipun Allah ingkang saged mulihaken lan tansah mberkahi. Pepènget lan pamrayogi ingkang kados mekaten, tumrapping tiyang ingkang nembé *deprèsi* malah kaanggep mboten badhé saged ndhatengaken berkah. Inggih ingkang dipun tindakaken Gusti tumrapping tiyang-tiyang ingkang sedhih lan kamomotan inggih menika nimbali lan ngrangkul tiyang-tiyang menika punapa wontenipun, supados sami saged ngraoaken katresnanipun Gusti, temah sami ngraosaken tinampi Gusti, lan menika damel kaayaman tuwin kalegan ingkang sanget.

Waosan Jabur 42 mratélakaken kanthi cetha satunggaling lelampahan gesangipun tiyang pitados ing salebeting ngadhepi awrating momotan gesangipun. Pancèn mboten dipun blakakaken, ingkang dados prekawising gesangipun menika punapa, nanging ingkang baken, prekawis menika nukulaken raos kamomotan, sedhih, lesu, ngolang-ngaling, rumaos dipun poyoki kanthi pitakènan saking tiyang-tiyang sanès: “Allahmu ana ing ngendi?” Kedadosan menika ugi nukulaken raos kangen sanget dhumateng Gusti Allah lan pakaryan pitulunganipun. Sanajan to Sang Juru Masmur ugi naté rumaos tinilar déning Gusti (*Saged kalajengaken kanthi ngaturaken bahan ingkang sinerat ing tabel saking perangan tafsiran Jabur 42*)

Kados déné Gusti Allah ingkang mboten ngawisi para kagunganipun sowan ing ngarsaNya kinanthènan momotan lan kasedhihanipun, Gusti Allah ugi nimbali kita sedaya mboten ngawisi lan mboten nyawang nistha tumrapping sesami ingkang nembé ngadhepi momotan lan kasedhihan ingkang sanget. Tiyang ingkang ngalami gangguan keséhatan méntal sayektosipun sanès tiyang ingkang imanipun langkung cethèk tinimbang ingkang mboten ngalami gangguan keséhatan méntal. Kados déné tiyang ingkang ngalami gangguan keséhatan fisik, tiyang ingkang ngalami gangguan keséhatan méntal prelu dipun tampèni, dipun rangkul, dipun ayomi, dipun kancani lan dipun tulungi – sampun malah dipun jeksani, dipun lepataken lan dipun tilar piyambakan. (*Saged kapratélakaken pérangan tafsir bab kangenipun Sang Juru Masmur dhumateng Gusti Allah ing salebeting pergumulanipun. Lan ugi bab anggènipun kanthi sengaja mboten namung ngener dhateng masalahipun, nanging malah langkung ngeneraken kawigatosanipun dhateng Allah lan pakaryan-pakaryanipun*). Wujud katresnaning Allah ingkang karsa nampi piyambakipun panci mboten kapratélakaken kanthi mirunggan ing waosan kita samangké. Namung, malah pangraos menika ingkang ngekahaken sang Juru Masmur ngwantunaken dhiri sowan ing ngarsanipun Gusti Allah, nggilut-nggilut lan ngantepi ing pitadosipun dhumateng Gusti.

Sang Juru Masmur ugi nyumèndhèkaken sisa-sisaning pangajeng-ajengipun namung dhumateng Gusti Allah.

Minangka panutup, kita saged sinau ugi dados kanca ingkang tansah purun nampèni sesami ingkang nembé ngadhepi momotan gesang ingkang awrat, utawi ingkang sampun ngarah dhateng gangguan keséhatan méntalipun. Ing satengahipun anggotaning brayat, tumindak kados mekaten menika saged kawujudaken kanthi konkrét, awit para anggotaning brayat menika minangka tiyang-tiyang ingkang paling caket lan raket. Sapérangan pepènget ingkang saged dipun tindakaken kados déné: sami déné ngémutaken ing satengahing kegiatan saben dintenipun prelu wonten keseimbangan lan wonten tatananipun temah wonten wekdal kanggé sami déné amping-ampingan. Prelu wontenipun wekdal kanggé kèndel, ngaso sareng-sareng saking karépotan sadèrèngipun sedaya rumaos sayah. Prelu ugi migatosaken kabetahaning raga ing bab tetedhan ingkang séhat lan bergizi kanthi masak sesarengan, olah raga sesarengan sarta nyisihaken wekdal kanggé *refreshing*. Kanthi wekdal-wekdal kados menika, saben anggotaning brayat mboten badhé rumaos kijènan, tansah wonten ingkang ngancani lan sumadya nampèni panguneg-uneging manah setunggal lan setunggalipun. Saged sami déné pirembagan kanthi saé tanpa wonten ingkang rumaos dipun jeksani. Saged ugi ndedonga lan ngraos-ngraosaken Sabdanipun Gusti kanthi sesarengan sabrayat. Menawi dipun perlokaken saged ugi ngajak lan ngancani ingkang nembé kamomotan ing prekawis ingkang awrat konsultasi dhateng ingkang kawawas langkung mangertos. (saged dhateng psikolog, utawi dokter, utawi pendhéta, utawi sanèsipun).

Saben manungsa menika katitahaken kanthi wetah. Gusti Allah karsa nampèni saben manungsa kanthi sawétahing kawontenan gesangipun. Gusti mboten badhé nganggep nistha tiyang-tiyang ingkang nembé perang ing satengahing momotan lan kasedhihaning gesangipun. Panjenenganipun karsa ngancani, kadya mitra ingkang tansah rawuh, mirengaken, ngantebaken lan paring semangat. Kados pundi tumrapping kita

Wulan Brayat 2024
Supados Panjenengan Sami Tresna-tinresnanana

para pendhèrèkipun? Punapa kita sumadya tansah ngancani
kadya mitra ingkang tulus nresnani anggotaning brayat kita,
utawi sinten kemawon ingkang nembé perang ngadhepi
momotan gesangipun ingkang awrat?

Amin.

[HAS-IP]



Wulan Brayat 2024
Supados Panjenengan Sami Tresna-tinresnanana

Kotbah Minggu Kaping Tiga

**Payo,
Kabèh Waé Padha Séba Ing Ngarsané**

Waosan: Lukas 14:12-14

Minggu, 20 Oktober 2024

KHOTBAH JANGKEP

“Payo, Kabèh Waé Padha Séba Ing Ngarsané”

Para sedhèrèk ingkang kinasih,

Kados pundi raosipun menawi kita dipun ulemi ndhatengi pista ambal warsa, ingkang tetéla winatesan mligi kanggé golongan sawatawis kémawon? Saged kémawon kita rumaos dipunurmati, lan kanthi makaten ugi rumaos prelu ngulemi sedhèrèk kalawau nalikanipun kita piyambak nggadhahi lan ngleksanani kajad ingkang sami ing tembé wingkingipun. Waosan kita ing wekdal punika, ugi nyariosaken kawontenan ingkang sami, nanging malah dipun agem déning Gusti dados dhadhakan memucal tiyang kathah wekdal samanten, ngéngingi tresna dhateng sesami, kalebet ugi tresna dhateng tiyang-tiyang ingkang ndarbèni winatesing kasagedaning badan (*penyandang disabilitas*).

Sampun samesthinipun, menawi ing salabeting peladosanipun pasamuwan, punapa déné ing gesanging bebrayatan, badhé tansah dipun panggihi wontenipun sawatawis tiyang ingkang ndarbèni kekirangan-kekirangan ing kasagedaning badan. Malah mboten mokal bilih ing salebeting pasamuwan punapadéné ing salebeting brayat, ugi pinanggih

sawatawis warga pasamuwan punapadéné brayat, ingkang ngalami kekirangan-kekirangan ing kasagedaning badan punika. Kawontenan gesang ingkang makaten punika, mesthi kémawon karaos mboten gampil. Kénging punapa? Mboten gampil, karana ing satengah-tengahing masarakat, sampun kelajeng tuwuh wontenipun panganggep ingkang kirang trep tumrap sedhèrèk-sedhèrèk kanthi kekirangan-kekirangan makaten punika. Kawontenan ingkang makaten punika saged dados pepalang ing salebeting panampi punapadéné pasrawungan kaliyan sedhèrèk-sedhèrèk kalawau. Panyuraos kitab Suci kita magepokan kaliyan sedhèrèk-sedhèrèk punika, ugi asring kirang mbingahaken lan saged dados pepalang kanggé pasamuwan punapa déné brayat ngadani pakempalan ingkang saged tinarbuka lan saged nampi kawontenanipun sedhèrèk-sedhèrèk punika kalawau tan prabéda kaliyan warga paguyuban sanèsipun.

Nyatanipun, ngantos samangké pasamuwan Kristen ugi ngraosaken éwuhaya ngadhepi sedhèrèk-sedhèrèk ingkang ndarbèni kekirangan-kekirangan ing kasagedaning badan. Saged ugi pasamuwan mboten nggadhahi raos kepéngin ngiwakaken sedhèrèk-sedhèrèk punika kalawau, nanging karana kirang utawi mboten mangertos kadospundi kedahipun nampèni sedhèrèk-sedhèrèk satrepipun, satemah sedhèrèk-sedhèrèk kalawau malah kirang kagatosaken, utawi kirang kaglapé. Punika sadaya katingal mliginipun ing kegiatan-kegiatan ingkang mbetahaken olah-kridhaning badan, ingkang umumipun kawawas mboten saged katindakaken déning sedhèrèk-sedhèrèk ingkang winates ing kasagedan badanipun kalawau. Ing babagan piwucalan katekisasi, saé katekisasi baptis laré punapadéné baptis diwasa lan sidhi, para pelados katekisasi asring manggihaken karibedan menawi kedah nerangaken pérangan-pérangan ingkang sesambédan kaliyan kekirangan ing kasagedanipun badan. Sikep éwuh-ayanipun pasamuwan dhateng peladosan ingkang makaten punika, saged anjalari tuwuhipun pangraos brayat, bilih pasamuwan kirang utawi mboten migatosaken kabetahanipun warga pasamuwan,

mliginipun ingkang ngalami kakirangan ing kasagedanipun badan.

Inggih prekawis ingkang makaten punika ingkang saèstunipun ngèngetaken kita sadaya bab prelunipun pasamuwan Kristen ndarbèni pamawas ingkang trep tumrap sedhèrèk-sedhèrèk ingkang ndarbèni kekirangan ing kasagedanipun badan. Lumantar uleman “payo kabèh waé padha marek”, Gusti Yésus ing salebeting waosan kita dinten samangké badhé memulang tiyang kathah bab sikep ingkang tinarbuka dhumateng sadaya tiyang, kalebet tiyang-tiyang ingkang sami ndarbèni kekirangan ing kasagedanipun badan.

Nalikanipun Gusti Yésus ngrawuhi ulemanipun pangarsaning tiyang Farisi ing salebeting bujana andrawina, Panjenenganipun maringaken sawatawis piwulangipun ngéngingi pranatan dinten Sabat, miturut Anggering-anggering Torèt, bab pepénginan dipun urmati lan ugi sikep ingkang tinarbuka dhateng sesami umumipun. Miturut Lukas, cariyos bab bujana andrawina nggadhahi makna ingkang prelu sanget tumrap peladosanipun Gusti Yésus, mliginipun minangka pirantos ngandharaken piwucalipun, upaminipun kanggé nggambaraken bab nresnani lan nampèni sesamining gesang.

Tumraping pangarsanipun tiyang Farisi, bujana punika prelu, nanging sadremi kanggé ngatingalaken kalenggahanipun minangka pangarsa, dalah drajad kemasyarakatanipun dhateng tiyang kathah. Sampun dados adat pakulinan nalika samanten, uleman bujana kados mekaten punika ugi badhé katindakaken déning sesamining golonganipun nalika kedah ngawontenaken bujana andrawina. Prekawis ingkang sami, ugi kita seksèni wonten ing tengah-tengahing warga masyarakat Indonesia mriki. Nalika wonten sedhèrèk ingkang atur uleman dhateng tiyang sanès ngrawuhi bujana andrawina, tiyang ingkang kauleman punika tembé wingkingipun ugi kapatah atur uleman wangsul dhateng sedhèrèk ingang sampun ngulemi sadèrèngipun. Uleman ngrawuhi pista andrawina punika lajeng dados kados déné tandha pamatur-nuwun, urmat lan males kasaénanipun asanès.

Nanging Gusti Yésus malah ngagem pakulinan punika kanggé memucal tiyang kathah, bilih ingkang prelu dipun tengenaken punika sanès ing bab katampèn lan kaurmatan déning tiyang kathah, nanging kados pundi tumindak punika katampi lan dipunrenani déning Allah. Awit saking punika, tumindak ingkang mbéda-mbédaaken tiyang adhedhasar kalenggahan sosial punapadéné ajining dhiri dados tumindak ingkang mboten ndadosaken renaning galihipun Allah, nanging kosokwangsulipun tumindak ingkang saged nampèni sesami tanpa ngétang prabéda ing derajat lan kalenggahan sosial ingkang tinampi lan ndadosaken renaning Galihipun Allah. Tumindak ingkang makaten punika ingkang saged angéjawantahaken sih katresnanipun Allah piyambak dhateng jagad.

Panyebutipun Gusti Yésus dhateng tiyang-tiyang “mlarat, cacad, lumpuh lan wuta” mboten samesthinipun kita anggé mbéda-mbédaaken sesami kita, punapa malih ngèngeti bilih kawontenan ingkang makaten punika asring dipun anggé déning tiyang-tiyang Yahudi kanggé ngukur kasucènipun sesami. Ing salebeting Kitab Suci, upaminipun, kita panggihaken wontenipun awisan-awisan dhateng tiyang-tiyang ingkang ndarbèni kakirangan-kakiranganing badan kanggé ngibadah lan ngaturaken pisungsung kurban konjuk ing Allah (Kaim. 21: 16-21). Adhedhasar pangandika wantah ingkang makaten, asring anjalari sawatawis tiyang nalika samanten ingkang ngawisi tiyang-tiyang kanthi kekiranganing badan nindakaken prekawis-prekawis ingkang nglangkungi kasagedanipun. Nyukani palilah tiyang-tiyang ingkang makaten nindakaken punapa ingkang dipun awisi déning Kitab Suci, saged kadakwa mboten ngaosi kasucènipun Allah.

Prekawis ingkang sami ugi saged kelampahan nalika sebatan “tiyang-tiyang ingkang ndarbèni kekiranganing badan dipuntrepaken wonten ing satengah-tengahing masarakat, para pamaos Kitab Suci saged ugi rumaos mboten prelu damel utawi nyipta sebatan anyar kados makaten kalawau. Alesanipun, tembung “cacad” pancèn sampun sami dipun mangertosi maknaipun ing tengah-tengahing masyarakat punapadéné ugi

pinanggih wonten ing Kitab Suci, kalebet ing waosan kita samangké. Nanging prelunipun nyipta sebatan énggal kados makaten punika mujudaken cara kita saged sangsaya ngormati lan nyukani papan ingkang langkung murwat dhateng sedhèrèk-sedhèrèk ingkang ndarbèni kakirangan ing kasagedaning badan kalawau. Undang-undang RI No. 4 tahun 1997, ugi taksih migunakaken sebatan “cacad” ingkang ngemu teges kados déné cap ingkang sipatipun ngrèmèhaken. Samangké kacipta sebatan anyar inggih punika “sedhèrèk-sedhèrèk ingkang ndarbèni kekirangan ing kasagedaning badan” (*diffable*) ing antawising tahun 1990 an. Samangké sebatan punika ugi dipunsarujuki déning WCC (Bebadaning pasamuwan Kristen sajagad). Kanthi sebatan punika, kaajab kita mboten nganggep malih sedhèrèk-sedhèrèk punika “mboten nggadhahi kasagedan” (*disabled*), nanging tetep dados sedhèrèk ingkang ndarbèni kasagedan sanadyan kanthi cara ingkang bèda (*differenty abled*). Karana sebatan punika asring karaos kirang adil, lan saged kapatrapaken dhateng sinten kémawon, pramila lajeng kacipta sebatan sanès inggih punika “tiyang kanthi winatesing kasagedan” (*penyandang disabilitas*). Nembé wonten ing tahun 2016, lumantar Undang-Undang RI No. 8 bab “tiyang ndarbèni winatesing kasagedan” (*penyandang disailitas*), Undang-undang ingkang sampun wonten sadèrèngipun inggih punika Undang-Undang No. 4 tahun 1997 ngéngingi “tiyang cacad”, dipunrévisi (dipunanyaraken). Wiwit ing wekdal punika, lajeng dipun ginakaken sebatan “tiyang ingkang ndarbèni winatesing kasagedaning badan”. Kanthi sebatan punika kaangkah warga masarakat saged langkung ngormati lan nyawisi papan ingkang murwat kanggé sedhèrèk-sedhèrèk ingkang ndarbèni winatesing kasagedanipun badan”.

Mesthi kémawon pamanggih utawi wawasan ingkang sampun dipunugemi lami saha kanggep leres, tetéla kedah dipun gantos awit Gusti Yésus piyambak karsa nimbali sadaya tiyang kanthi mboten mbéda-mbédakaken asal usul lan kawontenaning badan wadhagipun. Pramila, mboten wonten alesan tumrap pasamuwan Kristen kanggé nampik

timbanganipun Gusti ndarbèni sikep ingkang tinarbuka dhateng sadaya tiyang tanpa mbéda-mbédaaken asal-usul punapadéné kawontenan badan wadhagipun.

Ing salebeting gesang masamuwan, sedhèrèk-sedhèrèk kita ingkang ndarbèni winatesing kasagedaning badan nggadahi kalih tetimbangan: *sepisan*, tetimbangan ingkang gandhèng kaliyan kawontenan badan wadhag. Punika prelu dipun timbang-timbang mliginipun sesambetan kaliyan cumawis lan mbotenipun sarana-sarana utawi pirantos ingkang saged mitulungi sedhèrèk-sedhèrèk kanthi winatesing kasagedaning badan. Upaminipun, punapa sampun cumawis margi ingkang saged dipunlangkungi déning kursi rodha ingkang dipunginakaken déning sedhèrèk kanthi kabetahan mirunggan (*diffable*)? Tetimbangan ingkang *kaping kalih*: kados pundi sikep kita dhateng sedhèrèk-sedhèrèk kanthi kabetahan mirunggan punika? Punika tetimbangan ingkang ing salebeting basa Inggris sinebat: *attitudinal barrier* ingkang ugi dados palang sosial kemasyarakatan. Nadyan pepalang punika asring mboten kasad mata, nanging saèstu saged dipun raosaken ing manah. Ingkang asring saged dipun raosaken inggih punika wontenipun sikep kumawasa lan ngasoraken, ugi wontenipun raos “mesakaké ingkang keladuk, nglairaken pamuji ingkang mboten limrah, sikep mboten preduli lan ngiwakaken, dalah raos ajrih dhateng tiyang ingkang ndarbèni kabetahan mirunggan. Sikep-sikep ingkang kados makaten punika, saé kita lengganani utawi mboten, asring kelampahan, dados pratandha panampik kita dhateng sedhèrèk kanthi kabetahan mirunggan kalawau.

Pasamuwan Kristen punapadéné brayat ingkang mujudaken pérangan pakempalanipun masarakat prelu tansah mirantosi dhiri sarana ndarbèni sikep ingkang tinarbuka lan urmat dhateng wontenipun sedhèrèk-sedhèrèk kanthi kabetahan mirunggan kalawau ing gesang masamuwan punadéné masarakat padintenan. Timbalan punika mboten karana sadaya kalawau mligi mujudaken tumindak ingkang saé, nanging langkung rumiyin ugi karana Gusti Yésus piyambak paring tuladha tumindak ingkang makaten punika. Malah Gusti

Yésus piyambak mboten wigih lelawanan kaliyan pamawas gesang umumipun dhumateng tiyang kanthi kabetahan mirunggan kados makaten punika. Gusti, lumantar piwulangipun, kepareng nyipta wontenipun éwah-éwahaning gesang tumuju dhateng kasaénanipun. Gusti kepareng mulihaken kawontenanipun tiyang-tiyang kanthi kabetahan mirunggan, ingkang asring dipunsingkiraken déning warga masarakat.

Pasamuwan Kristen punapadéné brayat, saged miwiti timbalan punika sarana nampèni saben umat kanthi sikep ingkang urmat tanpa mbéda-mbédaaken asal usul utawi béda-bédaning kasagedaning badan. Dhumateng sedhèrèk-sedhèrèk kanthi kabetahan mirunggan, ateges pasamuwan Kristen punapadéné brayat prelu mbudidaya nyawisaken perabot punapadéné sarana ingkang langkung saged mitulungi sedhèrèk-sedhèrèk kanthi kabetahan mirunggan, saged nindakaken timbalanipun tanpa nyélaki kabetahan mirunggan ingkang sinandhang. Kanthi makaten sedhèrèk-sedhèrèk kanthi kabetahan mirunggan saged tansah rumaos raharja dumunung wonten ing satengah-tengahing gesang masamuwan, brayat, punapadéné masyarakat ageng. Sikep ingkang makaten punika badhé saged dados lantaran sedhèrèk kanthi kabetahan mirunggan kapulihaken.

Awit saking punika, kabetahanipun sedhèrèk-sedhèrèk kita kanthi kabetahan mirunggan anggènipun badhé angéjawantahaken gesang pracayanipun minangka sarana kapulihaken, prelu wiwit kapigatosaken kanthi saèstu. Patunggilanipun umat kaliyan Gusti Allah ing salebeting pangibadah, dalah sadaya piwulangipun pasamuwan Kristen prelu dados pengalamanipun sawetahing warga pasamuwan kalebet ugi sedhèrèk-sedhèrèk kanthi kabetahan mirunggan punika. Pakempalan-pakempalan nyinaoni gesang pitados, katekisasi, kelampahanipan upacara baptis lan sidhi tumrap sedhèrèk kanthi kabetahan mirunggan, papan kanggé lumampahipun sadaya peladosan kalawau prelu dipun penggalihaken kanthi saèstu kanggé karaharjanipun sedhèrèk-

Wulan Brayat 2024
Supados Panjenengan Sami Tresna-tinresnanana

sedhèrèk kanthi kabetahan mirunggan punika. Kanthi cara ingkang makaten punika, saé pasamuwan Kristen punapadéné brayat, sami sesarengan nyinaoni kados pundi saged nyikepi lan nampèni kanthi trep sadaya warga tanpa mbéda-mbédaaken sedhèrèk-sedhèrèk kanthi kabetahan mirunggan. Kados pundi ugi, upaminipun, sedhèrèk-sedhèrèk kanthi kabetahan mirunggan punika ugi saged tumut lelados kanggé pambangunanipun pasamuwanipun Gusti. Sumanga sami mareg woten ngarsanipun Gusti, karana pancèn panjenengan sadaya dipuntimbali sami nampèni sih katresnanipun Gusti Yésus tanpa mbéda-mbédaaken satunggal lan satunggalipun.

Amin.

[RA-YTD]



Kotbah Minggu Kaping Sekawan

Katimbalana Nami-nami Kawula

Waosan: Markus 10:46-52

Minggu, 27 Oktober 2024

DHASARING PAMIKIR

Manungsa punika sawijining titah ing bumi ingkang suka tetengeran nami dhateng sadaya ingkang katingal. Manungsa damel tengeran nami kanggé sadaya ingkang nyata punapadéné samukawis ingkang asipat gagasan. Manungsa damel tengeran ingkang kepara nylenèh tumrap tetiyang, malahan ingkang dados enering manungsa (kalebet Gusti) ingkang mboten kasat mripat. Wewengan nyukani tetenger punika kados sampun dados kodratipun manungsa kanggé nindakaken dhawuhipun Allah, kados ingkang sinerat wonten ing Kitab Purwaning Dumadi ing bab kaping kalih.

Nami menggahing manungsa sanès namung winates ing tembung utawi rerangkèning aksara ingkang tanpa makna. Nami satunggaling manungsa nerangaken bab adeg lan pigunanipun (kawaos: *purpose* utawi ancasing kawontenanipun) ing tengahing jagad punika. Wonten ing naminipun manungsa kawengku bab kaluhuran, paugeraning gesang tuwin pangajeng-ajeng. Pramila, manungsa ingkang tanpa nami ateges badhé dipun anggep sami kadosdéné kewan utawi barang mati kémawon. Manungsa ingkang tanpa nami sinami titah ingkang mboten nggadahi paédahipun—ingkang kawontenanipun mboten kaétang wonten ing jagad punika.

Ing antawising manungsa ing salumahing bumi, kathah tiyang ingkang kawontenanipun mboten dipun étang déning sesaminipun. Para tiyang ingkang kawontenanipun asring kita

anggep langkung andhap menggahing takeran ingkang dipun damel manungsa; lajeng tumrap piyambakipun dipun patrapi minangka *abnormal*, *disfungsional* utawi sesebatan sanèsipun. Bahan kotbah minggu punika ngatag dhateng kita pitakèn malih ing bab takeran ingkang asring kita ginakaken kanggé warnining manungsa. Bahan punika ngatag sadaya warga pasamuwan nélakaken panampik tumrap sikep ingkang mboten adil ingkang dipun tamakaken dhateng *penyandhang disabilitas*.

KATRANGAN WAOSAN

Injil Markus punika Injil ingkang mligi nyariosaken bab Gusti Yésus minangka Putraning Allah ingkang nandhang sangsara karana dosa. Dosa kababar wonten ing jagad lumantar penjajah Rum punapadéné dakwenanging takeran ing tatanan masarakat Yahudi (*Yudaisme*). Panindhesis dosa sampun nyuda adeging manungsa saking kodratipun minangka titahipun Allah. Manungsa ingkang manéka kawontenan ngalami panindhès, saé karana patrapipun sesaminipun punapadéné karana panguwaosing sétan ingkang dados dhalangipun. Injil Markus ngandharaken bilih Putraning manungsa ingkang kasarira wonten ing Sang Manungsa ingkang asma Yésus punika pancèn kedah ngambah margining kasangsaran supados Syalom (inggih punika: kaadilan, kayektèn lan tentrem rahayu ingkang wetah) saking Kratonipun Allah kababar kanthi nyata. Kados-kados sadaya kasangsaranipun manungsa dipun sanggi wonten ing pamidhanganipun Gusti Yésus. Sadaya kasangsaranipun manungsa ingkang dipun kersakaken inggih punika para tiyang ingkang manggèn wonten ing pinggir, inggih punika para tiyang ingkang asring kita lirwakaken kawontenanipun, ingkang kasingkiraken ing pinggiring margi pasrawungan; kadosdéné para tiyang sepuh ingkang sampun mboten gadhah daya, tiyang-tiyang ingkang *gagap tèknologi*, para tiyang ingkang sakit temah mboten saged makarya, pengangguran, punapadéné tiyang-tiyang ingkang winates kados Bartiméus. Tiyang-tiyang punika golonganing tiyang ingkang mboten

gadha swanten wonten ing pasrawungan punapadéné brayatipun. Para tiyang wau minangka tiyang-tiyang ingkang kulina dados *obyèk penderita*. Para tiyang punika sanès ingkang dados subyèk ingkang kuwagang nglairaken swanten. Saupami piyambakipun nglairaken pamanggih utawi niat ingkang prayogi, swantenipun asring mboten kita gatosaken lan kita anggep minangka péhak ingkang ngreridhu.

Cariyos Bartiméus ing Injil Markus minangka sesulihing pitembunganipun tiyang-tiyang wau ingkang tanpa swanten. Kepara langkung mrihatosaken malih, nami Bartiméus sejatinipun sanès satunggaling nami; amargi wonten ing basa Ibrani, tembung “bar” tegesipun anak saking satunggaling tiyang ingkang naminipun kaserat sasampunipun. Injil Markus mewahi katrangan punika kanthi nyerat: “Bartiméus, anak Timéus”.

Minangka conto (mangga saged dipun gantos sarana nami utawi *ilustrasi* nalika ngandharaken kotbah jangkep), nami jangkep kula inggih punika: Sujanto Putro Waskito Wibowo. Nami Sujanto Putro kapendhet saking simbah kula, déné Wibowo saking bapak kula. Déné nami kula piyambak inggih punika: Waskito. Menawi mboten wonten tembung “Waskito” wonten ing nami jangkep kula, kula namung sadremi tiyang ingkang tanpa nami. Kula dados tiyang ingkang kaanggep mboten wigati ing ngajengipun tiyang sepuh kula. Sujanto Putro Wibowo namung satunggaling putu, lan anak ingkang kawontenanipun mboten wigati ing donya punika. Kula namung adhapur daging lan balung kémawon—menawi tanpa nami “Waskito”. Adeg ing kula minangka manungsa mboten wonten, tanpa nami Waskito.

Dados, nami Bartiméus ingkang tegesipun: anak saking Timéus sanès minangka tiyang ingkang wigati, satemah tiyang sepuh mboten nyukani nami pribadi. Kénging punapa? Mbok menawi karana piyambakipun wuta. Mbok menawi ugi mboten wonten pangajeng-ajeng supados dados manungsa sawetahipun, dados badhé kanggé punapa kaparingan nami? Gesangipun tanpa gina. Pawartos punika lajeng malik kawontenan nalika nami “Timéus” wonten ing basa Aram

yektinipun nggadahi makna: “wigati sanget”. Lajeng anak wuta (tiyang wuta) punika sanès sinten-sinten lan tanpa aosipun. Kawewahan malih katrangan menawi Bartiméus namung pepriman ing pinggir margi. Tembuh pepriman lan pinggir margi dados nandhesaken kahananing gesangipun.

Nanging Bartiméus nglawan. Piyambakipun mboten nganggep gesangipun nglaha. Piyambakipun nguwuh tanpa sayah: “Dhuh, Gusti Yésus, tedhakipun Sang Prabu Dawud, kawula mugi Paduka welasi!” swantenipun Bartiméus sanès swanten nyenyuwun pitulungan kémawon, nanging minangka panjeriting lelawanan. Bartiméus mboten purun mèndel asedhakep—kinunjara déning wewatesan. Injil Markus nyumerepaken minangka sesulihing para tiyang ingkang mboten kaanggep sarana nyingidaken panjeriting lelawanan—sanadyan ing sakiwatengenipun mbudidaya mbungkem. Injil Markus nyerat Bartiméus kanthi matur: “Gusti Yésus!”, ingkang tegesipun: YHWH Sang Juruwilujeng.

Gusti Yésus lajeng kèndel. Gusti Yésus kèndel saking lampahing rombongan ingkang ngangseg majeng. Gusti Yésus ingkang mandheg kèndel nedahaken dhateng tiyang kathah bilih Bartiméus punika wigati. Samanten wigatinipun tumrap Gusti Yésus kanggé kèndel lan midhangetaken panjeriting manah ingkang tanpa swanten. Gusti Yésus ngandika, “Undangen mréné!”. Gusti Yésus nganggep Bartiméus wonten lan Panjenenganipun mboten namung sauger mitulungi nanging langkung rumiyin ndangu, “Karepmu dakkapakaké?” Adrenging manahipun tiyang wuta wau cetha; tinanggapan déning pangandikanipun Gusti Yésus kanthi kebak kawelasan. Kratonipun Allah kadhatengaken lan nyata wonten ing sabda, “Wis, mundura, pangandemu kang mitulungi kowé!”.

Ing pungkasan pawartos *perikop* punika, Injil Markus martosaken bilih Bartiméus tumut leladi tumrap paladosanipun Gusti Yésus.

PAWARTOS INKGANG BADHÉ KAANDHARAKEN

1. Kawontenaning saben manungsa aos sanget ing ngrasanipun Gusti, sabab sadaya manungsa ingkang katitahaken déning Gusti punika kagunganipun Gusti.
2. Dosa sampun ngicali aosing manungsa, nalika manungsa nyenyamah sesaminipun namung jalaran wewatesan ingkang dipun sandhang. Mrosotipun ajining manungsa kalampahan tumrap si korban ingkang dipun rèmhèhaken, punapadéné tumrap ingkang nandukaken, karana mboten saged ngaosi Gusti ingkang nitahaken si korban. Gagalipun manungsa “normal” kanggé ngaosi sesaming titah ngèmbèt dhateng adeging gesangipun minangka “*disable*” tumrap sesambetanipun dhumateng Gusti. Bab punika ndadosaken sadaya dados titah “*disable*” ing paningalipun Gusti. Tumrap manungsa ingkang makaten punika Gusti rawuh ing jagad paring kawigatosan lan mbabar katresnani-Pun.
3. Pangandikanipun Gusti nedahaken bilih Gusti Yésus maringi wewengan dhateng “korban pelècèhan” (Bartiméus) nguningakaken atur lan krenteging manahipun tumraping éwah-éwahan.
4. Wohing éwah-éwahan ingkang katindakaken déning Gusti mboten uwal ugi saking pasumbangipun Bartiméus tumrap masarakat lan lampahing pakaryanipun Gusti.

ATUR PAMRAYOGI TUMRAP PANGRAKITING KOTBAH

Kawiwitana kotbah kanthi conto kahananing para tiyang ingkang nandhang cacad (*disabilitas*) ingkang pinanggih ing padintenan. *Penyandhang disabilitas* ingkang ndarbèni kekirangan ing raga, méntal, kapinteran (*kecerdasan*), utawi syaraf (*sensorik*) ingkang béda saking kahanan tiyang limrahipun, ingkang saged malangi utawi matesi tumrap pakaryanipun ing padintenan lan tumrap masarakat. Disabilitas wau kathah sanget warnipun lan saben ingkang nyandhang mbok bilih nggadhahi kabetahan lan tantangan mirunggan.

Limrahipun para *penyandhang disabilitas* saged dipun bédakaken jinis ingkang utami, antawispun:

1. *Disabilitas fisik*: Kawontenan ingkang ndayani menggahing kakiyatanipun kados ta: ngginakaken kursi rodha, *amputasi*, *cerebral palsy*, lan sanèsipun.
2. *Disabilitas sensorik*: Gangguan menggahing indera, kados ta: ngginakaken kacatingal, wuta lan gangguan kanggé sumerep, budheg utawi gangguan kanggé mirengaken.
3. *Disabilitas intelèktual*: Kahanan ingkang ndayani kasagedan intelèktual, kadosdéné *down sindrom* lan *autisme*, *Attention Deficit Hyperactive Disorder*, lan sanèsipun.
4. *Disabilitas psikososial*: gangguan ingkang ndayani kahananing méntal utawi émosional, kados ta: *skizofrenia*, gangguan raos ajrih, lan gangguan *bipolar*.

Bakenipun, penyandhang disabilitas taksih saged tumut tumandang ing manéka warni kawontenaning gesang, kalebet pendhidhikan, padamelan, transportasi, lan paladosan soaial. Nyingkiraken kiprahipun para sadhèrèk punika asring kalampahan wiwit jaman ing Kitab Suci kadosdéné ingkang sampun kaaturaken ing katrangan waosan. Khotbah pungkasana kanthi pambereg kanggé nuladha dhateng Gusti Yésus ingkang maringi papan kanggé mbabaraken swanten lan pakaryanipun kadosdéné ingkang kalampahan wonten ing Bartiméus.

[Wsk-TK]

“BAHAN LITURGI/TATA PANGIBADAH”

**Bahan ingkang kaladosaken ing buku menika
saged kaolah kajumbuhaken kaliyan kawontenan
saha kabetahanipun gréja utawi pasamuwan
sapanggénan.**

Tata Pangibadah Minggu Kapisan

**Brayat Tinimbangan ndhèrèk Nélakaken
Pakaryanipun Gusti Allah**

Waosan: Yohanes 9:1-11

Minggu, 6 Oktober 2024

Cathetan:

Tata Pangibadah/Liturgi menika karacik kanggé
Pambukaning Wulan Brayat saha Dinten Bujana Suci Sajagad,
Minggu Kapisan, 6 Oktober 2024.

Tata Pangibadah Bujana Suci menika karacik sacara mirunggan kanggé
gréja/pasamuwan ingkang sampun marengaken anak-anak ingkang
sampun kabaptis ndhèrèk kembul ing Bujana Suci.

P/D.: Pinisepuh/Dhiaken; PS.: Pamedhar Sabda;
U: Umat; PL.: Palados Liturgi; S.: Sadaya.

Pacawisan

- *Wekdal ening / pandonga pribadi.*
- *Pamaosing pokok-pokok pawartos pasamuwan.*
- *Umat jumeneng.*

TIMBALAN NGIBADAH

PL.: Saiba prayoga lan éndahé,

U.: MANAWA PARA SADULUR KANG MANGGON
SAOMAH PADHA RUKUN!

PL.: Iku kaya lenga jebad adi ana ing sirah kang ndlèwèr
marang jénggot,

U.: KANG NDLÈWÈR MARANG JÉNGGOTÉ IMAM HARUN
LAN MARANG GULONING JUBAHÉ.

PL.: Kayadéné ebuné gunung Hèrmon kang mudhun ing
gunung-gunungé Sion.

Wulan Brayat 2024
Supados Panjenengan Sami Tresna-tinresnanana

U.: AWIT IYA ANA ING KONO PANGÉLAN YÉHUWAH
ANGGONÉ NDHAWUHAKE BERKAH LAN URIP
NGANTI ING SALAWASE.

U.: (*Ngidungaken KPJ 23:1-3 "Para Titah Sadaya Samya Ngrepèkna"*)

KPJ 21 PARA TITAH SADAYA SAMYA NGREPÈKNA

Do = A 3/4

- 1) Para titah sadaya samya ngrepèkna kidung,
konjuk Hyang Makwasa kang gung ing sih susetya
Haléluya! Haléluya!

- *palados ibadah lumebet dhateng papan panembah* -

- 2) Pujinen Hyang Murbèngrat, Gusti kang gung sih-
rahmat,
ngreksa lan ngayomi, ngrumati mrih lestari.
Haléluya! Haléluya!

- 3) Allah Kang Mawilasa wus nylametken manungsa,
slaminya pinuja, wah tansah pinundhia.
Haléluya! Haléluya!

VOTUM

PS.: Pitulungan kita pinangkanipun ing salebeding asmanipun
Gusti ingkang nitahaken langit kaliyan bumi!

U.: (*ngidungaken*) AMIN, AMIN, AMIN!

SALAM

PS.: Gusti nunggil gesang kita!

U.: SAMANGKÉ DUMUGI ING SALAMI-LAMINIPUN!

- *umat lenggah* -

ATUR PAMBUKA

PL: Saben wulan Oktober, pasamuwan-pasamuwan ing
Sinode GKJ dalah GKI ngawontenaken Mangsa
Panggegilut Gesang Bebrayatan, saha ing Minggu Kapisan

wulan Oktober kita ugi mèngeti Dinten Bujana Suci Sajagad.

Riyaya Bujana Suci Sajagad tuwin Wulan Brayat menika mugè-mugè ngénggalaken kita, kanggé ndhèrèk ing pakaryan-pakaryanipun Gusti, nresnani tuwin ngladosi sesami, wiwit saking anggèn kita gesang sesarengan ing satengahing brayat.

U.: (*ngidungaken KPJ 323:1, 2 “Méndahnéa Rahayu Tyang Gegriya”*)

KPJ 323 MÉNDAHNEÁ RAHAYU TYANG GEGRIYA

Do=Bes 2/4

- 1) Méndahnéa rahayu tyang gegriya
klayan tansah rumaket mring Gusti,
kang dadya mitra lan tuing basuki,
sarwi bingah préntahnya pinundhi.
Séka-kapti anilingken sabdanya,
angabekti Allah klayan ékhlas.
Rinten dalu angluhurken asmanya,
myang sumuyud kalayan trus ing tyas.
- 2) Méndahnéa rahayu tyang sémahan,
klayan nunggil tresnanya mring Gusti.
Runtang-runtung dènira sih-sinihan
klayan saéka-praya lan budi.
Sadinten-dinten sami ngajeng-ajeng
idining Gusti sarwi memuji.
Ing satitah nrima klayan pitajeng
saha tresna dumugi ing janji.

PANGAKENING DOSA

PL: (*ngaturaken pitakènan*) Punapa wonten brayat ingkang mboten naté cecongkrah? (Menawi prelu - *saged kacawisaken sadèrèngipun langkung rumiyin* - wonten brayat ingkang kasuwun andum cariyos anggènipun cecongkrah. Umat kaajak ngrumaosi saiba cecongkrah menika ndamel karaharjan santun

ketatoning manah. Umat kasuwun ndedonga sacara pribadi ngraosaken tatuning manahipun saha tatuning manah ingkang kasebabaken déning dhirinipun piyambak).

U.: (ngidungaken KPJ 49:1, 2 “Gusti Kang Mahawilasa”)
KPJ 49. GUSTI KANG MAHAWILASA

Do=G 4/4

- 1) Gusti Kang Mahawilasa mugi paring aksama kula getun dé klepatan, nglawan dhateng Pangéran; ngliwakkèn dhawuh Paduka, manut hardaning driya Temah tan ngraosken tentrem wah malih gesang lang-geng
- 2) Gusti Ingkang Mahatresna mugi ngruwat kawula, temah kula dados suci miwah nunggil lan Gusti, Manah kang peteng wit dosa énggal pulih lejara, Pangajeng-ajeng binuka, ngener mring Allah Rama.

PS.: (ngonjukaken pandonga pangakening dosa)

- umat jumeneng -

PAWARTOS SIH RAHMAT

PS.: Sumangga kita saos sokur awit saking pangapuntenipun Gusti.

U.: KAWULA SAOS SOKUR KANGGÉ PANGAPUNTENIPUN GUSTI!

PS.: Sumangga kita ngènget-ènget angger-anggering katresnan ingkang kawucalaken Gusti Yésus.

S.: "Sira tresnaa marang Pangéran Allahira kalawan gumolonging atinira, lan gumolonging nyawanira, sarta gumolonging budinira. Yaiku angger-angger kang gedhé lan luhur dhéwé. Déné angger-angger kang kapindho kang padha karo iku, yaiku: Sira tresnaa ing sapepadhanira dikaya marang awakira dhéwé. (Matius 22:37-39)

U.: (ngidungaken KPJ 49:3 “Gusti Kang Mahawilasa”)
KPJ 49. GUSTI KANG MAHAWILASA

Wulan Brayat 2024
Supados Panjenengan Sami Tresna-tinresnanana

Do=G 4/4

- 3) Gusti Inkgang Mahakwasa, mugi nuntun kawula;
ngambah ing margi utami, nurut pangrèh Paduka.
Awit kwasaning Roh Suci, nyingkur karsèng pribadya,
nglawan kapèncuting donya, mrih raharja slaminya.

- umat lenggah -

PALADOSAN SABDA

PS.: (*ngonjukaken pandonga paladosan Sabda*)

PS.: (*maos Kitab Suci: **Injil Yohanes 9:1-11***)

“Inkgang rahayu menika tiyang-tiyang ingkang sami
mirengaken tuwin nggatosaken pangandikanipun Allah.”

U.: (*ngidungaken: **Haléluya, Amin***)

PS.: (*ngladosaken kotbah*)

- wekdal ening -

- umat jumeneng -

PANGAKENING PITADOS

P/D.: Sumangga kita sesarengan kaliyan pasamuwanipun Gusti
ingkang tansah dipun kanthi Gusti, ngakeni iman
kapitadosan kita kalawan ngucapaken Pangaken Pitados
Rasuli.

- umat lenggah -

PANDONGA SYAFAAT

(*Pandonga syafaat kaunjukaken gentosan: saking sesulihing
para anak, sesulihing para ibu, sesulihing para bapa,
kapungkasan déning pandonganipun Pelados Sabda*).

PISUNGSUNG

P/D.: Sumangga kita saos sokur awit saking pangrimatipun
Gusti wonten ing gesang kita. Minangka tetalesing

Wulan Brayat 2024
Supados Panjenengan Sami Tresna-tinresnanana

pisungsung, sumangga kita ngèngeti bilih Gusti
ngersakaken kita misungsungaken gesang kita.
Sabdanipun Gusti ngandika makaten,

“Sarta karebèn kowé iya padha kapigunakaké
kayadéné watu urip kanggo mbangun padaleman
kasukman tumrap kaimaman kang suci, kanggo
nyaosaké pisungsung rohani, kang marga Yésus
Kristus njalari keparengé Allah.” (1 Pétrus 2:5).

U.: (ngidungaken KPJ 181:1-3 “Puji Sokur Konjuk Gusti”)
KPJ 181 PUJI SOKUR KONJUK GUSTI

Do=Bes 4/4

- 1) Puji sokur konjuk Gusti, wit sih-rahmat Paduka;
datan kendhat angasihi, cihnaning kawlasanta.
Sokur paringing pakarya, nadyan badamba ringkih;
sokur déné kadang mitra tansah anandukken sih.

- 2) Sokur, déné sesekaran, sedhep, éndah ing warni;
sokur méga angantariksa, miwah surya ndhadhari.
Sokur krana bingah-sisah, Gusti tansah rumeksa;
awit Paduka kang tansah nuntun lampah kawula.

- 3) Sokur, wit brayat kawula rukun samya sinihan;
sokur déné pasamuwan nuwuhken katentreman.
Sokur, krana wancinira bingah utawi sisah;
sokur dé gesang kawula nèng pamengkuning Allah.

- umat jumeneng –

P/D.:(ngonjukaken pandonga pisungsung)

- umat lenggah –

- pandhita mandhap saking mimbar, saperlu ngladosaken
bujana suci -

PALADOSAN BUJANA SUCI

Cecala

Pdt.: Wekdal punika kita sesarengan ngriyayakaken Bujana Suci. Gusti Yésus piyambak ingkang netepaken tuwin nimbali kita supados kita nindakaken bujana suci.

Ing bujana suci punika, para laré ugi kauleman ndhèrèk nampèni bujana suci. Sinau saking Gusti Yésus ingkang ngandika, "Cikbèn bocah-bocah iku, aja kokalang-alangi anggoné padha marek ing ngarsaku, sabab Kratoning Swarga iku duwèké wong-wong kang kaya mangkono iku." (Matius 19:14), Sumangga kita angajak para laré kanggé nampèni ganjaranipun Allah!

Ing salebeding kawontenan mboten sampurnaning kita sadaya, kita pitados Gusti Allah badhé nucèkaken kita saking sakathahing dosa kita, saha nyampurnakaken pangertosan kita ing salebetipun mangertosi wewadining bujana suci menika.

Ngeneraken Manah

Pdt.: Sumangga kita ngeneraken manah kita dhumateng Gusti.

U.: KAWULA NGENERAKEN MANAH DHUMATENG GUSTI

Pdt.: Sumangga kita saos sokur dhumateng Gusti, Allah kita.

U.: SAÈSTU PANTES SAOS SOKUR DHUMATENG PANJENENGANIPUN

Pandongga Sokur

Préfasi lan Sanctus Benedictus

Pdt.: Gusti Allah ingkang Suci tuwin Maha Kawasa, kawula ngucap sokur, awit Paduka sampun ngempalaken kawula dados badan satunggal, wonten ing patunggilaning pasamuwan saha brayat, saprelu nggunggung kamulyan Paduka sesarengan kalayan malaékat ing swarga miwah para suci ing jagad menika, ingkang boten kendhat memuji,

U.: *(ngidungaken KPJ 28:4 "Suci, Suci, Suci")*

KPJ 28. SUCI, SUCI, SUCI

Do=D 4/4

- 4) Suci, suci, suci, nggih Gustining gusti,
anglairken srira tumedhak mring donya,
nucèkken manungsa kang pitados yekti.
Yogya pinuji langgeng slaminya.

Tetepaning Bujana Suci

Pdt.: Puji sokur konjuk Gusti, awit Sang Rama ingkang Maha
Suci tansah nunggil kita saha nimbali kita kembul wonten
ing Bujana Suci menika.

U.: AMIN

Pdt.: Kita yakin bilih Roh Suci sampun katedhakaken kanggé
kita, temah kanthi kapitadosan, kita ngraosaken
rawuhipun Sang Kristus ing ngriki, ingkang ing wanci dalu
nalika Panjenenganipun ndungkap kaulungaken,
mundhut roti, lan sasampunipun saos sokur, tumunten
nyuwil-nyuwil rotinipun sarta ngandika, "Iki badanku,
kang kaulungaké marga saka kowé; iki padha tindakna
kanggo pangéling-éling marang Aku!" Makaten ugi
tuwungipun, sasampunipun dhahar, pangandikanipun,
"Tuwung iki prajanjian anyar kang kaecap kalawan
getihku. Saben-saben kowé padha ngombé, iku padha
tindakna kanggo pangéling-éling marang Aku!" "Awit
saben-saben kowé padha mangan roti iki sarta ngombé
ing tuwung iki, iku ateges kowé padha martakaké sédané
Gusti nganti tumeka ing rawuhé."

U.: SÉDANIPUN SANG KRISTUS, BADHÉ KAWULA
WARTOSAKEN.
WUNGUNIPUN SANG KRISTUS, BADHÉ KAWULA
RIYAYAKAKEN.
RAWUHIPUN SANG KRISTUS, BADHÉ KAWULA
ANTU-ANTU.

Pangènet-ènet Menggahing Sang Kristus

Pdt.: Lumantar Bujana Suci menika, kita kaènetaken dhateng
pangurbananipun Sang Kristus ingkang milujengaken,

ingkang kaparingaken dhateng umat manungsa ing
sadhéngah papan.

U.: PINUJIA GUSTI!

Pdt.: Nalika kita kembul ing bujana suci menika, Roh Suci
mitulungi kita temah kita katunggilaken ing Sang Kristus
dados nyawiji tunggal badan, tunggal Roh saha dados
pisungsung ingkang gesang konjuk ing Allah.

U.: PINUJIA ROH SUCI!

Pdt.: Lumantar Sang Kristus, sesarengan kaliyan Sang Kristus,
lan wonten ing Sang Kristus, sedaya kaurmatan lan
kamulyan konjuk dhumateng Allah Rama, wonten ing
patunggilanipun Sang Roh Suci, samangké dumugi
salaminipun.

U.: PINUJIA SANG RAMA, PUTRA, LAN ROH SUCI!

Pandonga Rama Kawula

*(sesarengan ngidungaken KPJ 152 “Rama Kawula Kang
Wonten Swarga”)*

KPJ 152

RAMA KAWULA KANG WONTEN ING SWARGA

Do=D 2/4 lan 4/4

Rama kawula kang wonten swarga,
ingkang Asma kasucèkna.
Kraton Paduka rawuh,
karsa Paduka klampah
ing bumi kadya anèng swarga.
Ing dinten sapunika
sinunga cekap rejeki;
kula kaapuntenna,
kadya kula ugi ngapunteni tyang kalepatan;
sampun nandukken kula dhateng panggodha,
kalepasna kula saking piawon,
jer Gusti kang kagungan lan wisésa
sarta kamulyannya ngantos slami-laminya.
Amin, amin.

- umat jumeneng -

Salam Katentreman

Pdt.: Gusti sampun ngapunteni lan nunggilaken kita. Awit saking punika sumangga kita gesang ing salebeting bedhami saha pangapuntening dosa. Tentrem-rahayunipun Gusti wontena ing panjenengan!

U.: WONTENA ING PANJENENGAN UGI!

- umat jumeneng saha sami jawat asta -

- umat lenggah -

Panyuwiling Roti

Pdt.: (*sinambi nyuwil-nyuwil roti*)

Roti ingkang kacuwil-cuwil menika, patunggilan kita kaliyan sariranipun Sang Kristus.

Pangeduming Roti

PS.: Tampènana! (*roti kaedumaken*)

Mangké sesarengan panjenengan tedha, kanthi ngèngeti lan pitadosa, bilih sariranipun Sang Kristus sampun kinurbanaken kanggé kawilujenganing jagad!

- umat sesarengan nedha roti -

Pangesokan Toya Anggur

Pdt. : (*sinambi ngesokaken toya anggur ing tuwung*)

Toya anggur ing tuwunging pamuji sokur menika, patunggilan kita kaliyan rahipun Gusti Yésus Kristus.

Pangeduming Toya Anggur

Pdt.: Tampènana! (*toya anggur kaedumaken*)

Mangké sesarengan panjenengan unjuk, kanthi ngèngeti lan pitadosa, bilih rahipun Sang Kristus sampun kawutahaken kanggé kawilujenganing jagad.

- umat sesarengan ngunjuk toya anggur -

Pandongga Sokur

(déning pandhita ingkang ngladosi bujana suci)

- umat jumeneng -

PANUTUP

PS.: “Aku maringi pepakon anyar marang kowé, iya iku supaya kowé padha tresna-tinresnanana; dikaya anggonku wis tresna marang kowé, kaya mangkono uga kowé iya padha tresna-tinresnanana. Kanthi mangkono wong kabèh bakal padha mangerti, yèn kowé padha dadi muridku, yaiku menawa kowé padha tresna-tinresnan.” (Yohanes 13:34-35)

U.: KASAGEDNA KAWULA GESANG SAMI TRESNA-TINRESNAN.

PS.: Tembung-tembung kang dipréntahaké marang kowé ing dina iki, iku padha gatèkna, lan padha wulangna bola-bali marang anak-anakmu, (Pangandharing Torèt 6:6-7a)

U.: KAWULA CUMAWIS MULANGAKEN KALERESAN PADUKA DHUH GUSTI.

U.: *(ngidungaken KPJ 326:1, 4 “Punika Brayat Kula”)*

KPJ 326 PUNIKA BRAYAT KULA

Do=D 4/4

1) Punika brayat kula, brayat tentrem kang ngangeni.

Sinten dados tanggulan? Namung Pangéran pribadi.

Refrein: Saiba prayoginya, lamun Gusti kang rumeksa,
temah tanpa rubéda, sagotrah manggih
raharja.

4) Sagriya angudia dadya brayat kang rumantya,
ngantos dados panutan, tumrapping brayat sembada.

Refrein: Saiba prayoginya, lamun Gusti kang rumeksa,
temah tanpa rubéda, sagotrah manggih
raharja.

PANGUTUSAN

PS.: Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti.

Wulan Brayat 2024
Supados Panjenengan Sami Tresna-tinresnanana

U.: KAWULA NGENERAKEN MANAH KAWULA
DHUMATENG GUSTI

PS.: Dadosa seksinipun Sang Kristus.

U.: PUJI SOKUR KONJUK GUSTI ALLAH.

PS.: Pinujia Gusti kita.

U.: SAMANGKÉ DUMUGI SALAMI-LAMINIPUN.

PS.: Mengkera ing salebeding bedhami, sinambi ngèneti
aubing cahya dalah angeting pangrengkuhipun Allah
tumrap brayat panjenengan.

Mengkera kanthi katresnan, supados grengsenging
nularaken katresnan tansah makantar-kantar ing
satengahing brayat panjenengan.

Mengkera ing salebeding kaéndahan, supados cahyaning
karahayon sumunar ing satengahing jagad. Amin.

U.: (*ngidungaken KPJ 459:1 “Pinujia Allah Sang Rama”*)

KPJ 459. PINUJIA ALLAH SANG RAMA

Do=D 4/4

1) Pinujia Allah Sang Rama

wah Sang Putra lan Roh Suci;

purna pangabekti anèng gréja,

ngrasuk gesang saben ari

Refr.: Payo nindakna kang trusing ati

sabdaning Gusti Sung gesang yekti

sinartan déning berkahing Gusti

sung sih rahmat mring sesami.

(YTP-DEN)



Tata Pangibadah Minggu Kaping Kalih

Perang Ing Satengahing Momotan Lan Kasedhihaning Gesang

Waosan: Jabur Masmur 42

Minggu, 13 Oktober 2024

P/D.: Pinisepuh/Dhiaken; PS.: Pamedhar Sabda;
U: Umat; PL.: Palados Liturgi; S.: Sadaya.

TIMBALAN NGIBADAH

Bèl I: Umat ndedonga sacara pribadi

Bèl II: Umat jumeneng, PL nyumet lilin pangibadah,
lajeng tumuju mimbar alit.

(Miturut adat-saben pasamuwan sapanggénan)

PL: Gusti Allah rawuh ing saben jumangkahing lampah lan
ing sedaya papranganing gesang kita. Gusti Allah
nganthi lan mitulungi kita minangka pribadi, brayat,
punapa déné minangka patunggilaning
pasamuwanipun.

U: **Panjenenganipun ngasihi lan nampèni kita,
sanajan kita punika ringkih lan winates.**

PL: Panjenenganipun karsa nimbali kita sowan makempal
ing sadhéngah wekdal lan kawontenan kita.
Sumangga memuji katresnanNya, sumangga
ngluhuraken asmaNya kang setya.

KPJ 31:1-2 SWAWI PRA SUCI NYAWIJI

- 1) Swawi prasuci nyawiji tunggal ati,
sami ngabekti memuji mring Gusti.
Ajrih, sumelang, sedhih, lan kasangsaran
ginantos kabegjan sihing Pangéran

- 2) Tansah ngidunga anggunggung Kang Murbèngrat,
ngétang mukjijat lan gunging sih-rahmat.
Lubèring berkah sing swargi tansah tumrah,
nyantosakken manah, nyirnakken semplah.
- 3) Di tansah ndedonga pasrah mring Sang Rama,
miwah rumantya nglawan mring panggodha.
Amrih saliring tyang kang samya nyipati,
dadya kepranan sami ndhèrèk Gusti.

VOTUM

(jumeneng)

PS: Pangibadah punika lumampah ing asmanipun Allah
Sang Rama, ingkang nitahaken langit lan bumi.

U: (ngidungaken) **Amin... Amin... Amin...**

SALAM

(jumeneng)

PS: Salam tentrem rahayu saking Gusti Yésus, wontena ing
panjenengan sadaya.

U: **lan wontena ing panjenengan ugi.**

PAMBUKA

(lenggah)

PL: Para sedhèrèk, ing Minggu kaping kalih ing Wulan
Brayat punika, jejer ingkang kapilih: **Perang Ing
Satengahing Momotan lan Kasedhihaning
Gesang**. Nembé kémawon ing tanggal 10 Oktober
kapengker, kita sami mèngeti Hari Keséhatan Méntal
Sedunia. Pirembagan bab keséhatan méntal sangsaya
dados kawigatosan saking kathah tiyang karana saged
nemahi sinten kémawon: tiyang sepuh punapa déné
para laré, ing umur pinten kémawon, lan kanthi
kawontenanipun piyambak-piyambak, sedaya tiyang
saged ngalami punika. Kados déné tiyang-tiyang
ingkang ngalami *gangguan keséhatan fisik* mbetahaken
panyengkuyung lan semangat, mekatena tiyang-tiyang
ingkang ngalami *gangguan keséhatan méntal* ugi
mboten kepéngin dipun jeksani, dipun lepataken, dipun
damel gumujeng utawi malah dipun lirwakaken. Ing

ngarsa dalem Gusti, saben tiyang punika wetah lan aos. Tiyang-tiyang ingkang rumaos gesangipun risak lan pepes kémawon dipun rangkul lan kawilujengaken.

Pangandikanipun Gusti nglandhesi pangibadah kita dinten punika, saking Jabur 34:19, **“Pangéran Yehuwah ana ing sacedhaké para wong kang rempu atiné, sarta para wong kang pepes budiné padha dipitulungi”**.

Gusti Yésus saèstu ngasihi kita sami. Saking laré dumugi yuswa adi, gesang kita aos ing paningalipun. Sumangga kita raosaken lan kita sokuri sih katresnaning Allah ingkang ngekahaken kita.

KPJ 146:1,2 “YÈN SIRA SANGSARA”

- 1) Yèn sira sangsara sarta sedhih,
manteba pracaya, Allah tan tebih.
Aja wedi, Gustimu nganthi.
Rèhing kadursilan mesthi kasoran.
Pepeteng dosa ilang sirna,
mung gung karaharjan, linubèran.
- 2) Yèn nyanggi momotan wah panandhang,
sira aja semplah alit ing manah.
Iblis julig memilut driya,
milih margi ènthèng nging dugèng nraka.
Pasrah mring Allah nyuwun kiyat,
Sira tamtu rinoban sih-rahmat.

PENGAKENING DOSA

(lenggah)

PL: Kanthi ngasoraken manah, sumangga kita sowan Gusti,
ngakeni dosa kita.

Wakiling para tiyang sepuh:

*Dhuh Gusti, kawula sami ngucap sokur awit brayat
kawula, inggih nugraha Paduka. Matur nuwun awit*

saben tiyang ingkang wonten ing satengahing brayat kawula. Ing wekdal punika, kanthi asoring manah, kawula ngakeni dosa kawula ing ngarsa Paduka. Minangka sisihan, kawula asring nyakiti manahipun sémah kawula. Minangka tiyang sepuh, kawula asring nyakiti manahipun anak-anak kawula. Kawontenan sayah lan lungkrah asring ndadosaken kawula kécalan kasabaran. Égo kawula ugi asring nuntun kawula kirang migatosaken raosing manahipun sémah punapa déné anak-anak kawula. Tarkadhang kawula malah mboten gadhah wekdal kanggé saèstu-èstu nyarengi lan migatosaken manahipun. Mbok bilih, kawula sami déné mboten tansah mangertosi punapa sémah lan anak-anak kawula nembé sami perang ngadhepi momotan lan kasedhihan ingkang metek. Inggih awit kawula sakelangkung répot kaliyan kathah prekawis lan kawula langkung mentingaken raos-pangraosing manah kawula. Dhuh Gusti mug i karsaa ngapunteni kawula.

U: (ngidung saking KJ 42 “Tuhan Kasihani” kajawèkaken)
GUSTI MUGI MLASI KAWULA

Gusti, mug i mlas i...
Kristus, mug i mlas i...
Gusti, mug i mlas i kawula...

Wakiling anak:

Dhuh Gusti, kawula sami ngucap sokur awit para tiyang sepuh ingkang sampun ngopèni, nggulawenthah, memulang bab iman kapitadosan dhateng kawula, sarta ndongakaken kawula ing sadhéngah wekdal. Sapunika kawula ugi nyenyuwun pangapunten awit dosa kalepatan kawula. Minangka anak, kawula asring damel sedhih manahipun para tiyang sepuh kawula. Kawula asring wantun, mboten manut, lan mboten nganggep penting sedaya pitutur-

pituturipun. Minangka sedhèrèk, kawula asring mboten purun andum punapa kémawon lan angèl ngapunteni. Dhuh Gusti, mugi karsaa mitulungi kawula. Mugi kaapuntena kawula lan sinagedna kawula gesang langkung saé malih minangka anak punapa déné minangka sedhèrèk.

U: (ngidung saking KJ 42 “Tuhan Kasihani” kajawèkaken)
GUSTI MUGI MLASI KAWULA

*Gusti, mugi mlsi...
Kristus, mugi mlsi...
Gusti, mugi mlsi kawula...*

PL: Minangka patunggilaning pasamuwanipun Gusti, kawula ugi nyenyuwun pangapunten, karana kawula asring mboten preduli dhateng sesaminé patunggilan gegelitan Paduka. Mbok bilih ing antawising sedhèrèk-sedhèrèk ingkang sami lenggah cecaketan kaliyan kawula, wonten ingkang nembé ngadhepi geguletaning gesang ingkang awrat. Ananging kawula mboten tepang kanthi saé kaliyan sedhèrèk kawula punika, lan malah mboten naté mbagé dhiri minangka mitra punapa déné sedhèrèk ingkang saged andum geguletaning gesang. Minangka gegelitané pasamuwan, kawula namung asring nyuwun dipun gatosaken lan dipun ladosi, tinimbang nggatosaken lan ngladosi sesami. Dhuh Gusti, awit kamirahan Paduka, kawula nyenyuwun pangaksama lan nyuwun kaanyarna cara gesang kawula. Sinagedna kawula dados patunggilaning pasamuwan Paduka ingkang sami déné ngraosaken minangka anggota patunggilaning brayat ageng, ingkang saged sami déné kekah-ngekahaken ing salebeting katresnan. Ing asma dalem Gusti, kawula ndedonga.

PL&U: Amin.

KPJ 45:1-3 “ANÈNG NGARSANÉ GUSTI”

- 1) Anèng ngarsané Gusti, binuka isining kalbu.
Sanyata najis uripku, anèng ngarsané Gusti
- 2) Anèng ngarsané Gusti, tansah tetéla luputku.
Mung kebak lamis uripku, anèng ngarsané Gusti.
- 3) Anèng ngarsané Gusti, rumangsa ringkih lan
semplah.
Reribed lan nyawa lungkrah, anèng ngarsané Gusti.

PAWARTOSING SIH RAHMAT (jumeneng)

PS: Pirengna pawartosing sih rahmat saking Gusti ingkang
sinerat ing Injil Matius 11:28, *“Hé, para wong kang
kesayahan lan kamomotan, padha mrénéa, Aku bakal
gawé ayemmu.”*

Mekaten pawartosing sih rahmat saking Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti!**

PS: Salam tentrem rahayu
(*Pasamuwan sami déné jawat asta nguhungaken salam
tentrem rahayu*)

KPJ 197 “KULA SAMPUN SIYAGA”

Kula sampun siyaga, Gusti; sumadya nampèni
sabdamulya.

Kula sujud manembah Gusti, marak ngabyantara
sapunika.

Mugi Gusti maringi berkah dhumateng kawula ing
samangkya.

Kawula cumawis ing manah samekta ing gati.

Sabda Paduka datan éwah gingsir saking mula buka;

ugi sapunika wah salaminya. Sabda Paduka wonten
gesang kula.

Manah kula sampun siyaga nampi sabda mulya.

PELADOSAN SABDA

(lenggah)

a. Pandonga Peladosaning Sabda (PS)

b. Pamaosing Kitab Suci

PS: maosaken Jabur Masmur 42.

PS: Mekaten Sabdanipun Gusti.

Ingkang rahayu tiyang ingkang maos, mireng lan ngecakaken ing gesangipun. Haléluya!

U: *(ngidungaken KPJ 205:1 Sabdèng Allah Makarti)*

KPJ 205:1 SABDÈNG ALLAH MAKARTI

Sabdèng Allah makarti, wradin salumah bumi.

Kita kang tinimbangan, tampi kawilujengan.

c. Kotbah

d. Wekdal Ening

TÉKAD LAN PENGAKENING IMAN

(jumeneng)

PL: Sumangga sesarengan nglairaken malih pengakening iman linandhesan baptisan kita, kanthi ngucapaken Pengakening Iman Rasuli, mekaten...

PL+U: KAWULA PITADOS ...

PANDONGA SYAFAAT

(lenggah)

PS: *(mangarsani peladosan pandonga syafaat, kapungkasan srana sesarengan ngucapaken Donga Rama Kawula.)*

PISUNGSUNG

PL: Mekaten agenging katresnanipun Allah. Panjenenganipun karsa ngreksa gesang kita kanthi cara ingkang mawerni-werni nglangkungi budi nalar kita. Panjenenganipun mboten naté nilar kita, malah tansah ngekahaken lan mberkahi kita. Sapunika sumangga kita ngaturaken pangucap sokur awit katresnan ingkang tuhu élok punika, kanthi ngaturaken pisungsung. Pangandikanipun Gusti ingkang nalesi atur pisungsung kita kapendhet saking Jabur 86:12, *“Dhuh Pangéran,*

Allah kawula, kawula badhé ngaturaken pamuji sokur kanthi gumolonging manah dhumateng Paduka saha ngluhuraken asma Paduka ing salami-laminipun;”

KPJ 158:1-4 “DITANSAH PADHA BUNGAHA”

- 1) Ditansah padha bungaha nampèni kabegjan swarga, karana kita wong dosa ingentas saking antaka.
Reff.: Tansah bungah ing patunggilané Gusti, tansah bungah, wit sinung gesang sejati
- 2) Tansah ulah kabecikan, dhemen awèh pitulungan, yéku pratandhaning sokur mring sihing Allah Maluhur. *Reff.:*
- 3) Ditansah mantep pracaya, tan was-sumelang ing ati. Tegen nyenyuwun, ndedonga, pasrah, wit Gustimu nganthi. *Reff.:*
- 4) Ditansah padha bungaha, wit antuk tentrem-raharja. Gustimu ngreksa slamanya saparan lakunira. *Reff.:*

PL: Sumangga sami jumeneng (*pasamuwan jumeneng*)
(*PL mangarsani pandonga atur pisungsung*)

PANGUTUSAN (*jumeneng*)

PS: Nalika Gusti Allah nuntun lampah kita ing satengahing margi ingkang ménggak-ménggok lan mendhak-mendhukul,
Nalika Panjenenganipun ngeparengaken kita nglampahi perang ing satengahing kasedhihan lan momotaning manah,
Yektosipun, Allah mboten naté nilar kita.
Panjenenganipun tansah caket kaliyan kita.
Mboten katégakaken kita piyambakan.
Panjenenganipun malah karsa ngrentahaken tentrem rahayunipun supados manah kita ngraosaken ayem.

KPJ 436:1-3 “GUSTI NUNTUN LAMPAH KULA”

- U (sedaya): Gusti nuntun lampah kula,
saklangkung nggèn kula begja
Celak miwah tebih ugi,
kula tansah dipun kanthi
- Reff (sedaya):* Nggihi Gusti kang nganthi kula,
astanya pyambak kang ngreksa
Mila kula manut Gusti,
Juru wilujeng sejati.
- Umat (Priya): Dadosa ing wanci siyang
punapa kesaput ratri,
tyas peteng utawi padhang,
kula tansah dipun kanthi. *Reff: ...*
- Umat (Wanita): Gusti nuntun, kula pasrah
klayan nrimah ing satitah.
Sanadyan ta dugèng janji,
kula tansah dipun kanthi. *Reff: ...*

BERKAH

(*jumeneng*)

PS: Pangéran Yéhuwah mberkahi panjenengan lan ngayomi
panjenengan, sanajan dinten-dinten ingkang
kalampahan mboten mesthi tansah gampil.
Pangéran Yéhuwah nyunaraken wedananipun dhateng
panjenengan lan maringi sih rahmat ingkang
ngayemaken manah.
Pangéran Yéhuwah nungkulaken wedananipun dhateng
panjenengan lan maringi tentrem rahayu, ingkang
nyagedaken panjenengan nyunaraken tentrem rahyu
dhateng sesami ingkang nembé kamomotan lan sedhih.
Ing Patunggilanipun Allah Sang Rama, Putra lan Sang
Roh Suci ngekahaken lampah panjenengan
nglajèngaken pakaryaning katresnan, ing samangké
dumugi ing salami-laminipun. Amin.

Wulan Brayat 2024
Supados Panjenengan Sami Tresna-tinresnanana

U: (*ngidungaken KPJ 466 “Amin, Haléluya”*)
 KPJ 466 “AMIN, HALÉLUYA”

Amin haléluya, amin haléluya
Pinuji Paduka, Amin haléluya.

Pasamuwan lenggah lan ngeningaken manah sacara pribadi.

[HAS-IP]



Tata Pangibadah Minggu Kaping Tiga

Payo, Kabèh Waé, Padha Séba Ing Ngarsané

Waosan: Lukas 14:12-14

Minggu, 20 Oktober 2024

Katerangan:

L.: Liturgos

PS: Pelados Sabda

U: Umat

TIMBALAN NGIBADAH

Bèl Kapisan: Umat ndedonga sacara pribadi

Bèl Kaping Kalih: Umat jumeneng; Liturgos nyumed lilin
tandha pangibadah kawiwitan, lajeng
pinarak ing mimbar alit

*(Sadaya timindak ing nginggil kajumbuhaken kaliyan
padat-pakulinan pasamuwan)*

L: Gesang padintenanipun brayat Kristen mboten naté saged
kapisahaken saking pepanggihan kaliyan sedhèrèk-
sedhèrèk ingkang asring kasisihaken lan kirang
kinormatan saking sesami ing kiwa tengenipun. Inggih ing
salebeting pepanggihan kados makaten punika kita sadaya
sami kaémutaken bilih katresnanipun Allah punika
lumuntur dhumateng saben tiyang, lan kita sadaya
katimbangan dados sarana-sarananipun ngrengkuh lan
nampèni sedhèrèk-sedhèrèk ingkang makaten kalawau
kanthi angeting katresnan.

U: KANTHI KEBAK RAOS PAMUJI SOKUR, KAWULA
SOWAN MAREK ING NGARSA PADUKA DHUH GUSTI.

MUGI PADUKA KARSA NGANYARAKEN GREGETING
MANAH KAWULA SAMI.

L: Sumangga kita sowan wonten ing ngarsanipun Gusti
sarana memuji, manambah lan mirengaken sabdanipun.

KPJ. 59: 1,2 PINUJIA TANSAH ALLAH MAMIRAH

- 1) Pinujia tansah Allah Mamirah
Kang gung tresnanira mring salir titah
Tyang dosa duraka sinung apura
Tinebus sing pati temah basuki
Refr.
Luhurna, mulyakna, Gusti Sang Pamarta
Luhurna, mulyakna Pangruwating dosa
Pasrah maring Allah srana pracaya
Margining waluya tentrem raharja
- 3) Pinuji tan kendhat Allah Murbèngrat
kang nunggil wah ngreksa mring kagungan-Nya
Tyang bekti lan setya sinung nugraha
Gesang langgeng nyata nèng kraton swarga
Refr.:...

VOTUM *(jumeneng)*

PS: Pangibadah punika kita leksanani ing asmanipun Gusti
ingkang nitahaken langit lan bumi. Gusti ingkang dados
sumbèring pitulungan kita sami.

U: *(mujèkaken KPJ. 464b Amin, Amin, Amin)*
AMIN, AMIN, AMIN.

SALAM *(jumeneng)*

PS: Salam, tumrap panjenengan sadaya ingkang rawuh ing
atas asmanipun Gusti, Sih rahmatipun Gusti mugi
nunggila ing panjenengan sami.

U: NUNGGILA ING PANJENENGAN UGI.

PAMBUKA

(*Lenggah*)

L: Samangké kita lumebet ing Minggu ingkang kaping tiga wulan brayat. Ing salebeting pangibadah punika kita badhé sesarengan ngraos-ngraosaken pangandika ing Injil **Lukas 14:12-14**

12 Gusti Yésus uga banjur ngandika marang wong kang ngaturi rawuh Panjenengané: “Manawa kowé nganakaké pista ing wayah awan utawa bengi, kowé aja ngulemi mitra-mitramu, utawa sadulur-sadulurmu, utawa sanak kadangmu, utawa tangga teparomu kang sugih-sugih, amarga iku bakal padha males genti ngulemi kowé, dadi kowé wis olèh piwales. **13.** Nanging, manawa kowé nganakaké pista, ngulemana wong-wong kang mlarat, kang cacad, kang lumpuh lan kang wuta. **14.** Yèn mangkono kowé bakal rahayu, amarga wong iku kabèh ora padha duwé kang dianggo males marang kowé. Déné kowé bakal tampa piwales bésuk ing dina patangèning para wong mursid”.

Gusti Yèsus nedahaken dhateng kita sami bilih Panjenenganipun karsa nampèni sadaya tiyang tanpa mbéda-mbédaaken satunggal lan satunggalipun. Kita para tiyang dosa ingkang mesthinipun mboten pantes ngadhep wonten ing ngarsanipun, éwadéné kita sami dipunaruh-aruhi awit katresnanipun. Panjenenganipun punika Allah ingkang katresnanipun nglangkungi sadaya watesan ingkang pinanggih wonten ing gesang kita, makaten ugi Allah ngersakaken kita sami ndarbèni ugi sikep ingkang sami.

KPJ. 395: 1,2 SAWATARA AKU NOLEH

- 1) Sawatara aku nolèh, marang dalan kang dakliwati, sihé Gusti kang dak tampa, kanthi éraming ati sanadyan akèh alangan wah kadhang lelimengan,

nanging Gusti karsa nuntun. Mulané aku ngungun,
wit astaning Allah ngreksha, temah rumangsa begja.

- 2) Ora merga aku becik, tanganku tinuntun asta-Nya;
ora jalaran sampurna, aku tansah rineksa.
Aku tansah kaèraman, wit tansah binerkahan.
Kadiparan nggonku nampa, sih-tresnané Kang Kwasa.
Daklakoni, dakedumken marang umat sadonya

PANGAKENING DOSA

(lenggah)

L: **Markus 12:30-31**

30. “Sira tresnaa marang Allahira kalawan gumolonging
atinita, lan kalawan gumolonging nyawanira, sarta
kalawan gumolonging budinira apadéné kalawan
sakabèhing kekuwatanira.31. Déné pepakon kang
kapindho yaiku: Sira tresnaa marang ing sapepadhanira
kaya marang awakira dhéwé. Ora ana pepakon liyané kang
ngungkuli pepakon loro mau”.

Adhedhasar angger-anggering katresnan punika,
sumangga kita sami ndadar manah lan sikep kita dhateng
sesami, punapa kita saèstu nresnani Allah kanthi sagah
nampèni sinten kémawon tanpa mbéda-mbédaaken
satunggal lan satunggalipun?

*(ening sawatawis ± 30 dhetik, kairing ungeling musik
instrumental KPJ. 52 GUSTI SÈSTU KULA NALANGSA)*

L: Sumangga kita sami ndedonga

L+U: Dhuh Gusti, kawula sami ngakeni sifat winates kawula
dalah anggèn kawula sami mboten kewagang ngaosi sih
katresnan Paduka, kawula asring sami mboten saged
mratélakaken katresnan dhateng sesami. Mugi Paduka
karsa mitulungi kawula sami tansah ngèngeti adeg kawula
minangka tiyang ingkang sampun langkung rumiyin
paduka tresnani, lan awit saking punika kawula sadaya ugi
sami saged nresnani sesami kawula tanpa mbéda-

mbédakaken satunggal lan satunggalipun. Wonten ing dalem asmanipun Gusti Yésus Kristus, juru wilujeng kawula, kawula sami ndedonga. AMIN.

KPJ 52:1-2 “GUSTI SÈSTU KULA NALANGSA”

1. Gusti sèstu kula nalangsa, awit asring mbaléla
Damel sekel galih Paduka, kèlu ombyaking donya
Reff.
Dhuh Gusti kawula nyuwun apura, sinucèkken sing dosa
Mugi manah kula kaénggalna, mituhu Paduka
2. Sèstu kula angraosaken, awrat déning momotan
Nging wit Paduka mitulungi, tan awrat babar pisan
Reff...

PAWARTOS SIH RAHMAT

PS: Sumangga kita sami *jumeneng*, nampèni pawartos sih rahmat

Sabdanipun Gusti ingkang sinerat wonten ing serat Rum 13:8-9 ngandika makaten:

8. “Kowé aja padha duwé utang apa-apa marang sapa baé, kajaba mung utang tresna-tinresnan. Awit sing sapa nresnani sapa padha-padha, iku ateges wis netepi ing angger-anggering Torèt. 9. Awit pangandika: aja laku jina, aja memateni, aja nyenyolong, aja mélik, sarta sadhéngaha pangandika liyané, iku wus kacakup ana ing pagandika iki. Yaiku: Tresnaa marang sapepadhanira dikaya marang awakira dhéwé”.

Makaten pawartos sih rahmat saking Gusti.

U: PUJI SOKUR KONJUK ING GUSTI

PS: Salaming Tentrem Rahayu

*(Umat sami jawat asta nélakaken salaming tentrem rahayu,
sinarengan memuji:)*

KPJ. 96: 1: TYAS KITA DIMÈN SLAMANYA BUNGAH

1. Tyas kita dimèn slamanya bungah lan sukarena
Déné Sang Rama ing swarga, nganggep putra mring kita
Mara tansah abebungah, saben dina antuk trang
Dalaning urip éndah apadhang mara tansah dèn girang

PELADOSAN SABDA

(lenggah)

a. Pandonga Peladosan Sabda (PS)

b. Pamaosing Kitab Suci

PS: *(Maosaken Lukas 14:12-14 (SINTEN INGKANG PRELU
DIPUNULEMI). Makaten Sabdanipun Gusti. Rahayu
saben tiyang ingkang mirengaken dalah netepi
dhawuhipun Gusti. Haléluya.*

U: *(mujèkaken KPJ 194: 1, 2 KITAB SUCI KANG ADI)*

1. Kitab Suci kang adi, sabdèng Gusti sejati
Éndah saklangkung éndah, nugraha saking Allah
Nugraha saking Allah
2. Lembar sabda Paduka, nuntun gesang kawula
Dadya padhang menjila, tamèng saking bebaya
Tamèng saking bebaya

c. Kotbah

d. Wekdal Ening

L. PANGAKEN PITADOS RASULI

L+U: Kawula Pitados.....

PANDONGA SYAFAAT

(lenggah)

PS: *(Ngonjukaken pandonga syafaat)*

ATUR PISUNGSUNG

(lenggah)

L: Sumangga kita sami ngaturaken pamuji sokur dhumateng Gusti awit sadaya kamirahanipun, sarana kita sesarengan ngaturaken pisungsung adhedhasar pangdikanipun Gusti ing serat **Galati 6:2**: “Padha tulung tinulungana ing bot repot! Iya kaya mangkono iku anggonmu netepi ing angger-anggering Sang Kristus”.

KPJ. 181:1-3 “PUJI SOKUR KONJUK GUSTI”

1. Puji sokur konjuk Gusti, wit sih rahmat Paduka
Datan kendhat angasihi, cihnaning kawlasanta
Sokur paringing pakaryan, nadyan badanmba ringkih
Sokur déné kadang mitra tansah anandukken sih
2. Sokur déné sesekaran, sedhep éndah ing warni
Sokur méga ngantariksa, miwah surya ndadari
Sokur krana bingah-sisah, Gusi tansah rumeksa
Awit Paduka kang tansah, nuntun lampah kawula
3. Sokur wit brayat kawula, rukun samya sinihan
Sokur déné pasamuwan nuwuhken katentreman
Sokur krana wancinira, bingah utawi sisah
Sokur dé gesang kawula, nèng pamengkuning Allah

L: Sumangga kita sami jumeneng *(jumeneng)*
Sumangga kita sami ndedonga ...

L+U: Dhuh Gusti, kanthi raos kebak pamuji sokur, kawula sami ngaturaken pisungsung kawula konjuk ing ngarsa Paduka. Pisungsung punika dados tandha anggèn kawula sami nanggapi timbalan Paduka supados kawula sami migatosaken sesami kawula. Mugi Paduka karsa ngrimati tekad kawula sami, tansah tumut makarya ing pakaryaning katresnan Paduka kanggé sadaya ingkang

tumitah. Mugi Paduka karsa paring berkah dhateng pisungsung kawula sami. Wonten ing asmanipun Gusti kawula Yésus Kristus, kawula sami ndedonga. AMIN.

PANGUTUSAN

(jumeneng)

- PS: Sami ngenerna manah panjenengan dhumateng Gusti
U: KAWULA NGENERAKEN MANAH KAWULA
DHUMATENG GUSTI INKGANG MAUJUD WONTEN
ING GESANGIPUN SESAMI KAWULA INKGANG SAMI
KASINGKIR
PS: Sami madega dados seksinipun Sang Kristus ing
salebeting brayat panjenengan sarana sumanggem andum
katresnan dhateng sesami tanpa mbéda-mbédaaken
satunggal lan satunggalipun.
U: KAWULA BADHÉ TANSAH NRESNANI GUSTI ING
SALEBETING LAN LUMANTAR BRAYAT KAWULA.
PS: Pinujia Panjenenganipun ingkang katresnanipun kababar
tumrap sadaya tiyang
U: DHUH GUSTI, BRAYAT KAWULA MUGI PADUKA
DADOSAKEN BRAYAT INKGANG SAGED NAMPÈNI
SINTEN KÉMAWON KANTHI KEBAK KATRESNAN.
KPJ. 339: 1-3 IBA DÈNNYA MBINGAHAKEN

1. Iba dènnya mbingahaken, yèn ing sajagad wrata
Kaadilan dèn agungken, binabar anèng donya
Reff.
Srana sih katresnan tulus, lah jagad dados Pirdus
Sagung tumitah rinimat, rinoban ing sih rahmat
2. Iba dènnya nengsemaken, yèn manungsa sabumi
Marsudi tentrem rahajeng, mbabarken sihing Gusti
Reff.
3. Iba dahat éndahira, pra titah tetunggilan,
Tunggil sedya sékapraya, rumaket trus ing driya
Reff.

4. Mila kula datan wigih, gya gumregut makarya
Tumandang sepi ing pamrih, mung ayuninhg bawana
Reff.

LUMUNTURING BERKAH

(jumeneng)

PS: Pangéran Yéhuwah mugi maringana berkah dhateng panjenengan, lan ngayomana panjenengan; Pangéran Yéhuwah mugi nyunarna cahyaning wedananipun dhateng panjenengan lan maringana sih rahmat; Pangéran Yéhuwah mugi karsaa nungkulaken wedananipun dhateng panjenengan lan maringana tentrem rahayu”. Amin.

[RA-YTD]



Wulan Brayat 2024
Supados Panjenengan Sami Tresna-tinresnanana

Marilah Membangun Rumah

(Let Us Build A House/All Are Welcome)

Syair & Lagu: Marty Haugen

Teks Indonesia: Pdt. Juswantori Ichwan

do = f 4 ketuk M = 100

5 6 | 1 . 2 3 2 3 | 1 6 5 5 | 1 1 2 3 4 3 | 2 . . 3 4 |
 1. Ma - ri - lah ki - ta mem - ba - ngun ru - mah yang a - man ba - gi se - mu - a. Tem - pat
 2. Ma - ri - lah ki - ta mem - ba - ngun ru - mah di ma - na ka - sih di - ta - bur. Ti - ap
 3. Ma - ri - lah ki - ta mem - ba - ngun ru - mah, tem - pat ka - sih di - te - mu - kan. Di per -
 4. Ma - ri - lah ki - ta mem - ba - ngun ru - mah, yang si - ap men - jang - kau du - nia. Yang me -
 5. Ma - ri - lah ki - ta mem - ba - ngun ru - mah, yang har - ga - i ti - ap na - ma. Ha - rap -

5 . 6 5 3 | 4 3 2 1 2 2 3 | 4 3 2 3 2 | 1 . . 3 4 |
 1. ti - ap o - rang te - rus be - la - jar me - ne - ri - ma dan me - nger - ti. Di - bang -
 2. a - nak - Nya be - ra - ni ber - ha - rap di - rang - kul ka - sih Kris - tus. Sa - lib -
 3. ja - mu - an, di tem - pat yang ku - dus, yang hi - na - pun di - un - dang - Nya. S'bab di -
 4. rang - kul dan mem - ba - lut lu - ka yang ter - a - sing dan ter - si - sih. Kar - 'na
 5. an me re - ka di - per - ha - ti - kan dan ki - sah - nya di - de - ngar - kan. Di - bang -

5 . 5 5 4 | 3 2 . 1 2 | 3 . 2 1 7 | 6 . . 5 6 |
 1. ngun di - a - tas i - man kan rah - mat ka - sih Tu - han. Ka - sih -
 2. Nya a - da - lah sak - si, dan lam - bang cin - ta Tu - han. Da - lam
 3. sa - na - lah ber - te - mu da - mai dan ke - a - dil - an. Ma - ri
 4. di wa - jah me - re - ka ter - cer - min ci - tra A - llah. Ke - ter -
 5. un di a - tas do - a, ta - wa dan a - ir ma - ta. Ber - se -

1 . 1 1 6 | 1 2 3 2 1 | 4 . 4 3 2 1 | 5 . 5 4 3 2 |
 1. Nya run - tuh - kan pem - be - da - an: Ma - ri da - tang, se - mua o - rang,
 2. Ye - sus ki - ta 'pun se - ru - kan: "Ma - ri da - tang, se - mua o - rang,
 3. ki - ta sam - but pang - gil - an - Nya: "Ma - ri da - tang, se - mua o - rang,
 4. a - sing - an ki - ta e - nyah - kan: Ma - ri da - tang, se - mua o - rang,
 5. ha - ti ki - ta t'rus se - ru - kan: "Ma - ri da - tang, se - mua o - rang,

3 . 4 3 2 1 | 2 . 2 . | 1 . . . | 1 . . . | 1 . . . | 1 . . . ||
 1. Kau di - sam - but di - si - nil!
 2. Kau di - sam - but di - si - nil!"
 3. Kau di - sam - but di - si - nil!"
 4. Kau di - sam - but di - si - nil!
 5. Kau di - sam - but di - si - nil!

Tata Pangibadah Minggu Kaping Sekawan

Katimbalana Nami-nami Kawula

Waosan: Lukas 14:12-14

Minggu, 27 Oktober 2024

Katerangan:

PS:	Palados Sabda	A:	Anak
P/D:	Pinisepuh/Dhiaken	R:	Remaja
Psw:	Pasamuwan (Sesarengan)	P:	Pemuda/pemudi
PK:	Pasamuwan Kakung	E:	Éyang Kakung-Putri
PP:	Pasamuwan Putri	Ptgs:	Petugas ingkang kajibah ndonga

PASAMUWAN NYAWIJI

Wekdal Ening

TIMBALAN PANGIBADAH

(jumeneng)

(Mazmur 34:2-4)

A+R: **Pangéran Yéhuwah arep dakpuji ing salawasé; pepujian marang Panjenengané tetep ana ing cangkemku.**

P/D: Marga saka Sang Yéhuwah nyawaku rumangsa mulya; wong kang lembah manah cikbèn padha krungu lan padha bungah.

Psw: **Payo padha ngluhuraké Sang Yéhuwah bareng karo aku, payo padha bebarengan nyuwuraké asmané!**

Kidung Pamuji Timbalan Pangibadah:

Psw: (*Ngidungaken KPJ 9 HÉ, SARUPANING PRA UMAT*)
KPJ 9 HÉ, SARUPANING PRA UMAT

1

Hé, sarupaning praumat, padha mujia mring Allah.
Hé, sakèhing para bangsa, asmané padha luhurna.

(*Prosesi P/D lan PS mlebet ing papan pangibadah*)

2

Wit sih-kadarmané Allah, luwih gedhé tumrap kita,
langgeng kasetyané Allah, mila pinuji-pujia.

Votum (*jumeneng*)

PS: Pitulungan kita pinangkanipun saking Gusti, Inggang nitahaken langit lan bumi, inggang setya ngreksa sadaya titahipun.

Psw: (*ngidungaken*) **Amin! Amin! Amin!**

Salam (*jumeneng*)

PS: Sih-rahmatipun Sang Kristus nunggila ing panjenengan!

Psw: **Nunggila ing panjenengan ugi!**

ATUR PAMBUKA (*lenggah*)

P/D: Saben tiyang nggadhahi nami. Saben nami temtu wonten maknanipun nanging inggih wonten inggang mboten nggadhahi makna, kaanggep mboten wigati sinten naminipun. Kawontenanipun mboten sawetahipun saged katampi déning tiyang-tiyang ing sakiwa-tengenipun. Para tiyang wau inggih para *penyandang disabilitas* (para tiyang inggang nandhang kawontenan winates utawi cacat). Dinten punika kita badhé sinau bilih piyambakipun punika ugi para titahipun Gusti inggang wigati. Para sadhèrèk punika inggih dipun tresnani Gusti. Lan kita sadaya katimbalan supados nampèni lan nggatosaken para sadhèrèk punika lumantar tumindak nyata ing gesang padintenan.

Psw: (ngidungaken: KPJ 20:1, 2 PANGERAN MAMULYA)
KPJ 20 PANGERAN MAMULYA

1

Pangeran Mamulya yogya kula puja;
dene agung kadarmannya kang sumrambah mring kula.
Datan wonten wicalannya, tan kendhat lumintunya.
Pangeran Mamulya yogya pinuja.
Pangeran Mamulya yogya pinuja.

2

Pangéran Mamulya yogya kula puja;
déné karsa maringaken Putranipun pribadya,
dinadosken Juruslamet miwah Pamarta kula
Pangéran Mamulya yogya pinuja. (2x)

3

Pangéran Mamulya yogya kula puja;
dé tan karsa malesaken sagung klepatan kula,
malah dipun sucèkaken sarta ingangkat putra.
Pangéran Mamulya yogya pinuja. (2x)

PANGAKENING DOSA

(lenggah)

- PS: Dhuh, Gusti, Paduka ingkang Mahawelas,
Kawula sowan ing ngarsa Paduka. Kawula ngakeni dosa-
dosa kawula lan nyuwun kawelasan Paduka.
- A+R: Kawula nyuwun pangapunten awit kawula asring
mboten nresnani lan preduli dhateng para sadhèrèk
kawula ingkang nandhang kawontenan winates/cacad.
Kadhangkala kawula memoyoki kakiranganipun.
- P: Kawula nyuwun pangapunten awit kawula asring
nglirwakaken kabetahanipun, ngrèmèhaken
swantenipun, tuwin nganggep rèmèh
pambudidayanipun
- PK: Kawula nyuwun pangapunten awit kawula supé suka
kawigatosan ingkang murwat dhateng piyambakipun.
Punapadéné tumindak lan pitebungan ingkang natoni
manahipun.
- PP: Gusti, paringana kawula kekendelan nyengkuyung

piyambakipun kanthi tumindak ingkang nyata. Kawula Paduka wulang supados nresnani piyambakipun jalaran Paduka nresnani kawula kanthi katresnan ingkang ageng.

PS+U: Sageda lumantar tumindak kawula, jagad punika dados papan ingkang langkung adil lan kebak katresnan tumrap piyambakipun. Wonten ing asma Gusti Yésus Kristus, kawula ndedonga. Amin.

Psw: (*Ngidungaken: KPJ 52:1, 2, 3 GUSTI SÈSTU KULA NALANGSA*)

KPJ 52 GUSTI SÈSTU KULA NALANGSA

1

Gusti sèstu kula nalangsa, awit asring mbaléla,
damel sekel galih Paduka, kèlu ombyaking donya.

Refr. Dhuh Gusti, kawula nyuwun apura,
sinucèkken sing dosa.

Mugi manah kula kaénggalna,
mituhu Paduka.

2

Sestu kula angraosaken awrat dening momotan.
nging awit Paduka nulungi, tan awrat babar pisan.

Refr.

3

Sestu kawula ngraosaken ing katresnan Paduka,
wit Paduka tan négakaken kula kawratan dosa.

Refr.

PAWARTOS SIH-RAHMAT

(*jumeneng*)

PS: (*Tetakèn dhateng para laré*)

Bocah-bocah, apa kowé padha ngreti sapa kang ngapura dosamu?

A: (*Anak mangsuli, “Gusti Yésus”*)

PS: Ibu, Bapak, Mas, Mbak, punapa panjenengan sadaya pitados bilih kita nampi pangapuntening dosa saking Gusti Yésus?

Wulan Brayat 2024
Supados Panjenengan Sami Tresna-tinresnanana

Psw: Inggih, kawula pitados.

PS: Menawi makaten, sumangga kita mirengaken Pangandikanipun Gusti saking 1 Yokanan 1: 9, “Manawa kita padha ngakoni dosa kita, Panjenengané iku setya tuhu lan adil, temah bakal ngapura sakèhing dosa kita, sarta ngresiki sakèhing piala kita.”

Makaten pawartos ish-rahmat saking Gusti

Psw: Puji sokur kunjuk Gusti!

(salajengipun sami pratela, “Tentrem rahayu” kalajengaken memuji KPJ 212 “Aku Mbok Caritanana”)

KPJ 212 AKU MBOK CARITANANA

1

Aku mbok caritanana bab Yésus Sang Pamarta;
pepadhanging wong sabumi, Putrèng Allah Masuci.
Ya jatining kauripan, langgeng tan winatesan.
Margané tumekèng swarga, Imam Agung sampurna.
Juru Pagon kang utama, wah pangruwat manungsa.

2

Aku mbok caritanana bab Yésus Sang Pamarta;
yéku Sang Kristus Masuci, Gustining para gusti,
Ratuning salir pra ratu, ya Sang Guru satuhu.
Sabdèng Allah kang manjalma, wah putraning
Manungsa.

Jumeneng cempening Allah, Abdining Sang Yehuwah.

PALADOSAN SABDA

(lenggah)

Pandong a Paladosan Sabda

PS: (*ngonjukaken pandonga epiklese*)

Pamaosing Kitab Suci

PS: Pamaosing Kitab Suci saking **Injil Markus 10:46-52**
“Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Inggih rahayu inggih punika ingkang mirengaken Pangandikanipun Gusti lan nindakaken ing gesang padintenan. Haleluya!”

Psw: (*ngidungaken*) **Haléluya!** (3x).

Kotbah

Wekdal Ening

Pisungsung pamuji (*menawi wonten*)

Pangakening Pitados Rasuli

(*jumeneng*)

P/D: (*mimpin Pangaken Pitados Rasuli*)

Pandong Syafaat

(*lenggah*)

(*menawi saged, kapimpin déning penyandhang disabilitas. Pandonga ing ngandhap punika namung adhapur pilihan alternatif, saged karancang piyambak déning petugas. Petugas mboten kedah tiyang satunggal*)

Ptgs: Dhuh, Gusti, ingkang Mahaasih,

Kawula ngaturaken panuwun awit katresnan Paduka ingkang tanpa wates.

Kawula ndedonga kanggé sadaya *penyandhang disabilitas* (ingkang nandhang kawontenan winates/cacad). Paduka karsaa maringi kakiyatan dhateng kawula salebeting ngadhepi tantanganing gesang. Paringana kawula kekendelan kanggé nglampahi gesang kanthi kebak pangajeng-ajeng lan pitados bilih katresnan Paduka ingkang mboten naté nilar kawula.

Kawula ndedonga kanggé brayat lan para tiyang ingkang mbiyantu kawula. Kaparingana piyambakipun kawicaksanan lan kasabaran salebeting mbiyantoni kawula. Berkahana gesangipun sarana kasarasan lan kabingahan sejati wonten ing gesangipun.

Gusti, kawula nyenyuwun Paduka karsaa maringi kawicaksanan tumrap para pemimpin lan sami ingkang damel pancasan, supados piyambakipun damel lingkungan ingkang momot sok-sitena lan adil tumrap

sadaya tiyang, mirungganipun tumrap ingkang sami nandhang cacad.

Kawula ndedonga kanggé gréja kawula, supados kawula tansah dados tetuladhaning katresnan lan kawigatosan nyata. Kawula Paduka wulang kanggé mbangun sesambetan lan ngrubuhaken témbok ingkang misahaken, temahan saben tiyang rumaos dipun tampèni lan dipun aosi.

Gusti, kawula masrahaken sadaya pandonga lan pangajeng-ajeng kawula wonten ing asta Paduka ingkang kebak katresnan. Wonten ing asmanipun Gusti Yésus Kristus, kawula ndedonga. Amin.

PISUNGSUNG

(lenggah)

P/D: Sapunika sumangga kita ngaturaken pisungsung kagem Gusti, kanthi ngèneti pangandika ing 2 Korinta 9: 7, “Saben wong pawewehe dikaya kang dadi rilaning atiné, aja kanthi sedhik utawa marga kapeksa, awit Gusti Allah iku ngasihi wong kang pawèwèhé kanthi suka-rila.” Sumangga ngaturakaken pisungsung kanthi memuji KPJ 373:1, 2 “Apa Kowé Bisa Ngétung”.

KPJ 373:1, 2 APA KOWE BISA NGETUNG

1

Apa kowe bisa ngetung lintang kang nèng angkasa?
Mangkono uga mring mendhung dalah sakèhing méga?
Kabèh iku nut pangrehé Pangéran kang nitahaké,
ora ana siji baé kang uwal king astané.

2

Apa kowe wruh cacache lemud - lemud ing njaba?
Apa kowe wruh wernane iwak jroning sagara?
Kabèh iku saben dina deningoni Hyang Makwasa;
ora ana siji bae kang kliwatan takeré.

Pandongang Pisungsung

(jumeneng)

P/D: Dhuh, Gusti, lumantar pisungsung punika kasagedna kawula rimat mboten kangge kawula piyambak, ananing kanggé mbiyantu ingkang nandhang kasisahan. Ing saben kawula ngaturaken panuwun, kawula ngraosaken katresnan Paduka lan dhawuh Paduka supados dados pepadhang tumrap sesami. Kawula ndedonga wonten ing asmanipun Gusti Yésus Kristus. Amin.

Psw: **Amin.**

PANGUTUSAN

(jumeneng)

Kidung Pangutusan

PS: Para sadhèrèk, sumangga kita jumangkah kanthi semangat ingkang anyar supados dados agèn katresnan lan kawigatosan dhateng jagad punika. Kita kautus supados nedahaken katresnan ingkang nyata dhateng sesami, mirunganipun dhateng para sadhèrèk kita ingkang gesang salebeting wewatesan.

Psw: *(ngidungaken: KPJ 373: 1, 2 Apa Kowé Bisa Ngétung)*

KPJ 373. APA KOWÉ BISA NGÉTUNG

1

Apa kowé bisa ngétung lintang kang nèng angkasa?
Mangkono uga mring mendhung dalah sakèhing méga?
Kabèh iku nut pangrèhé Pangéran kang nitahaké,
ora ana siji baé kang uwal king astané.

2

Apa kowé wruh cacahé lemud - lemud ing njaba?
Apa kowé wruh wernané iwak jroning sagara?
Kabèh iku saben dina dèn ingoni Hyang Makwasa;
ora ana siji baé kang kliwatan takeré.

Pangutusan lan Berkah

(jumeneng)

PS: Eterna manah panjenengan dhumateng Gusti

Psw: **Kawula nggeneraken manah dhumateng Gusti**

PS: Mengkera kanthi tentrem lan sedyaning manah

Wulan Brayat 2024
Supados Panjenengan Sami Tresna-tinresnanana

nindakaken pakaryanipun Gusti, dados pepadhang lan
sarem ing satengahing jagad.

Psw: **Puji sokur kunjuk Allah**

PS Pinujia Gusti

Psw: **Sapunika ngantos salaminipun**

Berkah

PS: Nampènana berkahipun Gusti:

Sang Yéhuwah muga karsaa paring kakuwatan marang
umaté, Sang Yéhuwah muga karsaa mberkahi umaté
kalawan tentrem rahayu!

(Mazmur 29:11)

Psw: (*ngidung*)

Haléluya! 5X Amin! 3X

[Wsk-TK]



Wulan Brayat 2024
Supados Panjenengan Sami Tresna-tinresnanana

“BAHAN PANYURAOS KITAB SUCI”

**Bahan ingkang kaladosaken ing buku menika
saged kaolah kajumbuhaken kaliyan kawontenan
saha kabetahanipun gréja utawi pasamuwan
sapanggénan.**

Bahan Panyuraos Kitab Suci

Titah Linuwih

Waosan: Purwaning Dumadi 1: 26 – 27

Cêcala

Manungsa tinitah manut pasêmonipun Gusti Allah. Punika atêgês bilih saben tiyang tinitah sami kaliyan Gusti Allah. Ingkang dados pitakènan salajêngipun, punapa “*Penyandang Disabilitas*” (tiyang ingkang nandhang kawontenan winates/cacad) punika minangka pasêmoning Gusti Allah ingkang jangkep lan sampurna, utawi minangka pasemoning Gusti Allah ingkang gothang lan boten jangkep? Kénging punapa wonten sapérangan tiyang ingkang gadhah pamanggih bilih *Penyandang Disabilitas* sanès pasêmoning Gusti Allah ingkang jangkep lan sampurna? Lumantar bahan Panyuraos Kitab Suci (PKS) punika, kaangkah nyagêdakèn pasamuwan ngandharaken bilih *Penyandang Disabilitas* ugi kaanggep minangka pasemoning Gusti Allah ingkang jangkep lan sampurna.

Purwakaning Atur

Pasamuwan kaajak mirsani potrèt (*foto*) utawi vidhio (*video*) cekak bab manéka-warni jinising *Penyandang Disabilitas*. Upaminipun tiyang budhêg, wuta, *down syndrome*, lan *penyandang disabilitas fisik* (tiyang ingkang raganipun winates/cacad) ingkang ngginakaken piranti mirunggan sanèsipun. Nyuwuna pirsu dhateng ingkang ndhèrèk nyuraos bab:

- Kadospundi raos panjenengan, rikala mirsani potrèt utawi vidhio punika, utawi menawi kepanggih kaliyan *penyandang disabilitas*. (Saged kelampahan wangsulanipun: lumrah waé, mèsakaké, gumun, sedhih, lsp.).
- Kénging punapa sadhèrèk punika kagungan pangraos makaten rikala mirsani gambar utawi kepanggih kaliyan *penyandhang disabilitas*.

(sasampunipun gegineman, ingkang ndhèrèk nyuraos kaprayogèkakên maos Purwaning Dumadi 1:26-27 saha kalajengna njlèntrèhakên katrangan waosan).

Katrangan Waosan

Purwaning Dumadi 1: 26 – 27 njlèntrèhaken anggènipun manungsa katitahaken. Gusti Allah nitahaken manungsa manut pepethan (*tselem*) saha pasemonipun (*demuth*) Allah. Kalih tembung punika sami suraosipun (dasa nama). *Tselem* ateges “reca, pepethan utawi tetironing bleger ingkang nyulihi piyambakipun ing satunggaling papan. Déné *Demuth* asipat limrah, mujudaken pasemon utawi praupan ingkang mèmper”.¹

Wonten kalih bab magêpokan kaliyan anggènipun manungsa katitahaken, ingkang kasebataken ing ayat-ayat punika. Sepisan, “padha nguwasanana iwak ing segara, manuk ing awang-awang, lan kéwan ingon tuwin bumi iki kabèh sarta marang sarupané kéwan kang gumrêmêt ana ing bumi (ayat 26).” Èstunipun sampun kathah pamanggih ing jaman sapunika ingkang ngémutakên, murih ayat punika boten kaginakaken déning tiyang minangka cara kanggé ngleresaken anggènipun ngeruk jagad saisénipun kanthi sawenang-wenang. Pramila pamanggih ingkang nêngênakên bab ékologis (njaga uriping imbal-balik sesambungan antarané manungsa, kéwan, wit-witan ing jagad) kedah langkung kaindhakaken malih. Kaping kalih, “lanang karo wadon anggoné nitahaké” (ayat 27). Sampun kathah pamanggih ing jaman punika ingkang nggatosaken ayat

¹ Emanuel Gerrit Singgih, *Dari Eden ke Babel*, Yogyakarta: Kanisius, 2011, 66.

punika saking wawasanipun *feminis* (golongan kang mbudi daya hak wanita sing padha karo priya) bilih adegipun jalêr – èstri punika kedah jajar. Pitakènanipun: Punapa ayat-ayat punika namung saged karembag ngginakaken pamanggihipun para golongananing *feminis* lan *ekologis*? Punapa manéka-warnining kawontenanipun manungsa namung manggèn ing prabédaning jalêr lan èstri? Utawi, *jèndêr* (prabédaning jalêr èstri) punika namung salah satunggaling conto bèntên-bèntênipun manungsa, ngantos pirembaganipun taksih saged dipunwiyaraken malih mawi mawarni-warni kawontenan rupi-rupi sanèsipun? Menawi kita ningali wiyaring jagading kawruh, mligi bab bèntên-bèntèning manungsa, taksih saged karembag mawi cara sanès, kalêbêt *disabilitas*. Kénging punapa kok ingkang dipun ginakaken kanggé conto punika *jèndêr*, amargi *jèndêr* sinandhang déning saben tiyang; éwasêmantên *disabilitas* boten mèsthi sinandhang déning saben tiyang.

Kathah Teolog maringi katrangan menggahing werdinipun gambar lan pasémonipun Gusti Allah. Pramila lajeng wonten tembung *imago Dei* ingkang pinangkanipun saking Purwaning Dumadi 1: 26 -27, inggih punika manungsa katitahaken mirib kaliyan gambaripun Gusti Allah. Salah satunggaling *Teolog Reformasi* ingih punika John Calvin (1509-1564) ngandharaken bilih *imago Dei* dumunung wonten ing jiwaniipun manungsa, mboten wonten ing badaniipun manungsa. Miturut Calvin, papan-utaminipun saking “gambar ilahi” punika manggèn ing salêbêting manah lan pikiran (*mind*), utawi ing jiwa lan kuwaosipun, ananging saranduning badaniipun manungsa boten wonten ingkang singlar utawi nyimpang saking gambaripun Gusti Allah.² Awit Gusti Allah punika asipat langgeng, pramila bab punika ugi nyunaraken menggahing jiwaniipun manungsa ugi langgeng. Saben manungsa katitahaken ndhèrèk nélakaken kawicaksanan, kaadilan, lan kabecikanipun Gusti Allah. Manungsa katitahaken kanggé nyami rupi – madha rupa – saha nyunaraken kathah

² John Calvin, *Commentaries on the Old Testament: on Genesis*, Grand Rapids: Eerdmans, 1948-1950, 95.

watak-wantunipun ingkang sampurna saking Gusti Allah. Miturut Calvin, jêjêripun manungsa ingkang langkung luhur tinimbang sato kewan tetep pangguh, sinaosa manungsa sampun dhumawah ing dosa. Salah satunggaling prakawis ingkang ndadosaken manungsa kaanggep linangkung luhur tinimbang sato kewan, inggih punika kasagedanipun manungsa kanggé mikir. Kasagedanipun mikir (*human reason*) punika peparing murni ingkang risak (*corrupted*) amargi dhumawahipun manungsa ing salebeding dosa, ananging manungsa tetep saged mbêntênakên ing antawisipun pundi ingkang prayogi lan ala. Pamanggihipun Calvin punika ndadosaken kathah tiyang mangu-mangu utawi angèl pitados punapa tiyang ingkang nandhang *disabilitas intelektual* (kalantipanipun winates) punika *imago Dei* ingkang jangkêp lan sampurna, awit winatesing kasagedanipun nggagali utawi ngangen-angen.

Satunggaling téolog Protèstan sanèsipun inggih punika Karl Barth (1886-1968). Pamanggihipun tumrap manungsa minangka pasemonipun Gusti Allah, nggadhahi prakawis ingkang saèmpêr nanging ugi wonten bèntênipun kaliyan Calvin. Calvin lan Barth kekalihipun sami-sami nandhêsakên pentingipun pitepangan utawi pangertosan menggahing Gusti Allah. Èwasêmantên, menawi Calvin langkung nandhêsaken bab dhawahing manungsa ingkang nyimpangaken pasemonipun Allah, Barth langkung ngrêmbag *imago Dei* ing salêbêting sêsambêtanipun Allah Tritunggal. Barth nyêrat mekatên:

Gusti Allah wonten salebeting sesambetan, mekaten ugi manungsa titahipun Allah. Inggih punika pasemoning Kaallahanipun. Menawi kita ningali kanthi cara punika, pasulayan bab punapa pasemonipun Allah ical amargi dosa, badhé manggihaken karampunganipun kanthi gamblang. Pasemonipun Allah sejatosipun boten ical. Manungsa punika mardika, kadosdéné piyambakipun punika manungsa ingkang mangun sesambetan kaliyan sesaminipun, piyambakipun wonten ing salebeding pengajêng-ajêng menggahing dunungipun lan

tumindakipun Allah ingkang asli salebeting sesambetan punika.³

Barth punika priyantun penting ingkang njarwani bab *imago Dèi*, saking panyawangipun *relasi* utawi sesambetan. Barth gadhah pamanggih bilih Gusti Allah yêktosipun wiwit sekawit sanès Pribadi Tunggal ingkang piyambakan, ananging Allah Trinitas. Awit saking punika, anggènipun njarwani nggadhahi sesambadan punika kadhasaraken saking Pribadinipun Allah Tritunggal, lan ugi wonten ing Sang Kristus ingkang mangun sesambetan kaliyan manungsa. Sang Kristus punika Gusti Allah ingkang ngetingalaken Dhirinipun dhateng manungsa, utawi saged kawastanan Gusti Allah kanggé manungsa. Kanthi mekaten manungsa ingkang tinitahaken manut pasêmonipun Gusti Allah saged ngrembakakakên sesambetanipun kaliyan Gusti Allah lan sesami. Gesanging manungsa limrah wantahipun asipat prikamanungsan lan tulung-tinilung. Saking pamanggihipun Barth punika, saged karowakaken bilih *imago Dèi* ingkang nggadhahi enering wawasan *disabilitas*, amargi sesambetanipun manungsa kaliyan Gusti lan sesami boten mligi asipat kawruh (*kognitif*), ananging langkung kathah asipat raos (*afektif*). Kanthi mekaten tiyang ingkang nandhang *disabilitas intelektual* (ingkang kapinteranipun nandhang kawontenan winates) ugi saged mangun sesambetan kaliyan Gusti lan sesami minangka *imago Dèi*.

Salah satunggaling teolog ing wekdal sapunika ingkang ageng labuhipun salêbêting majêngakên teologi *disabilitas* inggih punika Amos Yong (1965-). Piyambakpun ningali kamardikan saha kasagedanipun tiyang-tiyang ingkang nandhang *disabilitas intelektual* (kapinteranipun winates) murih kanggé mangun sesambetan kaliyan Gusti Allah lan sesami. Sesambetan punika boten rupêk/ciyut utawi kanthi cara

³ Karl Barth, *Church Dogmatics III/2*, G.W. Bromiley dan T.F. Torrance (Ed.), Terj. H. Knight, G.W. Bromiley, J.K.S. Reid, R.H. Fuller (Edinburgh: T&T Clark, 1960), 324.

lan ngginakaken basa mirunggan, ananging sesambetan ingkang kelampahan antawisipun satunggaling *imago Dèi* kaliyan Gusti Allah lan sesami. Sesambetan punika nglangkungi kasagêdaning *rasional* (akal séhat) ingkang dipun gadhahi déning manungsa, ngantos tiyang ingkang nandhang *disabilitas intelektual* (ingkang kapinteranipun winates) ugi kuwawi mangun sesambetan kaliyan Gusti Allah lan sesami. Yong nyerat mekaten: (murih boten kecalan tegesipun, seratan ngandhap punika boten kapertal ing Basa Jawi)

*Kita berjumpa dengan Allah dalam iman melalui berbagai tingkat kesadaran dan kesadaran diri; dalam pengharapan melalui berbagai tingkat kerinduan dan keinginan; dan dalam kasih melalui berbagai tingkat hubungan afektif, emosional, interpersonal, dan intersubjektif.*⁴

Kanthi mekaten tiyang ingkang nandhang *disabilitas intelektual* (ingkang kapinteranipun winates) ugi saged mangun sesambetan kaliyan Gusti Allah lan sesami ing salebeting sesambetan ingkang boten namung kawruh (*kognitif*), ananging ugi raos (*afektif*), raos-pangraos (*emosional*), antawisipun pribadi kaliyan pribadi (*interpersonal*), lan antawisipun subyek kaliyan subyek (*intersubjektif*).

Adhêdhasar pamanggihipun tigang téolog menika saged dipunbundhêli bilih pamanggihipun Calvin ndadosaken kathah tiyang mangu-mangu lan angèl pitados punapa tiyang ingkang nandhang *disabilitas intelektual* (ingkang kapinteranipun winates) punika *imago Dèi*, amargi manungsa dipunaosi saking kasagedan anggènipun mikir. Ing sisih sanèsipun, Barth lan Yong ningali manungsa kadhasaraken saking kasagedanipun mangun sesambetan mirunggan kaliyan Gusti Allah lan sesami, ngantos tiyang ingkang nandhang *disabilitas intelektual* punika ugi kalebet *imago Dèi*, amargi piyambakipun saged mangun sesambetan kaliyan Gusti Allah lan sesami lumantar

⁴ Yong, Amos, *Theology and Down Syndrome: Reimagining Disability in Late Modernity*, Waco: Baylor University Press, 2007, 189-190.

sesambetan ing asipat *afektif, emosional, interpersonal, lan intersubjektif*.

Patrapipun Ngecakaken

Kathah tiyang angèl pitados, punapa tiyang ingkang nandhang *disabilitas* punika saged kawastanan pasêmonipun Gusti Allah ingkang jangkep lan sampurna. Anggènipun angèl pitados punika dipun-sebabaken déning pamanggihipun tiyang kathah ingkang ngginakaken takêran kasampurnan (*perfection*), ka-limrah-an (*normalcy*), lan kesagedan (*ableism*) kanggé nakêr kawontenaning manungsa. Pramila tiyang ingkang nandhang *disabilitas* ingkang kaanggep boten sampurna, boten limrah, lan boten saged, dados angèl pinitados kamanungsanipun. Mekaten ugi pamanggih teologis ingkang èstunipun mboten sumanak dhateng tiyang ingkang nandhang *disabilitas*, taksih kiyat ngoyod ing pangertosanipun tiyang kathah, saéngga bab punika ngiyataken pamanggih ingkang langkung nêngênaken kasampurnan, ka-limrah-an, lan kasagedan.

Punapa ingkang kedah dipun lampahi kanggé ngicali pamanggih ingkang kados mekaten? Saben tiyang kedah ngrumaosi lan ngakêni bilih pamanggih ingkang nêngênakên bab kasampurnan, kalimrahan, lan kesagêdan punika pinanggih ing dhirinipun, salajengipun piyambakipun cumawis purun ngupadi éwah-éwahan kanthi sengaja lan sadhar. Pangudi bab punika saèstu boten gampang, punapa malih pamanggih ing bab kasampurnan, kalimrahan, lan kesagedan punika taksih asring tanpa sadhar nyawiji ing gesangipun; pramila pangudi murih sadhar lan ngéwahi punika kedah lêstantun katindakaken. Pangudi punika boten namung katindakaken piyambakan, ananging ugi wonten ing gesangipun brayat, supados sesarengan saged mangun brayat *inklusi*⁵, ingkang ngurmati tiyang ingkang nandhang *disabilitas* minangka *imago Dei*.

⁵ brayat inklusi: brayat ingkang ngrêngkuh dhateng sadaya warganing brayat lan sadaya tiyang ingkang mawarni-warni kawontenanipun)

Bahan Pirêmbagan:

1. Wangsul dhateng raos ingkang mrêntul rikala mirsani *gambar-gambar* utawi *video* bab tiyang ingkang nandhang *disabilitas* kala wau. Manut panjenengan, punapa bab-bab ingkang dados alesan utawi dhedhasar mrêntuling raos (lumrah waé, mèsakaké, gumun, sêdhih, lsp.) punika sampun jumbuh kaliyan anggèn kita ngaosi tiyang ingkang nandhang *disabilitas* minangka *imago Déi*? Utawi punapa raos-raos punika mêtungul amargi pamanggih ingkang nêngênaken kasampurnan, ka-limrahan, dalah kasagedan, ingkang sacara mboten dipun-rumaosi sampun nyawiji kaliyan gesang kita?
2. Éwah-éwahan ingkang kadospundi, ingkang kêdahipun katindakaken déning pribadi dalah brayat murih mboten malih nggadhahi pamanggih ingkang nêngênakên bab kasampurnan, kalimrahan, lan kesagedan, ananging ngaosi saben tiyang minangka *imago Dèi*?
3. Pajangka nyata ingkang kados pundi, ingkang badhé penjenengan lampahi wonten ing gesang pribadi lan brayat kanggé mujudaken éwah-éwahan punika?

[TKC– MGK]



Bahan Panyuraos Kitab Suci

**Ing Antawisipun Blumbang Bètèsda lan
Griya ing Kapèrnaum**

Waosan: Yokanan 5: 1-18 lan Markus 2: 1-12

Cêcala

Miwiti Panyuraos Kitab Suci wekdal punika, sumangga kita rembagan sekedhap. Ing satunggaling wekdal sadèrèngipun upacara ning pangibadah kawiwitan, Panjenengan ningali ingkang dipun-pitontonaken sawetawis *slide* (mboten mawi swantên) ingkang ngewrat pawarta kagiyatan gréja. Ing sisih panjenengan wonten satunggaling tiyang ingkang nandhang *disabilitas* (paningalipun) ingkang boten saged nyumêrêpi ingkang dipun-pitontonaken kasebat.

Gegineman Wiwitan

1. Punapa ingkang Panjenengan penggalihaken tumraping tiyang punika?
2. Punapa wonten ingkang badhé Panjenengan tindakaken tumraping tiyang punika?

(*sasampunipun gegineman, kasuwun para panyuraos maos
Yokanan 5: 1-18 dalah Markus 2: 1-12, kalajengaken
andharaning waosan*)

Andharaning Waosan

Kawontenan Sami – Pangrengkuh Bèntèn

Ing Injil Yokanan 5: 1-18, boten wonten andharan bab punapa jinising sesakit ingkang sampun kasandhang dangunipun 38 taun déning satunggaling tiyang ing bangsal blumbang Bètèsda. Lamun ing ayat 3 kasêbataken bilih tiyang-tiyang sakit ingkang sami nglempak ing bangsal blumbang Bètèsda punika tiyang-tiyang wuta, tiyang-tiyang pincang, tiyang-tiyang lumpuh Dados, satunggaling tiyang ingkang wuta sampun 38 taun punika mujudaken panunggalanipun tiyang-tiyang ingkang nandhang *disabilitas*. Ingkang bakên, tiyang punika wau nemahi pepalanging raganipun ingkang ndadosaken kangèlan kanggé nuju murugi blumbang. Ingkang ndadosaken kaprihatosan kita inggih punika boten wontenipun tiyang ingkang perduli dhateng piyambakipun. Prakawis punika katingal saking aturipun tiyang punika dhumateng Gusti Yésus, “Dhuh, Gusti, boten wonten tiyang ingkang nyêmplungkên kawula dhateng ing blumbang samasa toyanipun wiwit kocak...” (ay. 7). Namung Gusti Yésus ingkang preduli miwah nawèkaken pitulungan murih tiyang punika pulih saking sakitipun!

Kadospundi kawontenan tiyang lumpuh ing Kapèrnaum wonten ing Injil Markus 2: 1-12? Tiyang punika ugi nemahi kawontenan sami rupi kaliyan tiyang sakit ing pinggiring blumbang Batesda ing nginggil, inggih punika nemahi pepalanging raga kanggé mlampah. Lamun ingkang nengsemaken, taksih wonten mitra 4 ingkang perduli lan nélakakên raos nunggal pikiran lan sedyana ingkang nyata tumrap piyambakipun. Tiyang-tiyang punika nyowanaken tiyang lumpuh kasebat dhateng ing ngarsanipun Gusti Yésus kanthi tumêmên, malah ngantos minggah ing payon lan ngandhapaken pas ing sangajengipun Gusti Yesus, ngantos wusananipun Gusti Yésus mulihaken utawi nyarasaken tiyang lumpuh kasebat!

Kapêrdulèning para mitra punika ingkang mbèntênakên ing antawisipun lelampahan ing bangsal blumbang Bètèsda kalayan lelampahan ing griya ing Kapèrnaum. Ing salêbêting

griya ing Kapèrnaum taksih wonten tapak-tapaking raos nunggal pikiran lan sedya dhateng ingkang nandhang *disabilitas*!

Pepalangipun Kawontenan Manékawarni lelawanan kaliyan Raos Nunggal Pikiran lan Sedya ingkang Gadhah Daya Kréasi

Wonten sapérangan pepalang ingkang kedah dipunadhèpi kanggé mbiyantu tiyang ingkang nandhang *disabilitas*. Ing bangsal blumbang Bètèsda cêtha bilih botên wonten tiyang ingkang purun mbekta tiyang sakit kasebat tumuju ing blumbang. Ing salebeting griya ing Kapèrnaum, sakathahing tiyang ingkang suk-sukan ing griya punika ugi boten nélakakên émpati saha raos nunggal pikiran lan sedya nalika mrangguli wontenipun tiyang lumpuh ingkang nêdya kasowanaken dhateng nglebet griya. Miturut andharanipun Pdt. Tabita, bab punika ugi mujudaken salah satunggal wujuding pambêngan ing bêbrayan agung nalika tiyang ingkang nandhang *disabilitas* nêmah kangèlan manggihaken margi lumêbêt. Éwasêmantên, amargi pandheseking raos nunggal pikiran lan sedya ingkang kiyat, para mitranipun nyobi ngginakakên sadhéngah cara murih mitranipun ingkang nandang sesakit saged pinanggih kaliyan Gusti Yésus. Lah punapa ingkang katindakaken tiyang-tiyang punika salajengipun nélakaken raos nunggal pikiran lan sedya ingkang kasebat *creative solidarity*!

Pepalang sanès èstunipun malah jumedhul saking para pangarsaning agami ingkang babar pindah botên nélakaken raos émpati tuwin raos nunggal pikiran lan sedya. mBoten paring pambiyantu dhateng tiyang ingkang nandhang *disabilitas*, para pangarsaning agami malah ndamel bab sanès kadadosaken minangka pirembagan. Ing blumbang Bètèsda, para pangarsaning agami malah ndadosaken tata cara nyarasaken tiyang sakit ing dinten Sabat minangka pirembagan. Ing blumbang Bètèsda ugi punapadéné ing griya ing Kapèrnaum, tiyang punika ugi nyaruwé jêjêripun Gusti Yesus,

ingkang kaanggep ndadosaken Dhirinipun sami kaliyan Gusti Allah!

Patrapipun Ngecakaken

'Yasa Kamar' Memitran (Friendship)

'Making Room' Persahabatan (Friendship)

Ing suwaliking ing bebrayan agung lan raos nunggal pikiran saha sedya kalawau, kita saos sokur amargi taksih nyumerepi wontenipun pasuryan-pasuryanipun para tiyang ingkang nandhang *disabilitas* punapadéné tiyang kathah (mirungganipun ing salebeding griya ing Kapèrnaum) ingkang kapenuhan èsêm, ingkang nyeksèni lelampahan pamulihan kasebat, minangka wujud ing sih-kawelasanipun Gusti Yésus sarta wohing raos nunggal pikiran lan sedya ingkang nggadhahi daya kréasi para mitranipun tiyang ingkang nandhang *disabilitas*.

Raos nunggal pikiran lan sedya pancèn sampun samesthinipun nguwohaken kasagedan kanggé nyipta. Gréja anggènipun preduli dhateng tiyang ingkang nandhang *disabilitas* ing tèmbe badhé ngilhami gréja kinèn mbêrêg umat murih kanthi èstu-èstu dados mitra tumrap para tiyang ingkang nandhang *disabilitas*, ngantos para tiyang ingkang nandhang *disabilitas* punika rumaos dados peranganing paguyubanipun patunggilan. Gréja ugi perlu nenimbang wontenipun papan katêkisasi mirunggan, saha paladosan pangakening pitados (sidhi) mirunggan kanggé para tiyang ingkang nandhang *disabilitas*.

Gréja ugi tinimbangan minangka mitra tumrap brayatipun tiyang ingkang nandhang *disabilitas*, ngantos saged mangertos geguletaning batos brayatipun tiyang ingkang nandhang *disabilitas*. Kejawi punika, gréja ugi perlu nggali lan ngudi nyawisakèn manéka-warni jejangkêping kabêtahan mirunggan tumrap tiyang ingkang nandhang *disabilitas*, kados upaminipun: Kitab Suci "*Braile*", kursi rodha, *tongkat pemandu jalan*, margi mlebet gedhong gréja, *toilet* mirunggan lan sanes-sanesipun.

Bahan Pirembagan:

1. Manut panjênêngan, punapa kémawon ingkang èstunipun dados pambêngan ngantos tiyang-tiyang boten purun nyemplungaken tiyang ingkang sampun 38 taun nandhang sesakit dhateng blumbang Bètèsda nalika toyanipun kocak?
2. Gusti Yésus paring pangalêmbana dhateng para sakabat ingkang ndhèrèk nyengkuyung **sacara iman** tumrap tiyang lumpuh ing Kapèrnaum. Bab punika nélakaken saiba pêntingipun panyêngkuyunging iman dalah pandonga tumrap sesami ingkang sakit, amargi bab punika aos sanget ing Ngarsanipun Gusti.
Dumugi sapriki, sepintên anggèn Panjenengan temen-temen nanggapi panyuwunanipun satunggaling tiyang (upaminipun lumantar WA) supados Panjenengan ndhèrèk nyengkuyung ing salebeting pandonga kanggé piyambakipun utawi kanggé warganing brayat brayatipun ingkang katêmbèn sakit?
3. Upami kaukur ngginakaken angka 6-10, kintên-kintên gréja panjenengan pikantuk biji pintên, magêpokan kaliyan bab nggatosaken tiyang ingkang nandhang *disabilitas* dalah brayatipun? Punapa wonten pêpalangipun? Lan malih, punapa wonten gagasan tuwin pandamel nyata ingkang taksih perlu katindakaken?

[OHPN-MGK]



Wulan Brayat 2024
Supados Panjenengan Sami Tresna-tinresnanana

Bahan Panyuraos Kitab Suci

**Nyigeg “Gatra Tiron”
(*Inspiration Porn*)**

(Matéus 7:12-14)

Panuntun

Punapa panjenengan naté mireng tembung mligi (*istilah*) inggih punika “*inspiration porn*”? Tembung mligi kasebat ing Basa Indonesia radi angèl kapanggihaken tironipun (*padanan*). Wonten ingkang nyobi mortal inggih punika “dhagelan tiron” (“*dagelan inspirasi*”). Nanging ing rembagan kita wekdal samangké, tembung asalipun tetep kaanggé.

Tembung mligi “gatra tiron” utawi tembung asalipun “*inspiration porn*” punika katepangaken nalika taun 2012 déning Stella Young, salah satunggaling tokoh ingkang paring kawigatosan mirunggan tumrap para kadang ingkang nandhang cacad raga (*disabilitas*). Pratélanipun ingkang kawentar inggih punika “*I’m not your inspiration*” (Pertalan Jawinipun: “Aku dudu gatra tironira.”) Tembung mligi “gatra tiron” (*inspiration porn*) ngener dhateng kawontenan tumrap para panandhang cacad raga sami kaanggep dados sumber tiron tumrap tiyang-tiyang ingkang boten nandhang cacad raga. Wonten prakawis gayut kawontenan sajatosipun (*objektif*) tumrap para panandhang cacad raga. Para panandhang cacad raga kadadosaken underan (*objek*) murih nuwuhaken pepénginan niru, nuwuhaken daya gesang, kepara nglairaken raos sokur ing dhirinipun tiyang-tiyang ingkang boten nandhang cacad raga nalika ningali saha nandhingaken dhirinipun kaliyan golongan panandhang cacad raga.

Rembagan Kawitan

Punapa naté para laré (bok menawi ing kempalan panyuraos Kitab Suci punika wonten laré ingkang ndugèni) ngrungokaken tiyang sepuh, guru, guru sekolah, utawi pandhita mratélakaken makaten punika: “Kaé delengen, wong wuta waé bisa ngunèkaké alat musik lan leladi, kok kowé *ora gelem* leladi?” utawi “Wong kang linggih kursi rodha waé tetep nyambut gawé wekel, kowé kok wegah aras-arasen.”

Punapa panjenengan naté rumaos sedhik lan trenyuh nalika mirsani utawi maos cariyos pambudidayanipun para panandhang cacad raga, lajeng ndarbèni panganggep bilih tiyang-tiyang punika minangka gatra (*tokoh*) ingkang saged katiru lan ngéramaken awit tiyang-tiyang punika kuwagang nindakaken kathah prakawis ngéramaken sinaosa nggadhahi kawontenan dhiri ingkang winates sanget?

Menawi wangsulanipun: “Naté,” punika ateges kita sampun nindakaken ingkang sinebat gatra tiron utawi *inspiration porn*. Bahan panyuraos Kitab Suci wekdal samangké katata kanthi ancas ngatag para rawuh ing panyuraos punika nyigeg gatra tiron utawi *inspiration porn* kanthi ndadosaken sesami kalebet para panandhang cacad raga sanès kados barang murih ‘maremaken’ kapentingan dhiri piyambak, nanging nanduki sesami kanthi pakurmatan ingkang murwat.

Katrangan Waosan

Taun 500 sadèrèngipun Masèhi **Confusius** nglairaken satunggaling piwulang mas utawi pranatan mas (*golden rule*): “Sira aja nandukaké marang sapepadhanira prakara kang sira ora kapéngin katandukaké marang sira!” Déné **Hilèl**, satunggaling guru bangsa Yahudi (antawis taun 110 sadèrèngipun Masèhi éngga taun 10 Masèhi) darbé piwulang mas utawi pranatan mas: “Prakara kang sira sengiti, aja sira tandukaké marang sapepadhanira.” Pranatan mas punika rinakit supados karipta sesambetan ingkang prayogi ugi boten tubrukan satunggal lan satunggalipun ing antawisipun umat

manungsa. Wonten tepaslira lan sami déné ngaosi satunggal lan satunggalipun. Ener cethanipun:

- Menawi kita boten kapéngin dipun cidrani, inggih sampun ngantos kita nyidrani tiyang sanès.
- Menawi kita boten kapéngin dipun tanduki duraka, inggih sampun ngantos kita tumindak duraka dhateng tiyang sanès.
- Menawi kita sengit kaasoraken déning tiyang sanès, inggih sampun kita ngasoraken tiyang sanès.

500 taun sasampunipun Confusius, **Gusti Yésus** mratélakaken pranatan mas utawi *golden rule* ing piwulangipun. Gusti Yesus ngandika: “Mulané apa sing kokkarepaké ing bab tumindaké wong marang kowé, iku iya etrapna marang wong, amarga iya mangkono iku surasané Torèt lan kitabé para nabi” (Matius 7:12). Punapa sami kaliyan pranatan mas saking Confusius lan Hilel? Satléraman lajeng karaos sami. Nanging wonten béda ingkang ageng ing antawising kekalihipun kaliyan pranatan mas piwulangipun Gusti Yésus.

(1). Ancas utama: Pranatan mas ingkang kapratélakaken déning Gusti punika sanès prakawis pamrih.

Prakawis punika sanès bab pamrih utawi pangajeng-ajeng kawales kabecikan ingkang katindakaken; ugi sanès awit raos ajrih wontenipun pamales déning tiyang sanès (“sampun ngantos”). Menawi kita nindakaken pranatan jalaran winengku raos ajrih, mila kita badhé nindakaken kanthi kapeksa; kados déné ing margi tiyang manut pranatan menawi wonten polisi utawi para siswa manut pranatan ing kelas nalika wonten gurunipun kémawon. Menawi kita nindakaken pranatan awit kapéngin pikantuk ganjaran, tundhonipun kita nindakaken kanthi pangajeng-ajeng badhé kajangkepan sadaya pepénginan kita; kosok wangsulipun menawi boten kacekapan, kita dados gela sanget.

(2). Tetales (*prinsip*) utami: Adreng nindakaken prakawis ingkang saé (*positif*).

Prakawis punika cetha béda kaliyan pranatan mas saking Confusius lan Hilel ingkang karaos langkung kirang prayogi: “Aja ngéné, aja ngono” satemah ndadosaken tiyang karaos kawatesan anggènipun badhé ngrembakaken prakawis ingkang prayogi. Pranatan mas saking Gusti Yésus kepara ngatag tiyang murih dados pribadi ingkang adreng langkung rumiyin nindakaken prakawis ingkang prayogi tumrap sesami. Conto: Ing pasrawungan kita kapéngin dipun mangretosi, dipun aosi, lan dipun tresnani; cobu langkung rumiyin mangretosi, ngaosi, lan nresnani sesami. Menawi kita kapéngin tiyang sanès paring pangaksama lan ngapunteni kita, cobu langkung rumiyin paring pangaksama lan ngapunteni tiyang sanès. Menawi kita kapéngin kasengkuyung, cobu kita paring panyengkuyung tumrap tiyang sanès.

(3). Dhasar utami: Tresna dhateng sesami kados déné tumrap dhirinipun piyambak.

Dhasar nindakaken pranatan mas utawi *golden rule* inggih punika tresna asih dhateng sesami, kados déné tumrap dhirinipun piyambak. Punika pranatan ingkang katindakaken lan katuladhakaken déning Gusti Yésus piyambak. Margining gesang ingkang dipun lampahi Gusti Yésus sanès margining gesang ingkang nengenaken dhiri piyambak (*egois*), kepara margining gesang ingkang winengku ing katresnan saha kapredulian dhateng sesami. Ing prakawis punika, sesami boten kapapanaken kados déné barang ingkang saged kaanggé murih maremaken kapentingan dhiri piyambak, nanging adeging sesami minangka gatra ingkang aji lan kathah taléntanipun.

Ing satengahing jagad ingkang condhong nengenaken dhiri piyambak utawi *egosentris* lan tresna dhirinipun piyambak utawi *egofilia*, nengenaken kapentingan dhiri ing nglangkungi samukawis, temtu margining gesang ingkang kawulangaken déning Gusti Yésus punika sanès margining gesang ingkang gampil dipun lampahi. Pramila kados ingkang

kapratélakaken déning Gusti Yésus ing ayat 13-14 wonten kalih margi:

- Margi amba wiyar (mayar, gampil, boten sesak) nanging nuju sirna.
- Lawang ciyut (angèl, ngrekaos, sesak) nanging nuju dhateng gesang.

Temtu kita kapéngin nggayuh lan ngraosaken gesang ingkang langkung prayogi sanès ingkang risak lan sirna, pramila kita prelu nulad saha ngetut wingking margi gesang ingkang sampun katindakaken déning Gusti Yésus, margi katresnan ingkang winengku ing kapredulian ugi asih-tresna tumrap sesami, sanès margi kanggé dhiripiyambak. Menawi kita nindakaken pranatan mas ingkang kawulangaken déning Gusti Yésus, déné badhé kawangun sesambetan ingkang prayogi kaliyan sesami. Boten wonten manungsa ingkang nengenaken dhirinipun piyambak lan sasekécipun piyambak nalika lumampah sesarengan tiyang sanès, nanging rinengga kapredulian sarta pakurmatan.

Cak-cakan

Pranatan mas ngatag kita supados nindakaken ingkang kita péngini saking tiyang sanès lajeng katandukaken dhateng kita, salah satunggalipun inggih punika kanthi nandukaken sesami, kalebet ingkang nandhang cacad raga kanthi katresnan saha pakurmatan. Pramila kita sigeg ngginakaken gatra tiron utawi *inspiration porn* nalika kita meling, ngatag, paring daya gesang anak, sémah, mitra, utawi sesami. Sami ngginakna conto-conto sanèsipun lan boten prelu nganggé conto panandhang cacad raga kanggé tuladha saha nuwuhaken daya gesang tumrap tiyang ingkang sanès golongan nandhang cacad raga. Kajawi awit panandhang cacad raga punika titah ingkang mirunggan (Bahan panyuraos Kitab Suci kapisan), tiyang-tiyang punika sanès barang ingkang saged kaanggé maremaken kabetahan tiyang ingkang sanès golongan panandhang cacad raga. Kita badhé ngecakaken paréntahipun Gusti inggih punika nresnani sesami kados déné dhateng badan kita piyambak saha

nindakaken pranatan mas ingkang kawulangaken
Panjenenganipun.

Bahan Rembagan



(Sumber:

<https://www.livingonthespectrum.com/uncategorized/inspirational-porn-and-why-it-is-problematic/>)

1. Ingkang rawuh panyuraos Kitab Suci kasuwun tanggapanipun magepokan gambar (gambar saged kafotokopi menawi taksih saged).
2. Ing gambar kasebat wonten kalih tanggapan:
 - ☒ Nglawan kathah prakawis ingkang boten salimrahipun, piyambakipun kasil (mimpang).
 - ✓ Sawatawis wulan gladhi ngewohaken medhali mas. Tanggapan ingkang kapisan inggih punika gatra tiron utawi *inspiration porn*. Kamangka tanggapan ingkang kaping kalih punika conto pakurmatan ingkang leres tumrap para panandhang cacad raga. Awit tumemen anggènipun mbudidaya wulan-wulanan gladhi satemah ngewohaken medali mas.

Kaparingana conto-conto gatra tiron utawi *inspiration porn* ing pagesangan padintenan, papan panyambut damel, gréja, lan masyarakat.

3. Kados pundi pambudidaya kita supados saged nyigeg gatra tiron utawi *inspiration porn*?

[DP-UCSL]

Wulan Brayat 2024
Supados Panjenengan Sami Tresna-tinresnanana

Bahan Panyuraos Kitab Suci
kanggé Sadaya Golongan Paladosan (*intergenerasional*)

Mbélani Badan ingkang Kauman-uman (*Tercela*)

Waosan: 2 Korintus 12:1-10

ANCAS:

- Warganing panyuraos Kitab Suci mangretosi badan mujudaken citraning Allah, wujuding asih-tresna, sarta dados sarana anggènipun Gusti Allah mbabar tumindak prayogi ingkang sampun karancang wiwit sakawit.
- Warganing panyuraos Kitab Suci yakin bilih badan – inggih sadaya prakawis mirunggan, kaunggulan, lan winatesing kawontenan mujudaken sih-rahmatipun Gusti ingkang aji sanget.
- Warganing panyuraos Kitab Suci kasagedaken mbélani badanipun lan badanipun sesami ingkang kauman-uman (*dicela*) déning tiyang sanès.

PURWAKA

Wiwit kawitaning taun 1980nan gambaraning badan dados salah satunggaling kawigatosan tumrap tiyang kathah ingkang njalari wontenipun pirembagan ingkang gayeng lan dados prakawis ingkang gampil nuwuhaken paben tumrap kathah tiyang (Green, 2017). Tiyang saged rumaos lingsem awit rumaos badanipun lemu utawi keras, blalak-blalak utawi sipit, kirang kriting punapa déné kirang lurus, kirang kuning utawi kirang peteng werni kulitipun, kirang inggil utawi rumaos langkung inggil, kirang mbangir irungipun utawi kembangiren,

langkung alit utawi langkung ageng pérangan badan tertemtu, lan sapiturutipun. Padatan pangraos boten naté marem kasebat katemahan déning tiyang-tiyang ingkang nganggep badanipun tiyang sanès langkung sampurna, satemah nuwuhaken raos lingsem tumrap badanipun piyambak. Punapa malih ing gesang padintenan, manéka warni iklan ingkang nerangaken “kasampurnan, ayu, lan nggantheng” ngupengi pagesanganing masyarakat kita. Olah pambudidaya murih para pawèstri kadandoson sangsaya ayu, tatanan-pranatan bab nedha (*diet*), éngga operasi plastik dados prakawis ngremenaken ing jagading dagang (*bisnis*) ingkang saèstu ndhatengaken kauntungan kathah lan pikolèhipun milyaran rupiah. Sadaya pambudidaya “ngéwahi” (*modifikasi*) badan samangké kaanggep prakawis limrah, lan ingkang boten nindakaken kados makaten punika saged kawawas ketinggalan jaman.

Saben tiyang darbé pamawas ingkang béda magepokan badan ingkang prayogi wujudipun lan éndah dipun sawang. Ingkang kautamèkaken gayut citraning badan kawangun déning prakawis-prakawis wigati, inggih punika anggènipun mbiji badanipun piyambak, ingkang kawedal ing tembungipun réncang lan brayat magepokan wujuding badan, lan prakawis ingkang dipun sawang satunggaling tiyang ing media. Ayu utawi nggantheng matranipun (*ukuran*) béda-béda, gumantung kabudayan, lan pamawas ingkang kawangun déning masyarakat. Upaminipun, rumiyin satunggaling tiyang ingkang lemu kaanggep raharja lan sugih, nanging samangké tiyang-tiyang ingkang lemu kawawas boten kasil ngendhalèni pepénginan nedha lan kaanggep déning masyarakat minangka tiyang ing golongan tataranipun andhap. Cethanipun, punapa kémawon ingkang dados matraning kasampurnan badan ingkang kaanggé déning masyarakat, tiyang-tiyang ingkang boten ngudi gegadhangan sampurnaning badan dipun dakwa cubluk pangretosanipun. Nguman-uman badan (*body shaming*) dados padatan ingkang sumebar kawentar damel renaning manah. Wiwit saking dhagelan, pagelaran, éngga rembagan tanpa bobot ing antawisipun kulawangsa, ing papan panyambut damel, ing gréja, lan ing masyarakat; ingkang

salajengipun nuwuhaken pameteg kiyat tumrap tiyang kathah ingkang boten marem gayut wujuding badanipun piyambak. Béda kaliyan sanèsipun, tiyang-tiyang ingkang rumaos lingsem lan boten jenjem (*insecure*) gayut kawontenan badanipun piyambak képara sangsaya gampil éwah kajiwanipun lan pedhes anggènipun nyaruwé kawontenan badan tiyang sanès. Cekakipun, sesambetan ingkang prayogi kaliyan sesami kangèlan kagayuh nalika satunggaling tiyang rumaos bilih kawontenan badanipun punika boten saé sampurna.

Satata teologis badanipun manungsa (ing wetahipun inggih punika budi, raos-pangraos, lan telenging manah) punika mujudaken citranipun Gusti Allah. Panjenenganipun mirsani sadaya titahipun prayogi linangkung, lan badanipun manungsa ugi prayogi linangkung (Purwaning Dumadi/Kejadian 1). Kawontenan prayogi linangkung sadaya titah punika tandhesing kayakinan bilih badanipun manungsa punika prayogi sanget kawontenanipun, awit saking punika wujud boten marem gayut kawontenan badan kedah katampik. Miturut Timothy C. Tennent, badan kajasmanènipun manungsa mujudaken pralambang saking pangéja-wantahipun Sang Kristus. Tembung sanèsipun, bilih pangriptaning badan mujudaken pakaryanipun Gusti Allah anggènipun ngawékani ingkang badhé kalampahan mangsa ngajeng lumantar manjalmanipun Gusti Yésus Kristus. Wiwit sakawit Gusti Allah sampun ngrancang anggènipun makuwon manjalma, lan wungunipun Sang Kristus dados kababaring patangèning badan ing pungkasaning jaman (Tennent, 2020). Ing sisih sanès, badan ingkang dados papan bab karoahanèn punika, ugi asipat winates, betah kasambetaken kaliyan péhak sanès, sami déné gumantung mitulungi, dan tansah éwah (Griffitg 1999; Christiani 2023). Kajawi saking punika badan ingkang mujudaken pralambang sih-nugrahaning Gusti Allah ingkang tinangsulan kanthi pratingkah saé kedah tandang damel lan dipun gegesang déning manungsa (Éfesus 2:8-10). Ing panyuraos Kitab Suci kanggé sadaya golongan paladosan (*intergenerasional*) wekdal samangké, irah-irahan “Mbélani Badan ingkang Kauman-uaman (*tercela*)” prelu dipun

mangretosi kanthi leres. Badan ingkang kauman-uman sajatosipun sanès badan ingkang asor sanget drajadipun, nanging badan ingkang nemahi panguman-uman. Panguman-uman lan babaring raos boten marem punika asalipun saking dhirinipun piyambak, tiyang sanès, punapa déné budaya gesang jaman ingkang mangaribawani. Warganing panyuraos Kitab Suci punika kaatag ngraos-raosaken kanthi bebles guleting karohanènipun (*pergumulan*) Paulus gayut kawontenan badanipun ingkang winates, satemah piyambakpun kuwagang nglangkungi guleting karohanèn momotanipun punika. Paulus dados salah satunggaling gatra utawi *tokoh* ingkang kuwagang mbélani badanipun ingkang kauman-uman.

KATRANGAN WAOSAN 2 KORINTUS/KORINTA 12:1-10

Serat kanggé pasamuwan Korintus ingkang kaping kalih punika tinalesan kawontenan “bebèncèngan” antawisipun Paulus kaliyan tiyang-tiyang ingkang nampik kalenggahan rasulipun (Drane, 1996). Paulus kaanggep karasulanipun boten tulèn (palsu), awit piyambakipun sanès pérangan siswanipun Sang Kristus kawitan ingkang cacah kalih welas. Prakawis kasebat nuwuhaken kuwur (*bingung*) lan kawontenan gendra ing pasamuwan kitha Korintus, satemah sampun makaping-kaping Paulus rumaos prelu nyerat anggènipun mbélani kalenggahanipun ngiras-ngirus ngintunaken serat pamerdi (*pastoral*) tumrap pasamuwan Korintus. Kajawi maringi serat mbélani kalenggahan minangka rasul, ing pérangan pungkasaning serat punika (bab 12), Paulus ugi nyariosaken guleting karohanèn magepokan kawontenan raga ingkang ringkih (bok menawi gayut raos pangraos jalaran katampik karasulanipun) ingkang dipun raosaken dados pepalang anggènipun nindakaken pakaryanipun Gusti ingkang nembé dipun tandangi. Nanging ing kawontenan ringkih kasebat, wusananipun Paulus nandhesaken bilih raganipun ingkang kaanggep cacad (*disable*) punika mujudaken sih-rahmatipun Gusti Allah ingkang sampurna.

Wonten ing 2 Korintus 12:1-4 Paulus nyariosaken pangalaman kapitadosanipun ingkang nglangkungi-nalar budi (*trans-rasional*). Piyambakipun rumaos piningan pameca lan babaring Jati Dhirinipun Gusti, bab satunggaling pandhèrèkipun Sang Kristus ingkang kaangkat nuju tatapan kaping tiga ing swrga. Para alim ulama Yahudi pitados bilih swarga dumados saking pitung tataran, nanging Kitab Suci boten naté ngrembag prakawis kasebat kanthi cetha wijang, kajawi gayut inebé (*tingkap-tingkap*) langit (Maléakhi 3:10). Paulus lajeng nyariosaken bilih tiyang kasebat ingangkat dhateng Pirdus (kabandhingna kaliyan pangandikanipun Gusti Yésus dhateng durjana ing sisihipun, “Satemené ing dina iki uga kowé bakal bebarengan karo Aku ana ing Pirdus – Lukas 23:42). Tetinggalan punika wau nandhesaken kapitadosanipun Paulus bilih piyambakipun sampun lan badhé manunggil kaliyan Sang Kristus. Sinaosa piyambakipun nyariosaken kayakinanipun punika mawi sisih pamawas utawi *perspektif* tiyang kaping tiga ingkang ningali satunggaling tiyang kasumengkakaken déning Gusti Allah, sajatosipun Paulus kapéngin nandhesaken bilih kalenggahan rasulipun sah awit wontenipun patunggilan kaswargan kaliyan Sang Kristus piyambak. Pangalaman kapitadosanipun Paulus punika saged kajajaraken kaliyan pangalamanipun Pétrus, Yohanes, lan Yakobus ingkang njinggleng Gusti Yésus santun rupi ing nginggil redi. Awit pangalaman njinggleng kamulyan kasebat Paulus lan ugi siswa cacah tiga kabereg supados tansah setya lan nandhang sangsara tumrap Sang Kristus (katandhingna Roma/Rum 8:18).

Inggang wigatos, ing pangalaman kapitadosan ingkang nengsemaken lan ugi damel bombong punika, sumela raos mangu-mangu ing dhirinipun Paulus. Rambah kaping kalih (2 Kor. 12:2-3) piyambakipun mratélakaken bab “dadia anèng njero awak utawa ing sanjabaning awak.” Raos mangu-mangu ingkang sanget sambung rapet kaliyan gulet karohanènipun Paulus bab ringkihing badanipun. Piyambakipun nyebat eri ing salebeting daging, satunggaling utusan iblis ingkang nggebag piyambakipun, murih saged kagambaraken badan ingkang

sanget winengku panandhang. Lelimbangan winengku mangu-mangu ingkang sanget gayut anggènipun boten kuwang punapa-punapa punika ndadosaken Paulus ugi mangu-mangu nalika satunggaling tiyang ingangkat ing swarga dumados ing salebeting badan utawi ing sanjawining badan. Menawi ningali pérangan sanès ing 1 Korintus/Korinta 15, Paulus saèstu yakin bab patangèning badan, nanging ing sisih sanès piyambakipun ugi nengenaken badan kados punapa ingkang katangèkaken punika taksih winadi. Prakawis kasebat sangsaya nyata nalika piyambakipun nyebat kawontenanipun punika wujud karingkahan. “Iya wong iku kang dakegung-egungaké, nanging awakku dhéwé ora bakal dakegung-egungaké, kajaba mung bab kaapesanku.” Juru tafsir limrahipun njarwakaken prakawis kasebat minangka wujud lembah manahipun Paulus, nanging kita ugi saged njarwakaken minangka guleting manah Paulus awit saking kawontenan badan ingkang winates. Piyambakipun nandhesaken bilih boten ngegung-egungaken badanipun piyambak awit taksih manggul momotan eri ing salebeting daging (1 Korintus 12:7). Piyambakipun rumaos sampun boten tentem gayut kawontenan badanipun kasebat, kepara ngantos rambah kaping tiga anggènipun nguwuh dhumateng Gusti Allah supados kawontenan raga ingkang boten kuwang punapa-punapa dipun singkiraken, nanging Gusti Allah boten rena galihipun. Tumrap Paulus, sih-rahmatipun Gusti Allah punika sampun cekap, awit ing kanyatan ingkang kaanggep ringkih déning piyambakipun, kepara Gusti Allah tansah makarya kanthi sampurna wonten ing gesangipun. Lan wusananipun piyambakipun ngrangkul kawontenan badan ringkih winates minangka pérangan wetah sih-nugrahanipun Gusti Allah ingkang sampurna tumrap gesangipun. Awit saking punika piyambak “suka-rena lan lila-legawa” nglampahi lan ngagungkaken gesang kanthi lelados, awit ing kawontenan ringkih punika, piyambakipun tetep teguh santosa (2 Korintus 12:9-10).

Paulus ing kawontenan badan ingkang nemahi cacad sampun ngulandara nyebaraken Injiling Allah kirang langkung tebihipun nembelas èwu kilmometer, lan kathah sanget nyerat

serat pangengèn ingkang tundhonipun dados pérangan wigati ing Kitab Suci kita. Piyambakipun sanget anggènipun gulet ing karoahanèn lan ngajeng-ajeng badan ingkang langkung prayogi linangkung, wusana mangun katentreman lan njinggleng bilih sih-rahmat ingkang katampi déning piyambakipun sampun cekap. Pambudidaya nggegesang makaten punika saèstu trep kaliyan gesanging saben tiyang ingkang nembé nemahi gulet karoahanèn bab “winatesing” badan. 2 Korintus 12:1-10 dados pambereg utami bilih kados punapa kémawon kawontenan badan ingkang satata kajasmanèn béda kaliyan sanèsipun, déné kaunggulan saha winatesing raga prelu dipun bélani saking panguman-uman, lan kanyatan boten marem ingkang tuwuh saking dhiri kita piyambak makaten ugi saking sanjawining dhiri kita.

TUNTUNAN KANGGÉ REMBAGAN

1. Pérangan badan pundi ingkang langkung asring panjenengan pirsani ing kaca pangilon? Punapa sababipun?
2. Miturut panjenengan punapa tandhaning kawontenan badan ingkang boten sampurna? Punapa sababipun manungsa angèl rumaos marem gayut kawontenan badanipun piyambak?
3. Punapa bédanipun ngrimati badan punapa wontenipun utawi salimrahipun kaliyan badan ingkang dipun rimati kanthi tumemen kemragad?
4. Punapa sababipun Paulus darbé pamawas bilih badanipun kaanggep boten saged dipun andel-andelaken?
5. Kados pundi cara anggèn panjenengan ngrangkul nyatunggilaken kawontenan badan ingkang mirunggan lan nemahi panguman-uman dhateng badanipun piyambak sarta saking tiyang sanès?

CARA SANÈS INKGANG BÉDA

- Panyuraos Kitab Suci kabikak kanthi maos pérangan purwaka.

Wulan Brayat 2024
Supados Panjenengan Sami Tresna-tinresnanana

- Tuntunan pirembagan angka 1-3 karembag rumiyin sadèrèngipun ngraos-raosaken katrangan waosan 2 Korintus 12:1-10.
- Sasampunipun maos katrangan waosan, kalajengaken ngrembag pitakènan manut tuntunan pirembagan angka 4-5.
- Panyuraos Kitab Suci dipun pungkasi kanthi kegiatan mratélakaken prajanji (*komitmen*) awujud pralambang mawi badan. Asiling pralambang badan saged katangsulan lan kabagèkaken kanthi katata saprayoginipun satemah narik kawigatosan lumantar media sosial gréja.

(AP - UCSL)

**Panyerat bahan inggih punika pandhita ing GKI Darmo Satelit Surabaya.*

“BAHAN PAKEMPALAN PANDONGA”

**Bahan ingkang kaladosaken ing buku menika
saged kaolah kajumbuhaken kaliyan kawontenan
saha kabetahanipun gréja utawi pasamuwan
sapanggénan.**

Bahan Pakempalan Pandonga Kaping-1

Katresnan Tanpa Wates

Waosan 2 Samuèl 9:1-13

1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI

KPJ. 39. “PUJI SOKUR MRING GUSTI” 3x

Puji sokur mring Gusti, krana katresnannya.
Puji sokur mring Gusti. Haléluya!

3. PANDONGA PAMBUKA

4. KIDUNG PAMUJI

KPJ 321:1,4 “KULAWARGA KANG RAHAYU”

1. Kulawarga kang rahayu, lamun Gusti angayomi
srana tresna kang satuhu, tansah nuntun wah nganthi

Ref: Matur nuwun konjuk mring Gusti,
dé karsa nuntun salaminya;
sakathahing urmat wah pamuji
tansah sumengka ing ngarsanya.

4. Dhuh Roh Suci mugi rawuh, angèbeki tyas kawula,
amrih kula tansah tangguh mujudaken sih-tresna

Ref:

5. PAMAOSING KITAB SUCI : 2 Samuèl 9:1-13

6. RENUNGAN

KATRESNAN TANPA WATES

Bapak ibu lan sadhèrèk kinasih,

Dinten punika kita sinau saking salah satunggaling tokoh *disabilitas* ing Kitab Suci asmanipun Mèfibosèt. Mèfibosèt punika wayahipun Saul, putranipun Yonatan, mitranipun Dawud. Mèfibosèt punika sampéyanipun nandhang pincang mboten wiwit lair mila. Nalika Mèfibosèt yuswanipun nembé 5 taun, wonten warta bab sédanipun Yonatan, ramanipun. Nalika mireng warta punika Mèfibosèt kabopong kabekta mlajar déning pamomongipun, nanging karana anggènipun mbekta mlajar kasesa, Mèfibosèt wau dhawah temah sampéyanipun kalih pisan pincang.

Mèfibosèt sesarengan pamomongipun kauwalaken saking bebaya dhateng kitha Lodebar ing tlatah Giléad ing sisih wétan bengawan Yordan. Sawetawis warsa laminipun Prabu Dawud madosi Mèfibosèt lajeng saged pinanggih. Prabu Dawud karenan lan dhawuh supados Mèfibosèt manggèn lan gesang ing kratonipun ing kitha Yérusalèm, mangsulaken sedaya kagunganipun Prabu Saul, kaparingaken dhateng Mèfibosèt wayahipun Saul punika. Kitab Suci nyariosaken bilih Mèfibosèt manggèn wonten ing Yérusalèm, lestari kembul dhahar sesarengan Sang Prabu Dawud, kados déné salah setunggaling putranipun piyambak, kamangka sampéyanipun kalih pisan pincang.

Kénging punapa Dawud karsa madosi wayahipun Saul punika ngantos pinanggih? Inggih namung karana Dawud ènget prasetyanipun kaliyan Yonatan (1 Sam: 20). Dawud ènget dhateng tresnanipun Yonatan ingkang mitulungi Dawud saking mulad-mulading dukanipun Saul, ramanipun Yonatan punika. Krana punika Dawud karsa mujudaken tresnanipun dhateng putra mitranipun punika srana madosi, manggihaken, lan nampi kadosdéné Dawud nampi Yonatan mitranipun punika. Tanpa mengalihkanen

kawontenan raganipun Mèfibosèt ingkang sampéyanipun kalih pisan pincang punika, Prabu Dawud ngrengkuh Mèfibosèt kados putranipun piyambak, lan kembul dhahar sesarengan Sang Prabu Dawud.

Bapak ibu lan sadhèrèk kinasih,

Saking Cariyos punika kita saged sinau 2 bab:

- 1) Dawud nresnani Mèfibosèt kadosdéné anggènipun Dawud nresnani Yonatan mitranipun.

Yonatan punika putra ratunipun Israél sepisan (Saul). Dawud lan Yonatan punika memitran. Kekalihipun sami déné nresnani prasasat nresnani dhateng sariranipun piyambak, mila punika kekalihipun sami déné ngayomi lan mitulungi.

Nalika Dawud ngadhepi bebaya, Yonatan paring pitulungan, sinaosa rikala semanten Yonatan kedah lelawanan kaliyan Saul ramanipun. Nalika Yonatan séda lan Dawud mireng bilih taksih wonten putra turunipun Yonatan ingkang taksih gesang, Dawud ugi ngetingalaken katresnanipun dhateng putra mitranipun punika. Katresnanipun Dawud dhateng Mèfibosèt mboten mawang kanyatan kanuraganipun. Dawud nresnani Mèfibosèt! Punika kemawon.

- 2) Mapanaken Mèfibosèt jajar ing kalenggahan.

Ing kratonipun, Dawud maringaken papan kanggé Mèfibosèt, mboten namung papan kanggé manggèn, warisan ramanipun ugi kapulihaken. Mèfibosèt ugi tansah kembul dhahar sesarengan Sang Prabu Dawud. Punika nedahaken kadospundi Dawud, ngregani lan nresnani Mèfibosèt tanpa ningali winatesing kawontenaning raga ingkang kasandhang.

Sinau Saking Prabu Dawud lan Mèfibosèt, mbokmenawi ing gesang kita minangka brayat, pasamuwan, punapa déné masarakat kita ugi asring ngadhepi dhateng sesami kita ingkang bènten, saé sacara raga, kapinteran punapa déné sosial. Punapa ingkang kita tindakaken menawi ing brayat kita wonten ingkang

nandhang *disabilitas*? Punapa kita badhé mapanaken piyambakipun jajar kaliyan anggotaning brayat sanèsipun? Maringaken wewengan kanggé urun pemanggi, paring wewengan kanggé sinau. Mekaten ugi ing gesanging pasamuwan, punapa kita sampun paring wewengan peladosan kanggé sadhèrèk *disabilitas* punika? Sumangga kita nresnani tanpa wates.

7. KIDUNG PAMUJI

KPJ. 370:2,3 “TRESNA MRING SESAMI”

- 2) Tresna mring sesami tan mawang tiyang;
nulad sihing Gusti murbèng gesang.
Ngudi dhémokrasi klayan trusing ati,
bédaning asanès dèn aosi.
- 3) Tresna mring sesami tumindak nyata,
mrih tresnaning Gusti tumrah wrata.
Hak asasi manungsa binabar yekti,
adil wah bebener dèn bélani.

8. PANDONGA SAFAAT LAN PANUTUP

- a. Nyuwun sihrahmatipun Gusti amrih kuwagang nresnani tiyang sanès kadya marang awakipun piyambak, nresnani tanpa winates.
- b. Ndongakaken saben brayat supados kuwagang mapanaken para tiyang ingkang nandhang *disabilitas* kanthi jajar.

9. KIDUNG PAMUJI

KPJ. 326:1,4 “PUNIKA BRAYAT KULA”

Do=D 4/4

- 1) Punika brayat kula, brayat tentrem kang ngangené.
Sinten dados tanggelan? Namung Pangéran pribadi.
Refrein: Saiba prayoginya, lamun Gusti kang rumeksa,
temah tanpa rubéda, sagotrah manggih
raharja.

Wulan Brayat 2024
Supados Panjenengan Sami Tresna-tinresnanana

- 4) Sagriya angudia dadya brayat kang rumantya,
ngantos dados panutan, tumrapping brayat sembada.
Refrein: Saiba prayoginya, lamun Gusti kang rumeksa,
temah tanpa rubéda, sagotrah manggih
raharja.

[SEM/HW]



Wulan Brayat 2024
Supados Panjenengan Sami Tresna-tinresnanana

Bahan Pakempalan Pandonga Kaping-2

Tanggon

Waosan: Para Hakim 11:1-11

1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI

KPJ. 315:1,2 “BRAYAT KANG TENTREM GESANGNYA”
Do=C 4/4

- 1) Brayat kang tentrem gesangnya,
sumarah mring Pangeran;
santosa wah tetep panggah sajroning karibedan.
Reff. : Dhuh Gusti, mugi Paduka paringa
sih wilasa, darapon kula
kuwagang mudhi dhawuh Paduka.
- 2) Nadyan jagad peteng nghedhet, wah sepi ing katresnan,
nanging Gusti dadya dilah, tansah sung pitulungan
Reff.:

3. PANDONGA PAMBUKA

4. KIDUNG PAMUJI

KPJ 450:1 “SUMANGGA MAKARYA”

- 1) Sumangga makarya, para utusan setya
ngundhang aken kabar adya,
sih rahmat saking swarga,

mrih tyang kang peteng manahnya,
dadya padhang lejara.
Sumangga samekta, tansah makarya

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Para Hakim 11: 1-11

6. RENUNGAN

“TANGGON”

Cariyos bab Yéfta ing Kitab Para Hakim 11 punika cariyos ingkang ngemot piwulang bab panampik, pamulihan lan timbalanipun Gusti. Yéfta kalairaken saking wanita tuna-susila, satunggaling kalenggahan (*status*) ingkang njalari piyambakipun kasingkiraken ing brayat lan masarakatipun. Piyambakipun katundhung déning kadang-sadhèrèkipun, kaanggep tiyang manca, lan mboten nggadahi hak nampi warisan. Pengalaman pait punika ndadosaken Yéfta kapeksa késah sumingkir tumuju tanah Tob lan gesang dados sesirahing tiyang glandhangan ingkang sami ngrampog.

Nanging, ing kanyatan ingkang pait lan awrat punika, Yéfta manggihaken jati-dhirinipun. Piyambakipun dados prawira ingkang gagah prakosa, kawentar awit kakendelanipun lan kasagedanipun dados pemimpin. Nalika bani Amon ngancam Israèl, Yéfta katimbangan wangsul dados pemimpin bangsanipun. Yéfta mboten ngendhem sengit awit patrap panampik ing wegdal kapengker, nanging kanthi andhap-asoring manah nampi tanggeljawab ageng punika.

Saking cariyos lelampahan gesangipun Yéfta kita saged nampi piwulang-piwulang wigatos:

1. Winatesing Kanyatan mboten Dados Pepalang

Pengalaman kapengker lan asal-usulipun Yéfta mboten mmbangi piyambakipun kanggé dados pemimpin bangsanipun. Gusti Allah mirsani daya kelangkungan-

ipun Yéfta, lan Yéfta piyambak mboten nglilakaken kanyatan-winatesing gesangipun mambengi timbalanipun.

2. Prayoginipun Mranata Raos Tinampik

Panampik ingkang dipunalami Yéfta mboten mbuyaraken krentegipun, manahipun tanggon lan namung wonten ing Gusti Allahipun. Yéfta ngginakaken pengalaman gesangipun punika kanggé mangun jati-dhirinipun minangka pemimpin ingkang rosa lan wibawa.

3. Pangapunten Mbekta Pamulihan

Yéfta nedahaken sikep ngapunteni. Yéfta mboten ngendhem sengit dhateng sanak-sadhèrèkipun, nanging malah purun wangsul lan mimpin kadang bangsanipun. Pangapuntenanipun mbikak margi kanggé pulihing sesambetan lan manunggaling bangsanipun.

4. Andhap-asoring Manah dados Margining Berkah

Sanadyan Yéfta nggadhahi kesagedan lan lelabetan ingkang ageng, Yéfta tetep kémawon andhap-asor lan ngakeni bilih gesangipun namung gumantung ing Gusti Allah. Piyambakipun mbekta prakawis gesangipun dhateng Gusti, nyuwun pitedah lan pitulunganipun.

Cariyos Yéfta ngènetaken kita bilih Gusti Allah saged ngagem sinten kémawon, mboten gumantung asal-usul utawi pengalaman gesang ing mangsa kapengker ingkang mrihatosaken. Allah nimbali kita kanggé lelados lan dados berkah tumrap tiyang sanès, malah nalikanipun kita rumaos mboten pantes. Menawi kita nanggapi timbalanipun Gusti srana manah ingkang andhap-asor lan tanggon kados déné Yéfta, kita badhé manggihaken tujuan utawi enering gesang ingkang sejati lan kaagem dados pérangan rancanganing Allah ingkang Agung.

Cariyos bab Yéfta mugi ndadosaken kita saya ngraosaken sih-rahmatipun Gusti Allah. Panjenenganipun nitahaken kita sedaya saèstu prayogi. Sedaya saged nglampahi gesang kanthi tanggon.

7. KIDUNG PAMUJI

KPJ 196 :1,2,4 “KULA PÉNGIN LIR GUSTI”

Do=D 4/4

- 1) Kula péngin lir Gusti, sumlondhoh ing ati,
tandang tanduk lan tembung mraati ngresep.
Reff. : O, lah, kawula sèstu tan mèmper lan Gusti.
Kula mugi winulang, nulad maring Gusti.
- 2) Kula péngin lir Gusti, sumarah lan pasrah,
napa kang sunlampahi, nut karsaning Allah.
Reff. :
- 4) Kula péngin lir Gusti, tresna maring mengsah,
sanadyan dèn poyoki tan sakit ing manah.
Reff. :

8. PANDONGA SAFAAT LAN PANUTUP

- a. Nyuwun sihrahtipun Gusti supados kasagedaken dados brayat ingkang *proaktif* (langkung gregret).
- b. Ndongakaken saben brayat supados ngulinakaken gesang lan tuwuh srana adhedhasar Pangandikanipun Gusti.

9. KIDUNG PAMUJI

KPJ 430 :1,2 “DITUHU SALAMANYA!”

Do=A 4/4

- 1) Dituhu salamanya! Dituhu salamanya !
Nadyan susah lan sangsara, aja mundur ing pracaya !
Dyan anandhang ruhara, dituhu salamanya

Wulan Brayat 2024
Supados Panjenengan Sami Tresna-tinresnanana

- 2) Dituhu salamanya ! dituhu salamanya !
Kang nanggulang sapututé bakal olèh makuthané!
Trima baé rencana, di tuhu salamnya !

[YR-HW]



Wulan Brayat 2024
Supados Panjenengan Sami Tresna-tinresnanana

Bahan Pakempalan Pandonga Kaping-3

Pangajeng-ajeng

Waosan: Wahyu 21:1-8

1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI

KPJ 373:1-2 “APA KOWÉ BISA NGÉTUNG”

Do=F 3/4

- 1) Apa kowé bisa ngétung lintang kang nèng angkasa?
Mangkono uga mring mendhung dalah sakèhing mega?
Kabèh iku nut pangrèhé Pangéran kang nitahaké,
ora ana siji baé kang uwal king astané.
- 2) Apa kowé wruh cacahé lemud - lemud ing njaba?
Apa kowé wruh wernané iwak jroning sagara?
Kabèh iku saben dina dèn ingoni Hyang Makwasa;
ora ana siji baé kang kliwatan takeré.

3. PANDONGA PAMBUKA

4. KIDUNG PAMUJI

KPJ 315 :1-2 “BRAYAT KANG TENTREM GESANGNYA”

Do=C 4/4

- 1) Brayat kang tentrem gesangnya,
sumarah mring Pangéran;
santosa wah tetep panggah sajroning karibedan.

Reff. : Dhuh Gusti, mugi Paduka paringa
sih wilasa, darapon kula
kuwagang mudhi dhawuh Paduka.

2) Nadyan jagad peteng nghedhet, wah sepi ing katresnan,
nanging Gusti dadya dilah, tansah sung pitulungan

Reff. :

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Wahyu 21:1-8

6. RENUNGAN

“PANGAJENG-AJENG”

Gesang asring mboten gampang. Kathah pepalang lan prakawis ingkang kita adhepi, saé ing pakaryan, brayat, pasrawungan, sesambetan lss. Semanten ugi kathah kabetahan lan pepinganing jaman ingkang ugi asring meteg kita. Jagading *digital* lan *media sosial* (sarananing pasrawungan) mboten namung ngedahaken kita tansah ngetutaken lampahing éwah-éwahan lan nyawisaken *kuota internèt*, nanging ugi ngetutaken *trènd gaya hidup*. Punika ndadosaken kathah tiyang ngalami *strèss*. Remaja *strèss* menawi ingkang dipununggah mboten angsal tandha “*like*” utawi “*suka*”. Punapa malih menawi piyambakipun dipun-*bully* karana *unggahan* (kintunan seratan ugi katrangan dhateng jagading pangangen-angen) ipun. *Bullying* punika patrap *kakerasan* ingkang saèstu awrat kanggé kasanggi dening korban, karana punika naton salebeting dhiri pribadi. Tiyang saged rumaos nglokro karana tansah dipunwelèhaken ing jagad *maya*. Temahan wonten ugi tiyang ingkang nglalu, karana mboten kiyat nyanggi momotaning gesang ingkang saèstu awrat lan kiyat. Kadospundi kita ngadhepi sedaya prakawis punika, supados kita mboten kécalan pangajeng-ajeng lan

pepinginan tumindak nglalu? Wonten satunggal kuncinipun: Pangajeng-ajeng.

Ing kalanganipun tiyang Kristen asring kasebut kanthi istilah *èskatologi* ingkang asalipun saking tembung Yunani *èskhaton*, ingkang tegesipun piwulang bab prakawis-prakawis ingkang pungkasan. *Èskatologi* punika minangka pambudidayaning tiyang pitados ingkang kapenuhan pangajeng-ajeng Kristiani, ningali mangajeng minangka mangsa ngrampungaken ingkang sampurna lan paripurna saking mangsa sapunika. Ing jaman anyar ingkang badhé dhateng punika sedaya samukawis saé lan éndah, adil lan tentrem. Pramila samesthinipun pangajeng-ajeng bab pungkasaning jaman punika ndamel umat Kristiani sami bingah-bingah, kalebet salebeting ngadhepi prakawis-prakawis ing gesang punika, nggadahi krenteg kanggé nindakaken gesang ingkang leres ing ngarsanipun Gusti, sarta gesang caket kaliyan Gusti. Namung émanipun wonten kathah tiyang ingkang ajrih ngadhepi pungkasaning jaman punika.

Wahyu 21:1-8 ngendikakaken sesampunipun sedaya gegambaran ingkang nggegirisi sampun lumampah, jumedhul langit anyar lan bumi anyar, nggantos langit ingkang kapisan lan bumi ingkang kapisan ingkang sampun sirna, lajeng Yérusalèm ingkang anyar, tumurun saking swarga kadya pangantèn putri ingkang dipunpaèsi lumadi dhumateng kakungipun. Punika impènipun tiyang Yahudi: Yérusalèm ingkang sampun rusak badhé kagantos Yérusalèm ingkang anyar, ingkang linangkung kukuh, éndah lan bakuh. Punika pangajeng-ajeng ingkang mboten naté éwah-gingsir ing manahipun para tiyang Yahudi.

Lajeng tarubing Allah utawi tarub suci wonten ing tengahing manungsa. Werdinipun Allah dedalem wonten ing antaraning manungsa, nunggil sarta dados Allahipun. Pramila mboten wonten malih luh, pati, sedhih lan pasambat punapadéné kasisahan. Amargi samubarang ingkang lawas sampun dados kapengker, Allah ndadosaken samubarang anyar. Allah punika Alfa lan Oméga, Kang

Wiwitan lan Kang Pungkasan, maringaken toya pagesangan miwah maringaken kamenangan tumrap para tiyang pitados lan setya dhateng Panjenenganipun. Nanging para tiyang ingkang tumindak nistha badhé angsal paukuman.

Pitakènan ingkang wigatos kanggé panyuraos kita: punapa ing swarga mboten wonten malih ingkang nandhang *disabilitas*? Wonten ingkang nandhang *disabilitas* ingkang ngajeng-ajeng ing swarga mboten wonten malih ingkang nandhang *disabilitas*. Raganipun badhé kagantos raga anyar, inggih punika raga ingkang sampurna, nalika katangèkaken. Kosokwangsulipun, wonten ingkang nandhang *disabilitas* ingkang mbayangaken piyambakipun tetep nggadhahi raga kadya sapunika wontenipun. Nanging ingkang mesthi inggih punika: ing swarga sampun mboten wonten malih kasisahan lan luh, karana mboten wonten malih patrap nyakiti manah tumrap tiyang ingkang nandhang *disabilitas*. Mboten wonten malih patrap mbènten-mbèntenaken *disabilitas* ingkang njalari *diskriminasi*. Mboten wonten malih ingkang ngrèmèhaken *disabilitas*. Sedaya tiyang gesang sesarengan ing katentreman lan sih-katresnan. Punika pangajeng-ajeng bab jaman samangké (*èskatologis*), ingkang samesthinipun dados pamrayogi ing gesang sapunika. Pramila brayat lan pasamuwan ugi ndhèrèk mbudidaya kanggé mujudaken gesang sesarengan kaliyan ingkang nyandhang *disabilitas* salebeting sih-katresnan, panampèn lan kaurmatan. Brayat lan pasamuwan katimbangan kanggé mbekta pangajeng-ajeng tumrap ingkang nandhang *disabilitas* punapadéné ingkang mboten nandhang *disabilitas* ing pundi mboten wonten malih luh, pati, sedhih lan pasambat punapadéné kasisahan karana sikep lan prakawis ingkang mbédak-mbédakaken, nyingkiraken, saha tumindak *diskriminasi*.

7. KIDUNG PAMUJI

KPJ 195:1,2 “KULA DATAN BADHÉ NRIMAH”

Do=F 2/4

- 1) Kula datan badhé nrimah, datan badhé rila,
pepadhang saking Yéhuwah tinampik prajalma.
Tan badhé Sabdèng Allah pikekah kawula
sinrahken dhateng mengsah kang ambekdaksiya.
- 2) Sabdèng Allah gung piguna mring sepuh-anèma.
Kang ringkih sinantosaken, lesah kiniyatken.
Tyang kang wangkot ing manah nulya dados lembah;
samnya dadya sembada wit Sabdèng Kang Kwasa.

8. PANDONGA SAFAAT LAN PANUTUP

- a. Nyuwun sihrahmatipun Gusti supados kuwangang dados
brayat ingkang tinarbuka (*inklusif*), ingkang nampi
tiyang ingkang nandhang *disabilitas* saprayoginipun.
- b. Ndongakaken saben brayat supados nggadhahi
pangajeng-ajeng dhateng Gusti ing sedaya kawontenan.

9. KIDUNG PAMUJI

KPJ 320:1, 3 “KANG NUNTUN LAKU UTAMA”

Do=C 4/4

- 1) Kang nuntun laku utama, yéku sabdaning Allah.
Wulangna mring brayat ira, tan kendhat saben wayah.
Reff. Gya undhangna sabdèng Allah,
babaring sih rahmatnya,
mring saguning pra tumitah,
amrih tentrem raharja.
- 3) Brayat di tansah ngabekti, ndedonga lan memuji;
nampa sabda saka swarga, ngabdi kanthi sembada.
Reff....

[TKC-HW]



Wulan Brayat 2024
Supados Panjenengan Sami Tresna-tinresnanana

Bahan Pakempalan Pandonga Kaping-4

Nampèni

Matius 8:1-4

1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG

KPJ 78 IBA BEGJAKU

- 1) Iba begjaku lamun yakin,
Yésus duwèkku ing salamanya;
aku tebusan kagungannya,
anyar uripku krana rahé.
Ref: Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané salaminya.
Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané salaminya.
- 2) Lamun pasrahku trusing kalbu,
temah sampurna kabungahanku.
Pra malaékat asung puji,
samy ngundhangken sihé Gusti
Ref:

3. PANDONGA PAMBUKA

4. KIDUNG

KPJ 326 PUNIKA BRAYAT KULA

- 1) Punika brayat kula, brayat tentrem kang ngangeni.
Sinten dados tanggelan? Namung Pangéran pribadi.
Ref: Saiba prayoginya, lamun Gusti kang rumeksa,
temah tanpa rubéda, sagotrah manggih raharja.
- 2) Saiba éndahira, tyang sepuh dados tuladha,
saguning para putra, sami nulad pakartinya.
Ref: ...

5. PAMAOSING KITAB SUCI : Matéus 8:1-4

6. RENUNGAN

“Nampi lan Mulihaken”

Minangka makluk utawi titah sosial, manungsa nggadhahi kabetahan kanggé gesang sesarengan kaliyan tiyang sanès, nanging manungsa condhong sesrawungan kaliyan ingkang "sami" kémawon, dadosa kelompok ingkang sami, kekajengan ingkang sami, punapa kelompok kekancan ingkang sami. Temtu sesrawungan lan kekancan kaliyan tiyang ingkang "sami" badhé langkung ngremenaken lan mboten tuwuh kathah konflik lan raos mboten nyaman.

Gusti Yésus ing peladosanipun tansah sesarengan kaliyan para Muridipun. Panjenenganipun mesthi rumaos nyaman wonten ing sacelakipun tyang-tiyang ingkang caket kaliyan Panjenenganipun. Éwasemanten Gusti Yésus mboten namung tansah sesarengan kaliyan para murid. Ing saben dintenipun Gusti Yésus mider-mider lan manggihi tiyang-tiyang ingkang katampik déning tiyang sanès. Ing waosan kita wekdal punika, Gusti Yésus pinanggih kaliyan sawijining tiyang ingkang sakit kusta (budhugen). Tumrap jaman semanten tiyang ingkang sakit kusta kagandhèngaken sanget kaliyan pangipat-ipat lan dosa. Punapa tiyang-sepuhipun ingkang tumindak dosa temah anakipun kénging pangipat-ipat utawi dhirinipun piyambak

ingkang nindakaken kalepatan ing ngarsanipun Gusti Allah temah piyambakipun nanggung paukumanipun Gusti Allah. Tiyang ingkang kénging sesakit kusta kedah medal saking tembok kitha lan mboten pikantuk awor kaliyan tiyang umum awit kaangep sesakit kustanipun badhé ndadosaken tiyang-tiyang sakupengipun dados najis.

Sajakipun tiyang kusta punika sampun tepang kaliyan Gusti Yésus utawi saged ugi mirengaken bab Panjenenganipun lan pitados bilih Gusti Yésus saged mulihaken. Bab punika ketinggal nalika tiyang kusta punika sowan dhateng Gusti Yésus lajeng sujud nyembah Panjenenganipun lan matur: “Gusti, menawi Panjenengan kersa, inggih temtu saged nyarasaken kawula.” Panyuwunanipun tiyang kusta punika nélakaken kapitadosanipun bilih namung awit menawi Gusti Yésus kersa nyarasaken, mila piyambakipun badhé saras. Tanggapanipun Gusti Yesus ing bab panyuwunanipun tiyang kusta punika saé sanget. Patrap lan pangandikanipun Gusti Yésus ingkang kaparingaken inggih punika ndemèk tiyang wau lan ngendika “Aku kersa”.

Tumindakipun Gusti Yésus ndemèk lan paring wangsulan “Aku kersa” punika bukti anggènipun nampi lan mulihaken tiyang kusta punika. Lan sasampunipun kasarasakan, Gusti Yésus ngawisi tiyang wau nyariyosaken dhateng tiyang kathah, nanging malah kadhawuhan matur dhateng para imam supados gesangipun kapulihaken lan saged wangsul ing satengahing masyarakat.

Pepanggihan kaliyan tiyang ingkang nandhang dhisabilitas kadhang kala nuwuhaken pitakénan “kena apa” awit secara kasat mripat tiyang ingkang nandhang dhisabilitas “mboten sami” utawi “béda” lan asring kita nganggep medal saking *normalitas*. Kamangka tiyang ingkang nandhang dhisabilitas punika titahipun Gusti Allah wujud ing wohing katresnanipun. Para tiyang ingkang nandhang dhisabilitas punika titahipun Gusti ingkang katitahaken manut ing kersanipun. Bab punika nélakaken bilih tiyang ingkang nandhang dhisabilitas sejatosipun sami

kalian kita sedaya, sami-sami nampi katresnan lan sih-rahmatipun Gusti Allah.

Tumindakipun Gusti Yésus ingkang nampi sok sintena lan miwiti prosès pamulihan kedahipun ugi kelampahan lantaran brayat kita. Panampinipun Gusti Yésus punika ngènetaken bilih kita ugi katampi déning Gusti Yésus kados punapaa kawontenan kita, pramila nampi sesami kalian keunikanipun punika timbalanipun saben tiyang ingkang sampun langkung rumiyin nampi sihipun Gusti. Lantaran panampi kita, prosès pamulihan maujud, temah saben tiyang nggadhahi kalodhangan ingkang sami kanggé ngalami sihipun Gusti Allah lantaran sesaminipun.

7. KIDUNG

“ROTI DAN MENTEGA”

(https://www.youtube.com/watch?v=bkj_PI3UbwA)

Kau temanku, ku temanmu
Kita selalu bersama
Seperti mentega dengan roti
 Kau temanku, ku temanmu
 Kita selalu bersama
 Seperti celana dengan baju
Ku kan ‘slalu mendukungmu
Mendorongmu terus maju
Dan bila kau jatuh
Ku kan ‘slalu menopangmu dalam Tuhan
 Kau temanku, ku temanmu
 Kita selalu bersama
 Seperti mentega dengan roti
 Seperti celana dengan baju

8. PANDONGA SAFAAT LAN PANUTUP

- a. Nyuwun sih-rahmatipun Gusti supados kasagedaken dados brayat ingkang tansah nampi sinten kémawon kanthi kebak ing sihipun Gusti.

- b. Ndongakaken saben pasamuwan amrih mbuka dhiri tumrap tiyang ingkang nandhang dhisabilitas.

9. KIDUNG

KPJ 431 GUSTI ADHAWUH

- 1) Gusti adhawuh yèn kita sami
kinèn kadya lilin kang amadhangi,
supaya saben wng padhang ing ati,
wah angluhuraké Hyang Masuci.
- 3) Ing jagad kéné peteng wurahan,
kebak ing dosa miwah kasusahan.
Mula payo padha nyunarké cahya
Injil peparingé Gusti kula.

[EVA-WMS]

Wulan Brayat 2024
Supados Panjenengan Sami Tresna-tinresnanana

Bahan Pakempalan Pandonga Kaping-5

NGGADHAHI MAKNA

Waosan: 1 Korinta/Korintus 12: 22-23

WEKDAL ENING

1. KIDUNG

KPJ 442:1 KULA KEPARENGNA CAKET GUSTI

- 1) Kula kaparengna caket Gusti
mrih tentrem ing driya siyang ratri.
Kasetyan Paduka nganthi slaminya,
tansah ambabarna kamulyan swarga.

2. PANDONGA PAMBUKA

3. KIDUNG

KPJ 442:2 KULA KEPARENGNA CAKET GUSTI

- 2) Nadyan kaoncatan ing pepadhang,
awit ngraosaken gung panandhang,
sèstu tansah panggah nggèn kula gondhèlan,
lamun Gusti nganthi, sung pitulungan.

4. PAMAOSING KITAB SUCI : 1 Korinta 12: 22-23

5. RENUNGAN

Wonten cariyos narik kawigatosan ingkang badhé kula dumaken. Cariyos kapisan ingggih punika lelampahan mboten nyata (*fiktif*) ingkang naté kula pireng. Kacriyos

nalika mangsa perang dunia II, saben organ raganing manungsa saged micara. Ing satunggaling wekdal wonten tentara Jepang mlebet ing satunggalig guwa saprelu mumpet/ndhelik. Sasampunipun sedinten wetah, si mripating prajurit kasebut ngucap dhateng si suku,” *Ayo mlakua! Kita kudu golèk woh-wohan ning jaba, mengko taktuntun!*” Si suku lajeng mlampah medal saking guwa. Nalika ningali woh jambu, si suku ngucap dhateng pun tangan, *”Saiki kowé sing methik!”* Si tangan nuli methik woh jambu wau lan masrahaken dhateng si tutuk. *Nyam...nyam...nyam...*

Éwasemanten lajeng sami nglirik si padharan. Kekalihipun sami mèri awit si padharan ketingal mboten cawé-cawé babar pisan. Lajeng sami sarujuk mboten sami nedha kalih dinten. Sami remen nalika sumerep si padharan mlilit keluwén. Nanging setunggal mbaka setunggal sami wiwit pucet lan lemes. Si ilat ngucap bilih menawi setunggal lemes sedaya badhé tumut lemes. Si padharan ugi gadhah ayahan inggih punika nggiles tetedhan! Piyambakipun gadhah makna!

Cariyos kasebut mitulungi kita kanggé ngaosi lan ngurmati saben warganing pasamuwan kados ingkang katandhesaken déning rasul Paulus, kalebet ingkang asring karémèhaken/kaanggep asor. Punapa ingkang asring kaanggep ringkih malah paling dipun betahaken (ay. 22). Kados-déné si padharan ing cariyos ing nginggil ingkang malah kabetahaken sanget kanggé métabolisme raga kita! Padharan wonten maknanipun tumrap raga!

Kados pundi para panandhang dhisabilitas? Sedhérék-sedhérék punika asring kawawas ringkih. Nanging kados ingkang katandhesaken déning rasul Paulus, sedhérék-sedhérék punika prelu kita urmati, lan kita gatosaken secara mligi (ay. 23). Sedhérék-sedhérék punika nggadahi martabat ingkang sami kaliyan warganing pasamuwan sanèsipun. Malah menawi kita ningali cariyos ing ngandhap punika, gesang lan pakaryanipun sedhérék-sedhérék punika ugi nggadahi makna tumrap patunggilan!

Cariyos ingkang kaping kalih punika asipat *informatif*, wohing wawan-rembag kaliyan sawetawis mitra ing YPD Rawinala ing Jakarta.⁶ Ing wiwitaning adegipun, sedyanipun mbereg pasamuwan-pasamuwan lan kathah péhak sanès kejawi kanggé suka bebanton ingkang asipat *charity*, minangka wujuding kapredulèn dhateng para laré ingkang nandhang dhisabilitas. Para laré punika pantes dipun aosi lan gesangipun sami maknanipun kaliyan gesangipun para laré sanèsipun!

Ing lampahing bebadan punika salejengipun, pranyata para laré punika nggadhahi talenta-talenta tartemtu ingkang saged dipun mekaraken (*dikembangkan*). Wonten ingkang saged ngungelaken pirantos musik, menyanyi, damel karya seni lss. Wekasanipun madeg grup band para laré Rawinala ingkang sampun makaping-kaping misungsungaken pepujèn ing sawetawis pasamuwan lan bebadan (*lembaga*)! Saking *charity*, ngajeng-ajeng sih-piwelas, mekar dados *charismata*, pisungsunging peparing-peparing (*karunia-karunia*)! Inggih, laré-laré punika tansah wonten maknanipun!

6. KIIDUNG

KPJ 92 SÈSTU AGUNG SIHÉ GUSTI

- 1) Sèstu agung sihé Gusti mring titah sabumi.
Milujengaken tyang dosa mrih manggih raharja.
- 2) Sih-rahmat sihé Pangéran mring tyang kang pracaya,
sèstu punika ganjaran dahat angungira.

7. PANDONGA SAFAAT LAN PANUTUP

⁶ YPD punika cekakan saking Yayasan Pendidikan Dwituna. Istilah ingkang kaginakaken ing wekdal samangké sanès ‘*dwituna*’ malih ananging ‘*disabilitas ganda*’.

- a. Nyuwun amrih saben waganing brayat lan saben warganing pasamuwan sami-déné anggènipun ngaosi lan ngormati
- b. Nyuwun amrih ingkang sami nandhang dhisabilitas lan brayatipun kaparingan kawicaksanan kanggè ngegesang makna anggènipun wonten ing satengahing patunggilan
- c. Nyuwun amrih brayat-brayat saged dados mitra tumrap para sedhèrèk ingkang nandhang disabilitas lan brayatipun.

8. KIDUNG

“BAPA T’RIMA KASIH”

Bapa, t’rima kasih, Bapa t’rima kasih
Bapa di dalam surga, puji t’rima kasih. Amin.

“GUSTI MATUR NUWUN”

Gusti matur nuwun, Gusti matur nuwun
Gusti kang lenggah ing swarga, kawula matur nuwun.

[OHPN-WMS]

Bahan Pakempalan Pandonga Kaping-6

Tuwuh ing salebeting Katresnan

Waosan: Éfesus 4:16

1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PEPUJÈN

KPJ 9 HÉ, SARUPANING PRA UMAT

- 1) Hé, sarupaning pra umat, padha mujia mring Allah.
Hé, sakèhing para bangsa, asamané padha luhurna.
- 2) Wit sih-kadarmané Allah, luwih gedhé tumrap kita,
langeng kasetyané Allah, mila pinuji-pujia.

3. PANDONGA PAMBUKA

4. KIDUNG PEPUJÈN

KPJ 192:1 ISINING KABAR KABINGAHAN

Isining kabar kabingahan winangsitken déning Pangéran,
dadya srana paring piwulang margining kautaman.

Refrein: Dimèn tyang pitados tansah arumantos
mbangun turut Gusti, nresnani sesami.

5. PAMAOSING KITAB SUCI

Efesus 4:16, “Iya saka Panjenengané iku sarirané sakojur –
kang tumata runtut lan kaiket dadi siji awit saka makartiné
kabèh pérangané, cundhuk karo murwaté pakaryané saben

pérangan iku – anggoné tumuwuh mbangun dhiri, sajroning katresnan”.

6. RENUNGAN

“Tuwuh ing salebeting Katresnan”

Kelly nyawang ing sanjawining jendhéla, salju tansah dhawah akhir-akhir punika. Kelly mligèkaken wekdal nyawang langkung dangu taman alit ing sangajeng griyanipun. Sawijining wit anjir (*pohon ara*), ingkang awoh sawetawis wulan kepengker, sapunika ugi ketutup salju. Malah sadèrèngipun salju dhawah, ron-ron wit anjir punika sampun ngrumiyini gogrog. Ing wit anjir punika mboten wonten ingkang istimewa malih, namung kantun wit lan pang-pang garing ingkang dipun kemuli salju. Wulan mbaka wulan mengker, Kelly sadinten-dinten kèrem ing anggènipun tumandang damel (*kesibukan*). Mangsa semi dhateng. Énjing punika, piyambakipun kèndel sekedhap ing sisihipun wit anjir gadhahanipun, saprelu nangsulaken tangsuling sepatunipun ingkang lepas. Sekedhap wonten ing ngriku piyambakipun saged ningali wit punika. Wit ingkang tansah dipun langkungi saben-saben késah nilar griya lan wangsul dhateng griya, nanging mboten naté nggatosaken kanthi saèstu. Énjing punika, Kelly nembé mangertos bilih wit anjir punika wonten ronipun lan sekaripun. Wit ingkang sami, ingkang ketingal sampun pejah sawetawis wulan kepengker, pucuk-pucuk pangipun nuwuhaken gesang. wonten pangajeng-ajeng malih, mboten dangu malih piyambakipun badhé manggihaken woh anjir, persis ing pundi sekar-sekaripun sami tuwuh.

Para sedhèrèk, cariyos punika ngèngetaken kita bilih ingkang ketingal garing, malah pejah, mboten tansah mujudaken akhir satunggaling perjuwangan. Kados wit anjir punika, saged ugi kita naté wonten ing titik jendheling gesang (*titik beku kehidupan*), nalika sedaya usada mboten wonten asilipun, njendhel. Kita naté nglokro, putus asa,

utawi kepéngin nyerah, awit mboten manggih kondhisi ingkang langkung saé ing sawingkinging perjuwangan kita. Kita mikir, inggih punika akhiring perjuwangan kita: perjuwangan kanggé sawijining rélasi, perjuwangan kanggé keséhatan, perjuwangan ing bab finansial, utawi sanèsipun. Kita sampun mbudi daya, lan kita kesel. Samangké kawontenan ngyakiniaken kita bilih punika margi buntu lan mboten wonten kekiyatan kita kanggé miwiti awal ingkang énggal.

Punapa panjenengan naté ngraosaken kawontenan kados mekaten? Momotaning pikiran ingkang awrat sanget, ing wekdal ingkang cekap dangu, punapa-malih menawi ugi kakanthènan sayahing raga lan kirangipun panyengkuyung saking sesami, asring damel kita ringkih. Pangajeng-ajeng kita kados-déné pejah. Nanging èngeta cariyos wit anjir wau. Pranyata ingkang ketinggal kados sampun pejah, mboten tansah dados akhiring perjuwangan ingkang nembé katindakaken. Bedhamia kaliyan kondhisi ingkang nembé kelampahan, nanging sampun kèndel tuwuh ing salebeting katresnanipun Gusti. Mboten dados punapa kécalan ronron, dipun slimuti salju, lan kaanggep mboten istimewa malih. Ugi mboten dados punapa nalika ketinggal kados wit ingkang sampun mboten nggadahi pengajeng-ajeng kanggé gesang, punapa-malih awoh. Mboten dados punapa menawi ing wekdal tertamtu kita rumaos sayah, ringkih/lemes, mboten saged berjuwang. Mboten dados punapa menawi kita mbetahaken wekdal ingkang dangu kanggé ngedalaken woh malih. Setunggal bab ingkang kita tingali ing cariyos wit anjir wau inggih punika bilih sajatosipun anggènipun tuwuh mboten kèndel, senadyanta saking njawi ketinggal pejah. Wit punika taksih tuwuh – samboten-mbotenipun tuwuh ing nglebet, kanthi tansah panggah gesang ing satengahing kawontenan ingkang njendhel (*kebekuan*).

Ngrenungkaken bab punapa ingkang tuwuh, mboten namung punapa ingkang ketinggal saking njawi: ilmu

ingkang sangsaya kathah, prèstasi ingkang damel mongkog, barang darbé ingkang tambah, saras saking sakit, lss. Punapa ingkang tuwuh ugi gegayutan kaliyan bab nata batin, bedhami kaliyan kawontenan, nentremaken manah amrih dados tambah *peka* (gampil ngraosaken) ningali caranipun Gusti makarya ing salebeting sepi, lan sapiturutipun. Sabdanipun Gusti dinten punika ngènetaken kita kalih bab:

- 1) Kita (sedaya umatipun) nampi anggèn kita tuwuh
Punika ugi kelampahan tumrap tiyang ingkang nandhang dhisabilitias *fisik, méntal, intelèktual, sènsori*, punapa-déné dhisabilitas gandha/multi, sebab rak kita sedaya sami aosipun ing ngarsanipun Gusti? Gusti maringi kita sedaya saged tuwuh, kanthi sawernining cara. Wonten ingkang cepet, wonten ingkang rendhet, nanging sami éndahipun. Wonten ingkang gampil ketingal asiling anggènipun tuwuh, wonten ingkang mboten ketingal tuwuh saking njawi senadyan sajatosipun pérangan nglebet tansah tuwuh (*pertumbuhan ke dalam*), lan kekalihipun (tuwuh ing nglebet lan njawi) sami éndahipun. Mila nalika kita rumaos gesang punika saé-saé kémawon, malah damel monggkog, sampun gumunggung. Awit sedaya punika saking Gusti. Kosok-wangsulipun, nalika kita rumaos gagal utawi mboten saged nindakaken satunggal prekawis, sampun ngantos kécalan pangajeng-ajeng, awit Gusti ingkang kuwawi nuwuhaken gesang ing wit anjir ingkang ketingal garing punika ugi kuwawi nuwuhwaken gesang kita ingkang ketingal sampun tanpa daya. Anggèn kita tuwuh saking nglebet, tumrap iman lan karakter kita, badhé maujud ing salebeting kekiyatan ingkang tansah énggal amrih saged tanggon ing satengahing kawontenan kita ingkang njendhel (*kebekuan situasi*) – lan ing titi wancinipun mangké ngedalaken woh.

- 2) Gusti nyagedaken kita mbangun ing salebeting katresnan.

Nempèna saben tiyang ing sakiwa tengen kita, dadosa tiyang-tiyang kanthi dhisabilitas punapa kémawon, punapa-déné tiyang-tiyang tanpa dhisabilitas ingkang nembé berjuwang ing salebeting kasayahan, raos nglokro (*keputusasaan*), punapa pepénginan kanggé nyerah. Tresnanana tiyang-tiyang punika, awit ugi sami aosipun ing paningalipun Gusti Allah. Tiyang-tiyang punika kapitulungana, menawi merlokaken pitulungan ingkang mligi, ingkang mirunggan. Kita kancani lan nyambut damel sesarengan kaliyan tiyang-tiyang punika, kanggé mitulungi tiyang-tiyang wau amrih pangajeng-ajengipun tuwuh malih. Para laré ingkang mbetahaken panyengkuyung semangatipun kanggé sinau, tiyang-sepuh ingkang nembé berjuwang kanthi kondhisi keséhatan fisik punapa-déné méntal ingkang ngalami kamunduran, sedhèrèk ingkang nembé kesayahan berjuwang kanggé pulih saking kondhisi finansial awit akibat pandemi COVID-19, kanca ingkang dèrèng saged mbuka dhiri malih ing kegiatan ing gréja sasampunipun ngalami kasisahan, kanca peladosan ingkang nembé berjuwang nampèni kondhisi dhisabilitas ingkang kados-kados kedadosanipun dumadakan, lss.

Para sedhèrèk, mangga kita nglantih mboten matesi maknaning anggènipun tuwuh namung kanthi sedaya ingkang kasat mripat ingkang ketingalipun saya wewah (lan ing wekdal ingkang kapétang cepet). Karaosna lan caosa sokur awit cara-cara ingkang kaagem déning Gusti nuwuhaken sedaya ingkang saé ing dhiri lan gesang kita, lajeng ngancani sedhèrèk kita minangka sesami kanggé sami-déné nuwuhaken, sami-déné mbangun ing salebeting katresnan. Ngaosi pakaryanipun, ngaruhaken kanthi tulus,

nyemangati, ngapunteni, nyambut damel sesarengan, sedaya saged kita tuwuhaken ing salebeting katresnan, kanggé sangsaya ngraketaken tangsuling pasedhèrèkan kita. Ènget, bilih Gusti nimbali kita mboten namung kanggé tuwuh minangka pribadi, nanging kanggé tuwuh sesarengan. Gusti mberkahi kita.

7. KIDUNG

KPJ 140:1+3 SIHÉ ALLAH GUNG SANYATA

- 1) Sihé Allah gung sanyata mring kawula tyang dosa; sing bangsa sanès umatnya ingangkat dados putra, tinebus Sang Kristus Gusti, gesang énggal sayekti. Nindakna pakarti luhur, yéku tandhaning sokur.
- 3) Sihing Allah èstu adya, nentremken tyang pracaya, pinurih dadya rowangnya, mbabar kratoning swarga. Awit katresnaning Allah, karaharjan sumrambah. Asmanipun kaluhurna, samangkya lan slaminya.

8. PANDONGA SAFAAT LAN PANUTUP

- a. Nyuwun pitulunganipun Gusti tumrap saben warganing brayat amrih saben warganig brayat kasagedaken tuwuh wonten ing salebeting katresnan ingkang wetah, purun sami-déné anggènipun nampi lan ngaosi.
- b. Nyuwun kekiyatan saking Gusti kanggé saben warganing brayat amrih saged sami-déné anggènipun nyengkuyung wonten ing salebeting perang batos (*pergumulan*) ingkang wonten ing brayat.
- c. Ndongakaken sawetawis perang batos ingkang mligi (*khusus*) ingkang nembé dipun adhepi ing satengahing brayat.

9. KIDUNG

KPJ 158 DITANSAH PADHA BUNGAH

- 1) Ditansah padha bungaha nampèni kabegjan swarga,
karana kita wong dosa ingentas saking antaka.
Ref: Tansah bungah ing patunggilaning Gusti,
Tansah bungah, wit sinung gesang sejati.
- 2) Tansah ulah kabecikan, dhemen awèh pitulungan,
yéku pratandhaning sokur mring sihing Allah Maluhur
Ref: ...

[HAS-WMS]

Wulan Brayat 2024
Supados Panjenengan Sami Tresna-tinresnanana